


*ХIокху Дуьненахь адамийн тобанан, кхетамца, цхьана маттаца, дуьнене хьежамашца кхиьначу халкъан я къоман шена юкъахь цIе йоккхуш къаставой, оцу къоман дика-вон шен сица кхобуш, дагца къуьйлуш, эхь-бехкан, доьналлин, собаран а ма-сал хуьлий лаьтташ стаг-кьонах хуьлу. И стаг-къонах, ше-гахь къоман эс лардийриг, эхь-бехкан хехо, замано ха харцарх шен юьхьан чкьор, амал, дог-ойла ца хуьйцуш лаьтта, наж-дитт санна лаьмнашкахь, мацах-цкъа дайша йоьгIна бIов сан-на. Цуьнан дахаран некъех а, цуьнан Дашах а хан-зама яларца къилба хуьлу, адамаллин, къинхетаман, доттагIаллин, сто-галлин, собаран гечонах тиллачунна нисвала гIо деш. Массо а къаьмнийн бу яздархой-хьехамчаш, къонахий, къаной, дешан охIланаш, са цIена нах. Церан ницкъ кхочу шен къоман лаза-мах кхечу къаьмнийн дог лазийта, диканах кхин къаьмнаш даккхийдейта. Цара шаьш бинчу кхолларалин балхаца, къа-хьегарца, хьанал хиларца бакъо йоккху бакъдерг ала, мел къаь-хьа иза делахь а. Иштталарех ву Нохчийн Халкъан яздархо*

*Айдамиров Абузар.*

*А. Айдамировга кхаьчнарг кхаж баьлла кхаьчна таж, дарж дац, ткъа къоман кхолламах бакъдерг: «Маршонан кIентий», «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц», «Лаьмнийн некъашкахула», «КIант веллачу дийнахь», «Кхолламан цхьа де»... романаш, повесташ, дийцарш яздарна, дуьненахь ша мел дукха вахарх дIасатаIа йиш йоцу жоьпалла ду.*

*И жоьпаллин деза къонахчун таж корта айббина лело хье-къал, кхетам, собар ду цуьнгахь. Цундела оьху тайп-тайпана говзаллаш, корматаллаш, амалш йолу адамаш цуьнах дагадов-ла, цуьнга шайн лазамаш бийца, цуьнан кхетамечу, хьекъале-чу даше ладогIа. Дуккха а хаттаршна жоьпаш карор ду хIара книга ешначунна. Цундела, хазахетарца зорбане а кеч-бина, оха шун беша аьтто хуьлуьйту А. Айдамировн «Вайн амалш...» — нравственно-философски болх.*

*Сумбулатов Дени*



www.zhaina.com

***Нохчийн къоман XXI-чу бІешарахь тІейогІучу тІаъхъенна***

# 1

Стаг цомгаш хилча, цкъа хьалха цуьнан цамгар а къастайой, оцу цамгаран бахьанаш а карадой, тӀаккха цунна дарбанаш ле-ладо лоьраша.

ХӀокху тӀаьххьарчу шерашкахь нохчийн къомана тӀехӀиттинчу бохамаша дуккха а ойланаш йойту нахе. Оцу бо-хамийн хьостанаш, бахьанаш, бехкенаш лоьху. Бехке до оьрсийн паччахьийн, коммунистийн а Ӏедалш. ХӀаъ, хӀокху тӀаьххьарчу кхаа бӀе шарахь нохчийн къомана хиллачу бохамашна бехке ду иза а, важа а. Амма цаьрга и бохамаш шена байта шегара дук-кха а бахьанаш, гӀалаташ дийлийтина нохчийн къомо, оцу боха-мех лардала хьекъал, кхетам а цатоарна.

Керлачу бохамех, шен гӀалатех нохчийн къам лардалийта Ӏалашо йолуш язйи ас сайн исторически произведенеш: «Еха буьйсанаш«, «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц», «Кхолламан цхьаде», «Калугера йийсар», «Хронология истории Чечено-Ингушетии», газеташна тӀехь зорба тоьхна цхьамогӀа публицистически ста-тьяш — «Къоман яхь» /*«Ленинан некъ», 6 сентябрь 1989 шо, №107/, «Люди, судьбы, нравы» /«Грозненский рабочий»,10 де-кабря 1989г., №283/, «Халкъан доьналлин хьоста»/ «Ленинан некъ», 11 апрелъ 1990 шо, № 44/, «Связь времен»/ «Комсомолъ-ское племя», 26 июля, 2, 9 августа 1990 г. №30,31,32/, «Сихал-ла — бохаман накъост»/ «Даймохк», 26 февраль 1992 шо, №39/, «Мехк-Кхиэл»/ «Даймохк», 24 апрелъ 1992 шо, №81, «Разум. должен восторжествоватъ»/ «Голос Чеченской Республики», 31 декабря 1992 г., № 233, 12,13,15 января 1993 г., №1, 2, 3/, «Со дуъхъал ву нохчий тайпанашка бекъарна» /«Даймохк», 16 октябрь 1993 шо, №70/, «Я вижу очищение людей толъко в религии» /«Зори ислама», май 1994 г. №2/* и. дӀ. кх. а.

Олуш ду: «ДӀадаханарг ца хиъча, таханлерниг а, кхана-лерниг а кхолла, диканиг лардан, гӀалатех лардала ца хаьа адамашна». Вайна вешан къоман истори кӀорггера ца хаьа, ве-шан къоман дуккха а дика, оьзда гӀиллакхаш дицдина вай, ваьш мосазза а дийлийтина гӀалаташ юха-юха а дуьйлуьйту вай. ХӀокху тӀаьххьарчу масех бӀе шарахь нохчийн къоман барт хила ца буьтуш, цунна керла-керла бохамаш бохьуш цхьа вон, зуламе амалш ю вайн. Оцу амалийн бахьанаш дохКу вайн къам мелла а кхечу къаьмнел кхетамна тӀаьхьадисина хиларх. Ас ишта аьлча, ма-моьттийла, вайн къам хьекъал доцуш, сонта ду, боху. Нохчийн къам хьекъале хиларан тоьшалла ду цунах дуьненна а бевзаш Ӏилманчаш, политикаш, пачхьалкхан, тӀеман, культуран деятельш бовлар.

Хьекъална а, кхетамва а юккъехь йоккха башхалла ю. КӀорггера хьекъал а долуш, амма кхетам лахара болуш нах нис-ло, оцу шайн хьекъалх пайда а оьцуш, уьш Ӏилманан некъашца дуьне а, дахар а довза цагӀортарна. Масала, стаг мел хьекъале хиларх цунна бусалба динан кӀоргенаш евзар яц, нагахь цо Ӏаьрбийн йоза-дешар, мотт а Ӏамийна, тӀаккха КъорӀан, жайнаш а ца дешча. Лор, инженер, архитектор, политикан, пачхьалкхан, тӀеман деятель хир вац стагах, нагахь цо оцу а, кхечу а говзал-лин Ӏилма ца Ӏамийча.

Вайн къам кхетамна тӀаьхьадисаран цхьадолу бахьанаш цу-нах шех дозуш ца кхолладелла. Уьш кхоьллина паччахьан Ӏедало а, советски-коммунистически Ӏедалан харцонаша а, иза кхойтта ша-рахь махках даьккхина лелоро а. Уьш дерриг а дийца гӀиртина со лакхахь ас йийцинчу сайн исторически произведенешкахь а, публицистически статьяшкахь а.

Амма вешан бохамашна бахьанаш вай ваьшша кхуллу, цхьа-болу бохамаш вайн вешан бехкенна а хуьлу. Я нийсса аьлча, ваьшна и бохамаш хилийта вай дуккха а бахьанаш леладо, гӀалаташ дуьйлуьйту. Шена кхетта цамгар нахана хиъча эхь ду моьттуш, иза къайлаяккха гӀерташ, лоьрашна тӀе ца воьдуш, дар-банаш ца лелош кӀелбуьсуш а, леш а нах хуьлу. Амма, стаг шен цамгар мел лечкъо гӀертарх а, нахана хаьа, иза цомгаш вуйла. Иштта чу цомгашчу стагах тера ду нохчийн къам а. Вайна ца лаьа вешан сакхташ, гӀалаташ, къинош дийца, царах



www.zhaina.com

дІакъаста, цІандала гІорта.

Даима вешан шеконе майралла а, оьздангалла а, доьналла *а.* дуьйцуш, амма вешан сакхташ, сиркхонаш, къинош а, гІалаташ а дІалечкъош, царех цІандала а ца гІерташ Іийча вай имане догІур дац, вайн къоман барт хир бац, вайн махкахь иман-беркат а хир дац, кхечу къаьмнашна хьалха вайн сий а хир дац.

Шен гІалаташ дийца хала ду, амма ца дийцича ца довлу. Царех лаьцна хир ду хІара къамел. Хьалхе ала лаьа, хІокху къамелехь со нийса воцуш, гІалат вуьйлуш меттигаш а хир ю* Амма шеко йоцуш цхьаннах тешалаш: хІокху къамелан хІора дош вайн къоме болчу сан даггара цІеначу безамо а, цунах дог; лазаро а кхоьллина хиларх.

## 2

ТІамехь цкъа а тоьлларг ца хилла. Муьлхха а тІом шина а агІорнаш оьшуш чекхболу. ХІунда аьлча, оцу тІамо шина а агІорхьара адамаш дойу, эзарнаш шерашкахь къомо кхоьлли-нарг хІаллакдо.

Миллионаш адамаш дойу, заьІап до. КІентий бойъий, къена дай-наной верас воцуш, дай бойъий, кегийн бераш байлахь дуьту. Ярташ, гІаланаш йохайой, ягайой, адамаш эрна арахь дуьту. Уьш гуш дерш ду. Хенан йохалла бахамаш, ярташ, гІаланаш меттахІуьтту, кІентий белла бисина къена дай-наной дуьненара дІакхелха, байлахь дисина кегий бераш а кхуьу, адамийн дег-нашна тІера чевнаш а йоьрзу.

Амма тІамо адамашна кхин зулам до, бІешеран дохалла юкъа-ра дІа ца долуш: цо адамийн синкхетам, оьздангалла, къинхетам, иэс, Делах тешар, кхерар а доь, къизалла, ямартло, харцонаш кхул-лу. ХІетталц, зингат хьаьшна цуьнан са даккха а кхийрина стаг, тІамехь адамаш дайа Іема. Дуьххьара ша стаг вийча холча хІуттий набарза буьйсанаш йойу цо, тІаккха шиъ-кхоъ, масех вийча оцу къизаллех, акхараллех вулу иза, цунна дош ца хета адам дер. ТІамо адамашка мацалла хІоттайо, ша а, шен доьзал а мацалла ца балийта, хІеттадц нехан хІуманна тІе куьг ца кхов-дийна стаг къолана, талораш дан волало. Аьшпаш ботта, ямарт-лонаш, харцонаш лело Іема.

Къоме беанчу бохамо зоь хІора адам а, дийнна халкъ а. Цхьа-на агІор къонахий, турпалхой гучубоху цо. Вукха агІор — шир-делла дохийначу цІийнан херцорашна юкъара гучудуьйлу боь-ханигаш, дехкий, шереш, кхийолу зене-зуламе боьха сагалматаш санна, хІетталц тийна-таьІна Іийна ямарт, стешха, сутара, къиза, оьзда доцу адамаш а гучудуьйлу. Къоме беанчу бохамах пайда а оьцуш, цара муьлххачу а хьарамчу некъашца шайна хьал ІаІадо. Церан дог ца лозу шайн къомах, иза сийначу цІарах дагарх а шек ца бовлу.

## 3

XVIII-чу бІешарахь, шарера пхеа шаре болуш, юкъа-юкъа, ткъа XIX-чу бІешарахь, 1816 шарера 1861 шаре кхаччалц хаддаза тІом лаьттина Нохчийчохь.

ТІаккха, 1865, 1877-чуйшерашкахьпаччахьанІедалнадуьхьал гІаттамаш хилла кхузахь. Цул тІаьхьа къаьст-къаьстинчу наха а, кІеззигчу тобанаша а герзаца дуьхьалонаш йина паччахьан Іедална. Кхеташ ду, оцу иттаннаш шерашкахь, нийсса аьлча -шина бІе шарахь нохчийн берийн деша аьтто цахилар. Даима а тІом, дойу адамаш, яго ярташ, мацалла, цамгарш, кхин а бІеннаш халонаш. Пхийтта шо кхаьчна божабераш герз карахь тІаме хІуьттура. Цхьа гуттара а деша луу кІеззиг кегийрхой кхузарчу юьхьанцарчу хьуьжаршкахь дешна бевлча, кхин дІа шайн хаарш лакхадаха ДегІастана деша боьлхура. Цундела, бац ала мегар долуш, кІезиг бара Іеламнах. XVII — XIX-чуй бІешерашкахь дегІастанхойн Іеламнах, математикаш, философаш, астрономаш а хилла генна ДегІастанан махкал арахьа а гІарабевлла бевзаш — Молла Мохьмад Голодинский, Дамадан Мугинский, Дауд Уси-шинский, Мохьмад Кудутлинский, Гасан Кудулинский, ИбрахІим Гитадлинский, Гасан Алкадари, Саид Кочхюрский, Мохьумад ЯрагІский, Джамалуддин Казикумухский, Іабдурахьман Акушин-ский, Саид Аксайский, Саид Арканский, и. дІ. кх. а. Петер-бургерчу университетехь хьехархой бара Казим-Бек, Іабдулла Омаров.



www.zhaina.com

Оцу цIераш яьхначу а, кхечу дуккха а дегIастанхойн Iеламнехан маттахь бусалба динах а, дуьненан Iилманах а язби-• на дуккха а белхаш ларбелла таханналц. ДегIастанарчу Iеламнаха масех бIе шо чулоцуш шайн яртийн, тайпанийн, тукхамийн а истореш язйина, тIаьхьа тIекхуьучара тIе а юзуш. Тахана а дика бевзаш бу XIX бIешарахьлера дегIастанхойн историкаш: Мохьу-мад Тахир аль-Карахи, Гаджи-Али Согратлинский, поэт Мохьу-мад-Бег Гергебильский кхин берш а. КIезиг бацара цигахь Iаьрбийн, туркойн, гIажарийн меттанаш кIорггера хууш Iеламнах. Ялх томехь туркойн истори дуьххьара язйинарг суьйли ву.

Лакхахь цIераш яьхначу дегIастанхойн Iеламнахаца вагар-ван, суна хууш, IПелара Соип-Молла хилла Нохчийчохь. Кхин а хилла хила а тарло, суна ца хууш, амма Соип-Молла воцчун цхьа-на а нохчийн Iеламнехан яздина жайна ца дисина. Ткъе итт шо хьалха суна хезнера, Ленинградерчу цхьана архивехь, Соип-Мол-лин куьйга язбина ши том философин болх бу, бохуш. ХIеттахь вайн Iилманчашка иза дийцира ас, амма цхьаммо а иза лехначух тера дац.

ХУШ-XIX-чуй бIешерашкахь нохчийн Iеламнах, Iилманчаш а ца-хиларан бахьана, нохчийн къам кхетамна тIаьхьадисина ба-хьана а даима Нохчийчохь лаьттина тIемаш бара, элира ас. Нагахь санна къам кхетамна тIаьхьадисаран бахьана тIемаш хил-лехь, и тIемаш а хуьлура нохчийн къам кхетамна тIаьхьадиси-на хилар бахьана долуш. Нохчийн къомана и цхьаболу боха-маш хилла хир бацара, цуьнан кхетам лакхара хиллехьара, цуь-нан коьртехь бусалба динан а, дуьненан а Iилма хууш, хьекъале, оьзда, доьналле къонахий хиллехьара, уьш къобал беш, халкъ царна тIаьхьа хIуттуш хиллехьара. Амма нохчий цкъа а Iилманна тIаьхьа ца бовлура, шайн истори хаа а, культура ларъ-ян а ца гIертара. Церан дахаран коьрта гIирс массо а заманахь герз дара. Пхийттара ваьлла кIант герз юкъах а доьхкий дIахIуттура, тIамца, къолашца, талорашца шен сонта майралла гайта гIертара. Нохчийн халкъан иллешкахь буьйцу турпалхой дукхахберш къуй, талорхой бу. Теркал дехьара, Салойн аренаш-кара говрийн реманаш, даьхний лоьхкуш, гондIарчу къамнийн элий лечкъош йийсаре балош, банкаш, почташ талош, и. дI. кх. а. Юккъехула аьлча, дуьненан массо а къоман, массо а зама-нахь къола дар эхь ду, сагIа дехар эхь дац. Нохчаша и шиъ нийсса бIостанехьа даьккхина леладо: къола дар эхь дац, сагIа дехар эхь ду. Мелхо а, и къуй, талорхой а иллешкахь хестабо нохчаша!

## 4

Нохчийчохь ерриге а ярташкахь бусалба дин Iамо хьуьжарш болх бан юьйлаелира XIX-чу бIешеран 60-чу шерашкахь. ХIетахь дуьйна схьа гучубуьйлу бусалба дин Iамийна цхьа кIеззиг Iеламнах.

Бусалба динан Iилма я Iаьрбийн йоза-дешар халкъо Iамор юьхьанцарчу тIегIана тIехь хадийра советски-коммунистически Iедало. Ткъа дуьненан Iилма Iамор муха дара? Паччахьан зама-нахь суна хууш масех нохчо хилла оцу агIор дешна халкъана вевзаш: Эльдарханов Таьштамар, Саракаев Ибрагим-Бек, Кужуев Iабдул-Хьамид, вежарий ШариповгIар, МутушовгIар. Октябрьс-ки революци хиллачул тIаьхьа, 1920-чу шарахь, Iаьрбийн графи-кан бух тIехь нохчийн йоза-дешар юкъадаьккхира нохчашлахь. Амма цуьнца школашкахь йоза-дешар Iамо ма-доллийнехь, иза дIадаьккхина, 1925-чу шарахь латиница юкъаялийра, тIаккха масех шо даьлча, 1938-чу шарахь, латиница дIа а яьккхина, кириллица юкъаялийра. Иштта, 19 шарахь кхузза хийцира нохчийн йоза-дешаран алфавит. Муха хилира цуьнан тIаьхье?

1944-чу шарахь, халкъ махках доккхучу хенахь, иза йоза-дешар ца хууш я кIеззиг хууш дара. Масала, 1958-чу шарахь къоман автономи меттахIоттийча, 50 эзар вахархо волчу Нажин-Юьртан районехь цхьа а стаг вацара лаккхара дешар дешна, юккъера дешар дешна ваьлларг ткъех стаг вара.

I944-чу шарахь халкъ махках доккхуш 18-20 шо долу кегийр-хой я бусалба динан дешар, я дуьненан дешар дешна а бацара, ткъа хIетахь ворхI класс яккха а ца кхуьуш школера гIовттийна дIадигна бераш кхин дIа деша аьттонаш боцуш дисира. Цкъа-делахь, Казахстанерчу меттигерчу Iедалан бала а бацара нох-чийн бераша цадешаран, шолгIа-делахь — мацалло а, халонаша а уьш школах юкъахдехира.



www.zhaina.com

Исторехь зеделла колонизаторшна, я имперски халкъашна, шайн олаллина кIелхьара къаьмнаш бодане мел ду а царна тIехь олалла латто а, церан барт ца хилийта а атта хилар. Мацах цхьана китайски хьекъалчо аьлла боху: «IПайна къам хIаллак-дан лаахь, цуьнан культура хIаллакье». Цундела, колонизатор-ша шайн олаллина кIелхьарчу къаьмнашна деша таронаш ца ло. ХIунда аьлча, цара дешча, уьш кхетаме хир ду, цара шайн истори, мотт, культура ларийир ю, шайна тIехь латто харцонаш гур ю, уьш ловр яц, шайн къоман маршонехьа къуьйсур ду. Амма колонизаторшна оьшу оцу къомах дешна нах а, къомана тIехь шаьш олалла латтош царех пайда эца. Оцу Iалашонца колони-заторша доьшуьйту шайна муьтIахь болчу нехан берашка.

Изза Iалашо яра революци хилале хьалха оьрсийн колони-заторийн а. ТIаьхьа советски-коммунистически Iедало иза кхечу кепашкахь кхочушйора.

Цхьа низам долуш, юкъарло а ца юлуш нохчийн бераш деша дуьйладелира махках даьккхина вайн халкъ цIа а дирзина республика юхаметтахIоттийча, 60-чу шерашкахь. ХIетахь дуьй-на схьа ткъе итт шарахь вайн бераша муха дешна а, церан хаа-рийн барам а, республикан школийн болх мича хьелашкахь бара а, ткъе итт шарахь юьртахь юккъерчу школан директор болх бинчу суна дика хаьа. Оьрсийн маттахь а, московски оьрсийн берашна леринчу программашца, учебникашца Iамош долчу нох-чийн берех 90 % оцу программашца шаьш Iамочух ца кхеташ чекхдовлура юккъерчу школера. Царна, ур-атталла, я нохчийн а, я оьрсийн а меттанашкахь нийса деша а, нийса яздан а ца хаьара. Ткъа мотт ца хиъча, царна кхидолу Iилманаш Iемар ду бо-хург хьехочохь а дацара.

ХIетте а, нохчийн къоман историн тIаьхьарлера ткъе итт шо халкъан дешаран гIушлакхе яра. Оцу шерашкахь кхолладе-лира нохчийн къоман меттан, историн, культуран а Iилманаш. ХIетахь кхиира вайн Iилманчаш, яздархой, актераш, художни-каш, иллиалархой, спортсменаш, инженераш, лоьраш, хьехархой, кхиболу говзанчаш а.

## 5

Ткъа бусалба динан Iилма Iамор 30-чу шерашкахь советс-ки-коммунистически Iедало дIакъевлира. Бусалба дин ша къас-тийна ца дира иза Iедало. Массо а динан килсаш, синагогаш, храмаш, монастыраш, динан семинареш дIакъевлира. Массо а динан Iеламнах санна, хIетталц мелла а кIорггера бусалба динан Iилма хууш болу нохчийн Iеламнах лоьцуш, бойуш хIаллакбира. ХIетахьлерчу таIзаршна кIел цанисбелларш халкъ махках даьк-кхинчу шерашкахь Казахстанехь а, ткъа дийна бисинарш тIаьхьа халкъ Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа дуьненара дIакхелхира. Амма царел тIаьхьа тIеккхиъна тIаьхье бусалба дешарехьа ойла йолуш яцара. Ала тарло: и ойла йолчеран а бусалба дешар Iамо хIетахь таронаш ца хилла. Боккъалла а, даггара а бусалба динан Iилма Iамо луучарна мелла а и таронаш яра оцу заманахь а. Ташкентехь исламан институт, ткъа со гал вацахь, Самаркан-дехь юккъера дешаран хьуьжар а яра. Царел сов, Союзехь масех институт яра малхбалерчу халкъийн меттанаш Iамош — Моск-вахь, Ленинградехь, Бакох, Ташкентехь и. дI. кх. а. Цигахь бу-салба динан Iилма ца Iамадора, амма Iаьрбийн мотт Iамабора. Ткъа Iаьрбийн мотт хуучунна яккхий таронаш хуьлура бусалба динан Iилма Iамо а. Оцу некъашца бусалба динан Iилма Iамийна бIеннаш Iеламнах бу ДегIастанахь.

Амма цхьа наггахь верг ца вагарвича, нохчийн кегийрхош-на ца лаьара Ташкентехь, Самаркандехь бусалба дешар Iамо а, я вукха институташкахь Iаьрбийн мотт Iамо а деша баха. Вайн кегийрхой цхьана а Iилманан кIорге ца гIертара. Уьш, олуш ма-хиллара, «аьрру агIора», тIе пайда богIучу гIертара: юрис-тийн, милицин, гIишлошъярхойн, махлелоран, экономистийн, фи-нансийн, партийни а белхийн дешарш деша. Iилманан белхаш бан луурш кIезиг бара. Республикан Iилманан-талламан инсти-тутехь болх бан луурш кIезиг хуьлура, цигахь алапа кIезиг ду, «аьрру агIора» тIе бан пайда бац, бохуш. Цундела, дукхахболу Iилманчаш ВУЗ-ашка а, техникумашка а балха боьлхура.

Республикан ВУЗ-ашка деша ваха Iаламат хала дара. ТIехдика хааршца юккъера школа чекхъяьккхинарг а халла чекхволуьй-тура. Цига деша воьдучун куьйгалхошца, хьехархошца гергар-ло я шортта ахча хила дезара. Кхаьънаш эцар шуьйра даьржи-нера республикан



www.zhaina.com

ВУЗ-ашкахь. Ткъа цхьацца гергарлонашца я ахчанца цига деша баханчу кегийрхоша муха доьшу а, дешна чекхбевлча, царех муха говзанчаш хуьлура а, цара белхаш муха бора а, хаа хала дацара. ХIетахь зеделла кхин цхаъ а дара: рес-публикан ВУЗ-ашка тIе ца эцна нохчийн кегийрхой Москвахь, Ленинградехь, Россин кхечу ВУЗ-ашкахь а конкурсах чекхбов-луш тIеоьцура.

## 6

Бусалба динан Iеламстаг, уггар хьалха, Делан лай ву, Дала гайтинчу некъа тIера дIасахьийза бакъо йоцуш. Iеламстеган, Iилманчин, яздархочун хьекъал, Iилма а эрна ду, нагахь санна цаьргахь оьздангалла, собар, доьналла а дацахь, шайгара Iилма цара халкъан гIуллакхана, халкъана пайденна дIалуш дацахь. КIилло, ямарт, стешхачу стагана хьарам ду Iилма, иштачу стаге-ра Iилма адамашна, халкъана зуламе долу.

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь, динна маршо яьлча, Iаламат дукха «Iеламнах» гучубевллаНохчийчохь. КъорIанна тIера цхьац-ца аяташ нохчийн матте гочдан а, хьадисаш а, эвлияэх дийци-нарш а Iамийна нахана бусалба динан хьехамаш бан гIерта уьш. Царех дукхахберш хьарамчух ларлуш бац, бусалба динах йохк-эцар еш бу, шайн аьтто хуьлчу агIор Iедална, хьаькамашна бохка-луш бу. IПайн гIуллакхашца, гIиллакхашца цара бусалба дин сийсаздо, адамаш Делан некъа тIера галдоху.

Бакъболу Iеламнах а бу, кIезиг белахь а. Тхан юьртахь вара шина вешин ши кIант — Умаев Абубакар, Ильясов Вахьид а. Суна вевзичхьана Дала КъорIанна чохь бусалба адамашна схьа-гайтинчу некъа тIехь, диканехь а, вонехь а адамийн гIуллакхана дIахIоьттина вара и шиъ. Шайгара хьекъал, Iилма а гайта гIерташ а, царах дозалла деш а вацара. Щена бусалба а, цIена нохчо а, кхин хуьлийла доцуш оьзда ши стаг вара и шиъ. 30-чу шераш-кахь лаьцна, уггар къизачу лагершкахь итт шо хан яккхинера Абубакара, амма иза цкъа а ца воьхнера бусалба некъа тIера.

Цхьаммо стаг вийча, куьг бехкениг воцчуьнга жоп ца доьху шариIатехь, цуьнан гергарнаш маьрша буьту. Ткъа нохчаша чIир кхайкхайо куьг бехкечун гергарчаьрга а. Уьш юьртах, махках а бовлий, лечкъаш лела. ТIаккха, масех юьртара, масех эзар стаг цхьаьна а кхетий, уьш маьрша битар доьхуш лела. Иза леладе ца боху шариIато.

Ильясов Вахьидан кIант велира цуьнан луларчу нехан кIентан карах. Ткъе итт шо хенара куьце къона стаг вара вел-ларг. Iуьйранна тезет хIоьттича Вахьидана тIевеара юьртахь лоруш волу стаг:

— Вахьид, куьг бехкечун вежарий, шичой а шаьш доьзалшца юьртах арадовла деза, я хьуна тIе дехаре нах бахкийта беза? ХIун дан деза ца хууш бIарзбелла хьийза уьш. Цаьрга хIун олу ахь?

— ХIумма а дан ца деза-кх, — элира Вахьида ойла а ца еш, -юьртара ара а ца бовлу, соьга дехаре нах а ца бохкуьйту. Со санна сийсара шайн цIахь бийшина Iаьхкинчу церан цхьа а тайпа бехк бац. Куьг бехкениг Iедало дIалаьцна, Iедало цунна Дала дайттина таIзар дийр ду. Нах санна, кхуза тезета схьадуьйла ала цаьрга. Сан цхьа а тайпа чIир а, мостагIалла а дац цаьрца.

Оцу стага вахана тезета схьабалийра куьг бехкечун вежарий, шичой, кхин гергарнаш а. Иза дан стаг цIена бусалба а, къонаха а хила везара. Вахьид цIена бусалба а, воккха Iеламстаг а, къона-ха а вара.

Нохчийн къомана тIе хIара бохам кхозабеллачу I99I-I994-чуй шерашкахь Далла хьалха а, халкъана хьалха а шен декхар кхо-чушдина, хьекъал, Iилма, собар, оьздангалла, доьналла а долуш, суна хууш, цхьа Iеламстаг хилла Нохчийчохь. Иза вара цхьа-йоццачу хенахь муфти лаьттина Арсанукаев Мохьмад-Бешар-Хьаьжа. Оцу чолхечу, адамаш тиларчу даханчу шерашкахь цхьан-не а вохка ца велира, цхьанна а хьалха кхеравелла, вуха ца ве-лира. ХIетахь и санна цхьа бIе Iеламстаг Нохчийчохь хиллехьа-ра, нохчийн къомана хIара бохамаш ца хила тарлора.

Даима юьртахь вехачу сан тезеташкахь, сагIа доккхучохь нисвалар а, Iеламнаха дуьйцучуьнга ладегIар а дукха хуьлу. И ас лакхахь вийцина кхо Iеламстаг санна Iеламнах ца


www.zhaina.com

гина суна. Уьш ганне а ца го тахана телевиденехула къамелаш дечу, шаьш молланаш бу бохучу нахана а, хьаьжошна а юкъахь. Уьш къа-мел дан буьйлабелча гучудолу: уьш бусалба динна а, нохчийн оьздангаллина а гена адамаш хилар. Я нийсса аьлча — уьш Де-лах кхоьруш, нийсо лоьхуш а, адамийн барт, машар лоьхуш а нах цахилар. Атталла, нийсса нохчийн, ненан мотт бийца а ца хаьа Царна, нохчийн маттахь кхо дош аьлча, доьалгӀаниг оьрсийн мат-тахь дош хуьлу.Суна бевзачу Ӏеламнахана юкъахь дукха нисло къеналлина герга гӀортталц бусалба динна а, оьздангаллина а генахь лаьтти-на нах. Хьалха куьйгаллин балхахь, милицехь, туьканашкахь складашкахь белхаш бина а, интеллигенцин векалш а. Цхьана хенахь къоланаш дина а, маларш мийлина а, дукха зударий кхий-лина а, зина лелийна а нах. Къанбелча, «имане баьхкина», «Ӏеламнах» хилла лелаш. Иштачу наха адам иманехь нисдийр ду бохучух теша хала ду. Уьш ас бийцина «Дика нах» цӀе йолчу сайн цхьана дийцарехь а.

Ишттачу Ӏеламнаха шайна некъ балабо: ша лелийначу вочу гӀуллакхашна дохковаьллачу стагана Дала гечдо, олий. Шена ца йинчу Ӏамална гечдар Делан лаамехь ду. Амма Дала гечдийр дац цара нехан диъна хьакъ а, нахана йина ваьснаш, нахана тӀехь латтийна харцонаш, къизаллаш, нахана дина зуламаш а Шаьш хьалха лелийначунна дохкодевлла олу цара, Далла Ӏамал а йо цара, амма царех дуккахболчийн къамелашкахь а гӀиллакхашкахь а, гӀуллакхашкахь а гучудолу церан дегнаш хийцаделла цахилар.

Сан къамелаш хилла Азербайджанан, Юккъерчу Азин, Ка-захстанан муфтешца. ЛадегӀна ДегӀастанарчу Ӏеламнаха теле-виденехула къамелаш деш а, цара газеташ тӀехь зорба тоьхна белхаш а бешна. Царна шайн къоман мотт, истори, филос >фи, культура, дуьненан халкъашна юкъара политика а, кхечу муьлх-хачу динан истори а, идеологи а хаьа. Доцца аьлча, цара бусалба динан а, дуьненан а Ӏилманаш Ӏамийна. Цундела, царна хаьа муьлххачу аудиторина хьалха, муьлххачу а хаттарех лаьцна къамел дан а, хаттаршна жоп дала а.

Оцу агӀор буьззина бӀаьрзе бу нохчийн Ӏеламнах. Дуьненан истори, философи, кхидолу Ӏилманаш-м муххале а ца хаьа цар-на, атталла нохчийн халкъан истори, культура, Ӏадаташ, гӀиллакхаш а ца девза. ХӀетте а, шаьш «нохчийн пачхьалкх кхуллу» бохуш а лела, Ӏедалан гӀуллакхашна а, политикана а, идеологина а юкъагӀерта. Митингашкахь, телевиденехул лортӀехь доцу, питане къамелаш а до. Церан къамелаша доккха зулам дина нохчийн халкъана. Тахана халкъе хӀиттинчу хало-нашна, бохамашна Далла хьалха а, халкъана хьалха а доккхачу жоьпалле хила хьакъ бу хӀокху шерашкахь митингашках дӀахӀиттина лаьттина хӀора стаг а. Цара гӀо дира зуламхошна халкъана хӀара бохам кечбеш.

## 7

Иттех шо хьалха республикехь гӀараяьлла ца Ӏаш, Москвахь ВДНХ Сийлаллийн уьн тӀехь цӀе язйина хьал долуш, ехаш а колхоз яра А.Шериповн цӀарах тхан колхоз. 1700 гектар охунин латта дара дуьйш-дерзош, 1200 корта даккхийра хьелий, масех эзар пхьагалш, стоьмийн бошмаш, кхачанан комбинат, вальце-вой хьер яра тхан колхозан. Колхозан хоржах оцу чуйогӀучу пхеа юьртахь йина берийн яслеш, клубаш, медпункташ, банеш яра. БӀе гергга тракторш, комбайнаш, машинаш, кхийолу юьрта-бахаман техника а яра. Пачхьалкхан банкехь даима масех мил-лион сом ахча а хуьлура колхозан. Токхе бехара тхан колхозера бахарой. I992-чу шарахь «Юьртан-Кхиэл» аьлла цӀе а тиллина цхьа-накхеттачу баккхийчу нехан тобано йохийра и колхоз. Оцу то-банна юкъахь бара керлабевлла молланаш а, хьаьжой а. Амма царна юкъахь цхьа а юьртабахаман говзанча а, атталла, интел-лигенцин векал а вацара. Даьхний, борахчу мехах, нахана пайда боцчу цхьана агӀор дӀадахара. Техника а цунна тӀехь болх беча-ра шайн долаяьккхира. Клубаш, яслеш, банеш цхьаерш наха талийра, цхьаерш шайн долаехира. Цхьаболчу наха шайн дайн хилла латтанаш дӀалийцира. ХӀетталц Ӏедало лерина ларъеш хилла попан, ножан а хьаннаш хӀаллакъян йолийра.

Цул тӀаьхьа, цхьа ши шо даьлча, тхан юьртахь тезетахь на-хана хьехам бан вуьйлира оцу тобана юккъехь хилла цхьа хьаь-жо. Оцу Россис, оцу Делан мостагӀаша, керста оьрсаша ахчанах эцначу нохчийн мунепикъаша нохчийн халкъан барт бохийна, гергарлонаш хедийна, юкъа мостагӀалла кхоьллина, — бохура цо. Цуьнга ладегӀа собар а ца тоьъна, иза сацийра ас.

— Махьмуд, Москва кхаччалц гӀараяьлла евзаш хьал долуш колхоз яра вайн. Арахьара



www.zhaina.com

нах а хьоьгуш барт болуш юрт а яра вайн. ХIокху тIаьхьарчу ялх шарахь цхьа а оьрси ца веана вайн юьрта. Хьо юкъахь а волуш баккхийчу нахах цханакхеттачу то-бано колхоз йохийра, юьртара нах тайпанашка, гарашка, некъешка а бекъна юьртан барт бохийна, вовшашна юккъехь цабезам, ца-тешам а кхоьллина. Шуьга иза де аьлла Россера схьа оьрсий баьхкинера кхуза? Вайн юьртахь къоланаш ду, мехкарий идабо, бошмашкахь, хьаннийн ирзошкахь а анаша кхиош, цунах йохк-эцар еш нах бу, малар духхуш, молуш а нах бу. Вайга иза леладе аьлла цхьа а оьрси веаний кхуза? Гуьмсехь, Къеда-юр-тахь а цIерпошташ талочу нахана юкъахь вайн юьртахой хилла. Вайга цIерпошташ тало цига гIо аьлла оьрсий баьхки-'
ний кхуза? Колхозан ялташна тIе даьхний лехка, урамашка кхаьллий кхийса, хиш, некъаш ма тоде аьлла цхьа а оьрси веаний вайн юьрта? Нагахь санна, вайн къоман барт бохораш,[1] зуламаш даржораш Россис а, оьрсаша а ахчанах эцна нохчий[1] белахь, вайн колхоз йохийначу, юьртахь нехан барт бохийначу шун тобанна мел ахча делла Россис, оьрсаша а?

Вайна ца лаьа вешан сакхташ дийца, вешан бехкашна къе-ра хила. Вешан бехкаш а кхечарна тIетоьтту. Хьалха хиллачу Союзан законаша дихкинера тайпанаш-м хьовха, къаьмнаш къе-стор а. Бакъду, коммунистийн оцу тIехь генна йоьлхуш шен Iалашонаш яра. Къаьмнийн башхонаш дIа а яьхна, СССР чохь дехачу къаьмнех шен ша-тайпа юьхь а йоцуш, массарех а цхьа къам — «советски къам» кхолла Iалашо яра церан. Нагахь санна, вай бусалба динан некъа тIехь делахь, Дала а, Пайхамара а ца къестийна къаьмнаш, тайпанаш а. КъорIанна чохь кериста-нех дуьйцуш къоман цIе ца йоккху. Мохьумад-пайхамара, Iалайсалам, шена гонаха озийнарш цхьа Iаьрбий хилла ца Iара, цуьнан уггар гергара гIоьнчий бара персаш, эфиопаш, неграш, кхечу къаьмнех а нах.

Ткъа нохчий шайн йозуш йоцу маьрша пачхьалкх кхуллу аьлла гIевттича, уггар хьалха нохчийн къам тукхамашка, тайпанашка а декъна, и цхьа дегI, меженаш йохуш, дерина. Адамийн оьздангаллин хьокъех долу СССР-н дерриг а бохург санна законаш цхьаьнадогIура шариIатца. Масала, къаьмнаш къестор, къола, талораш, вахо маларш, наркотикаш, нуьцкъала, бертаза зуда йигар, дукха зударий кхийлар дихкинера СССР-н законаша. Уьш дихкина шариIато а. ХIетте а нохчашна юкъахь чIога даьржина уьш дерриш а. Школаш дIакъовла, берашкама дешийта, больницаш дIакъовла, цомгашчарна дарбанаш малеладе ца боху вайга Россин Iедало. Туркойн, Iаьрбийн мехка ша нохчийн халкъана гIоьнна даийтина дарбанаш, цомгашчарна дIа а ца кхачош, базаршкахь дохка ца боху вайга оьрсаша

ХIокху махкахь бина а, кхиъна а болу оьрсийн доьзалш ара кхуьйсуш церан хIусамаш дIалеца ца боху нохчашка бусалб* дино а, Россин Iедало а. Халкъо хаьржинчу Нохчийн Республикан куьйгалхошка зуламхой таIзарза бита ца боху цхьаммо а Адамашка болх ма байта, царна алапаш ма ло, къеначарна пенси ма ло, цомгашчарна дарбанаш лелорна миллионаш ахча даккх ца боху вайга Россис а, оьрсаша а. Дийца дукха ду уьш бусалб дино а, цхьана а пачхьалкхан законаша а ца магош дрлу зуламе, оьзда доцу гIуллакхаш. Нагахь санна, Дала а, Пайхамара а бу-салба адамашна хьарам дина дихкина и зуламе гIуллакхаш Рос-син, оьрсийн а лаамца вай лелош делахь, ахчанах, хьолах вай дохкалуш делахь, вайн бусалбалла а, нохчолла а мичхьа хуьлу? Дуккхамма а олуш хеза, халкъ холчохь ду, бан болх бац, луш алапа а, пенси а дац, хьанал-хьарам ца къестош къола дина а, малар, цигаьркаш йоьхкина а, анаша кхиийна а шайн доьзалш-на сискал ца яьккхича нехан аьтто бац. Цкъа цхьанхьа, тхо масех стаг цхьаьна волуш, мусртис Алсабеков Мохьмад-Хьу-сайна а элира иза. Ткъа Нохчмахкахь дика вевзачу тхан рай-онерчу, шозза Макка ваханчу Iеламстага магийнера цIерпошта тIера лачкъийна деана кIайн эчиг маьждиган тхов тIе тоха. Оцу маьждига чохь Далла Iамал еш бу цигара нах. Ткъа тхан районерчу ярташкахула и эчиг лоьхуш лийлира ДегIастанара суьйлий. Шаьш шайн маьждигашна эцна даийтина дара иза, бохуш.

Амма тахана къоланаш, талораш деш, кIомал (анаша) кхи-ош, юхкуш а, адамаш лечкъош, дойуш лела нохчий мацалло бIарзбина нах бац. Церан машинаш, герз, шайн ярташкахь а, гIаланашкахь цIенош, масех хIусамаш а ю. Мацалло бIарзвина стаг машинашца, герзаца цIерпошт тало, стаг а вийна цуьнан машина дIайига, вохка стаг лачкъо ца воьду, цхьа гирда ялта, котам, газа, стом лачкъо воьду. Наха дуьйцура, цIерпошташ та-лочара шаьш лачкъийна товар тIехь долу машинаш хотталахь йисча, чкъургашна кIел демах, дуганах,



www.zhaina.com

шекарх дуьзна галеш а туьйсуш, схьайохура, товар чудилла деса галеш ца хилча, чуьра дама, дуга, шекар а хоттала дIа а Iанадой, галеш мукъадохура, бохуш. Мацалло бIарзбинчу наха лелор дуй ткъа иштаниг?

Мацалла леш валлахь а, нехан рицкъана тIе куьг ма хков-даде боху Дала, бусалба дино. Нагахь санна, стаг могашалла йоцуш, я кхечу бахьанашца шена а, доьзална а рицкъа латто ницкъ боцуш велахь, цунна рицкъа латтор цуьнан гергарчарна тIедожадо бусалба дино. Ткъа цунна рицкъа латто гергарнаш бацахь, гуттар а гIаддайнехь, сагIа деха боху. Амма могашчу, къахьега дегIехь ницкъ болчу стаге сагIа ма деха, хьанал къа а хьоьгуш шена рицкъа лаха, боху.

## 8

**Къоман кхетам** — иза оцу къомах хIора стага ша цхьаннан доьзалан ойла йина ца Iаш, шен юьртан, мехкан, халкъан кхолламан ойла яр, бала кхачар, царна шен ницкъ кхочу диканиг, пайдениг дар ду. Шен доьзалан аьтто, таро хилчхьана арахьарчу адамех, халкъах сийна цIе ялахьара бохуш, шен къоман мотт, истори, культура, гIиллакхаш ца хууш, ца лардеш, царах дозалла ца деш оцу къомах хIора стаг я дукхахберш хилча, и къам мелла а кхетамна тIаьхьадисаран хьалхара билгало ю. Иштачу къоман цкъа а барт ца хуьлу, иза маьрша ца хуьлу, иза барамна шел кегийчу къаьмнех массо а агIор дозуш хуьлу.

Вайн къам кхетамна тIаьхьадисаран дерриге а бахьанаш дийца воьлча, дуккха а йозанаш яздан дезар ду. Царех цхьадерш вайн къоман бертаза халкъана тешаме боцчу наха кхоьллина, амма нохчийн къоман шен бехкенна кхолладелларш а дац хIумма а кIезиг. Тахана вайн къоме хIиттинчу халонашна вай бехке до советски-коммунистически а, российски а Iедалш. Уьш бехказа ца доху ас. Цунах ас яздина, лакхахь ма аллара, сайн исторически произведенешкахь а, публицистически статьяшкахь а. Амма вайн къоман кхетам лахара хиларна, цуьнан бехкенна хилла бохамаш а бу.

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь нохчийн халкъера а, цо хаьржинчу Iедалера а цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш, нохчийн исторехь цкъа а дуьйцу ца хезна акха, къиза зуламаш даьржина вайна юкъахь. ДIа ког мел баьккхинчохь го герз карахь буьйлабелла лела кегийрхой. Къоланаш, талораш. Адамаш дойу, лечкъадо. Мехкарий лечкъабо, сийсазбо. Адамех йохк-эцар йо. Нохчийн къомах нах бу и акхаралла лелораш.

И зуламхой мацалло, эшамо бIарзбина ца лела. Къизалло, сутаралло хьерабаьхна лела. Сан хенарчу нахана гина къелла, мацалла, халонаш а. Къола ца дан, нехан рицкъана тIе куьг ца кховдо мацалла белларш а бу. Шайн а, нохчийн къоман а сий ца дайа а, Делах, Къематдийнах кхоьруш а, Дала шайна хьарам динчух ларлуш а. Мелла а жамI деш аьлча, кху тIаьххьарчу шерашкахь гучудаьлла нохчий бусалба динан некъа тIера галбовлар, нохчийн къоман оьздангаллех бохар, вай вешан къоман кханенан ойла еш цахилар а.

Цуьнан къеггина билгало ю кху тIаьххьарчу шерашкахь вайн бераш доьшуш цахилар, цара цадешаран я Iедалан а, я халкъан а бала цахилар. Вайна я бусалба динан а, я дуьненан а Iилманаш Iамо цалаар, иза луучеран таронаш, аьттонащ а цахилар. Цигахь йоллу вайн къоман дакъазалла.

**Муьлхха а къам, пачхьалкх а беа бIогIамна тIехь лаьтта — дешаран, могашаллин, культуран, экономикан а. Царех коьрта-ниг дешар ду.** Дешар — къоман хьекъалан, кхетаман, культуран, хьолан а хьоста ду. ТIекхуьучу хIора тIаьхьено Iилма ца Iамийча, цунна ца хаьа шен къоман дIадахнарг, дуьненахь хил-ларг, долуш дерг, шен къоман тIехиндерг муха кхолла деза а. Дешар ца дешча къоман Iилманчаш, белхан говзанчаш, лоьраш, хьехархой, экономисташ ца кхуьу. Лоьраш ца хилча, къоман могашалла ца ларло. Iилманчаш ца хилча къоман мотт, истори, культура ларлур яц, культура, экономика а кхиалур яц. Де-шар ца Iамийча, къам кхетамна бIаьрзе дуьсу. Кхетамна тIаьхьадисинчу, дегI могаш доцчу къоме шен йозуш йоцу пач-хьалкх кхоллалур яц, кхоьллича а иза ларъян ницкъ хир бац. Иштта халкъ цкъа а маьрша хир дац, иза даима дозуш хир ду кхетам лакхара болчу, экономически кхиъначу, цивилизо-ванни къаьмнех.

Дуьненан юкъара шолгIа тIом хилла хан дагайогIу дуккха а нахана. Ткъа тIекхиъначу


www.zhaina.com

тІаьхьенна цуьнан истори йоьшуш хаьа хІетахь адамаша лайна халонаш, баланаш, бохамаш а. ТІеман оцу халачу шерашкахь цхьана дийнахь а ца совцуш болх беш яра школаш, больницаш, культуран, Іилманан учрежденеш, поч-та, зІе. ТІамна кІелхьара мехкан малхбале республикашка, обла-сташка кхалхийначу адамашна уггар хьалха церан могашалла ларъян больницаш а, берашна деша школаш а схьайоьллура.

Нохчийчохь тІом бац. Халкъе хІоьттина мацалла а яц. Вай нохчийн къоман йозуш йоцу, маьрша бусалба пачхьалкх кхул-луш ду бохуш кура, даккхий хабарш дуьйцуш а лела нохчий. Амма вайн бераш доьшуш дац. Уьш го сагІа доьхуш, вахочу маларех, цигаркех йохка-эцар еш а. Деш хІумма а доцуш буьй-лабелла лелаш а. Баккхийчаьрца цхьаьна цІерпошташ талош а. Царалахь бу томка уьйзурш а, маларе, наркотикашка марзбел-ларш а.

президента а, министарша а, парламентан депутаташа а, цхьаммо! а ца хьахадо. Телевиденехула сих-сиха цхьацца баккхийчу наха а, Іеламнаха а къамелаш до, нохчийн берашна керистанийн Іилма1 ца оьшу, иза дІа а даьккхина, цуьнан меттана Іаьрбийн мотт, йоза-дешар, дин Іамо деза, бохуш.

Нохчийн берашна Іаьрбийн мотт, йоза-дешар Іамо деза бо хург нийса ду. Иза ца хиъча, вайн бусалба динан Іеламнах кхуь ур бац. Бусалба динан лаккхара Іилма Іамийна Іеламнах цаІ хилча, халкъана бусалба динан кІоргенаш евзар яц, бусалба ди нехь нислур дац. Ткъа бусалба динехь ца нислахь, вайн къома-на юкъара харцонаш, ямартлонаш, хьарамлонаш, хьагІ-гамонаш^ къизаллаш цкъа а дІаевр яц, вайн къоман цкъа а барт хир бац,, сий хир дац, вай Лелочух цкъа а иман-беркат а хир дац.

Амма данне а нийса дац нохчийн берашна дуьненан Іилма1 хьехар дІадаккха бахар. И хабарш дуьйцурш нохчийн халкъа на зуламна арабевлла нах бу. Нохчийн халкъ дерригенна а тІехь иманехь нисделча а, цхьана Іарбийн маттаца, йоза-дешарца да халур дац. Вайн халкъана лоьраш, инженераш, юртбахама говзанчаш, конструкторш, архитекторш, нефтяникаш, гІиш лошъярхой, историкаш, философаш, политикаш, массо а тайпй Іилманчаш беза, къоман дахар кхолла. Уьш а, кхин а вайна хи бац, вай Іаьрбийн мотт, йоза-дешар а Іамош Іийча. Вайн берашн дуьненан Іилма Іемар дац, царна оьрсийн мотт ца Іамийча Оьрсийн маттахь яздина ду вайн къоман историн, культуран дахаран дерриге а документаш, Іилманан-талламан белхаш Оьрсийн мотт бу СССР чохь дехаш хиллачу дерриге а халкъаш вовшашца буьйцург а.

Бусалба дин уггар чІогІа леладо бохучу Іаьрбаша шайн бе рашна ингалсан, немцойн, французийн, кхидолу а меттанаш, дуьненан Іилма Іамадо, шайн махкахь дешна девлла бераш Англе-Германе, Франце, СІНА деша дохуьйту. Іаьрбийн дуккха а ю гирхой бара СССР-н ВУЗ-ашкахь доьшуш а. Бусалба динехь, има нехь уггар нисбелла бохучу Іаьрбашна мегаш хилча, нохчашнЯ лонаша а Дала хІунда ца мега «кериста Іилма» Іамор? Цо гойту, нохчийн халкъ кхета гена хилар.

Оцу шина а агІор вешан берашка дешийтар коьрта декха ду вайн, нагахь санна ваьшна вешан къам кхиа а, даха а лаах! Амма Іаьрбийн мотт, йо'за-дешар Іамор дерриг а берашна тІедоэн ца деза, иза Іамо луучарна таронаш хилийта еза.

Инзаре тамашийна хІумнаш гучудуьйлу хІокху тІаьххьарчу шерашкахь. Шайн декхар а дицдина, Іеламнах политикана, пач-хьалкхан гІуллакхашна юкъагІерта, пачхьалкхан куьйгалхой бусалба дин хьеха гІерта, селханлерчу атеистех, маларчех Іеламнах хилла. Хьалха цхьанне а цІе йоккхуш ца хезна керла историкаш, философаш, политологаш, хьекъале, майра а нах гу-чубуьйлу дуккха а барамехь. Цара митингашкахь, телевидене-хула дуьйцурш а, зорбанехь яздийраш а, халкъана юкъахь лело питане эладитанаш а, цкъа нохчийн къомана зуламехьа, бохаме-хьа девр долуш гІуллакхаш ду.

Наха олуш хеза: «Вай хІинццалц Делах кхоьруш ца хил-лера, партих кхоьруш Іийна хиллера». Боккъалла а, хІара тІаьххьара масех шо тІакхаччалц, советийн Іедал доххалц, ваыл-на тІехь мел яккхий харцонаш лелаярх бур-бур аьлла дистхила ца даьхьара вай. Пленумашкахь, сессишкахь, конференцешкахь, телевиденехула, зорбанехь бусалба дин, пайхамарш, эвлаяаш, зи-ярташ сийсаздеш а. Вешан маьждигаш дохийча а, дохоза дисан-чех клубаш, амбараш йича а. Суна ца хезна, оцу харцонашна дуьхьало йина, цхьана а стага КПСС обкоман хьалхарчу майда-на а хІоьттина, шен резавацар хаийтина, бохуш. ХІетахь мичхьа



www.zhaina.com

бара таханлера майра, хьекъале турпалхой? ХӀокху тӀаьххьарчу шерашкахь гучубевлла и майра нах, 70 шарахь бистхила ца баь-хьаш шаьш ӀаӀийна майралла гайта хӀинца арабевлла!

## 9

Къоман исторически кхолламан бала болчу наха хоьтту: «ХӀокху тӀаьххьарчу шерашкахь нохчий иманах, оьздангаллех бохаран хӀун бахьана ду те?» - бохуш. Бахьана вай баккъал а иманехь цахилар ду. Делах, Къематдийнах тешаш, кхоьруш а, нехан неӀалтах кхоьруш, бусалба динехь нисвелла стаг галвок-кхур вац дуьненан бахамо, хьоло, къелло, мацалло, цхьана а ха-лонаша а. Дала а, пайхамара а бусалба адамашна тӀедехкина декхарш вай кхочушдеш цахилар гучудолу, уггаре а хьалха, вайн доьзалийн юкъаметтигашкахь.

Муьлхха а къам доьзалех кхоллало. Доьзалш - къоман бух, орамаш, цо мутт оьцу хьоста ду. Доьзал ша къастийча, иза жима къам ду. Цундела, къоман иман, сий, хьекъал, кхетам, могашал-ла а - шадерриге а, хӀораммо а шен доьзал муха кхолларх, иманехь кхетош-кхиорах дозуш хуьлу. Ткъа оцу доьзалан иманан, оьздангаллин гӀаролехь лаьттарг зуда, нана ю. Адам а,Хьава а! доцург дуьненчу мел даьлла адам Дала зудчун кийрахь а кхоьл-лина, зудчун, ненан кийрара схьа а даьлла. Бераш хьекъале, кхе-таме, могаш, оьзда, къинхетаме, я цхьана дашцца аьлча — бераш: иманехь кхиорехь коьрта меттиг дӀалоцу зудчо, нанас. Адаман уггар хьалхара хьехархо нана ю. Цо Ӏамадо бер меттан хьалха-ра дош ала а, цо Ӏамадо иза кхерамах, бохамах лардала а, диканиг, вониг къасто а, къинхетаме хила а, цо хьоьху берана оьзда гӀиллакхаш а.

Зеделла ду, хьекъалца, Ӏилманца, оьздангаллица, къинхе-тамаллица, адамашна пайдехьа гӀуллакхашца дуьненан историехь дикачу агӀор цӀе йоккхуш гӀарабевллачу нехан наной, хӀусамнаной хьекъале, оьзда, къинхетаме, Делах тешаш, ДелахӀ кхоьруш а зударий хилла хилар. Зударий оьзда, могаш, къинхе-; аме, иманехь болу къам иманехь хуьлу, ткъа зударий оьздан-; галлех боьхнехь, и къам иманах, оьздангаллех а дохаран коьрта билгало ю. Амма зударий иманах, оьздангаллех ца буху, оцу къоман боьрша нах хьалха иманах, оьздангаллех а боьхначул, тӀаьхьа а бен. Нагахь санна, къоман боьрша нах иманехь, оьзда, къинхетаме, собаре, доьналле къонахой белахь, шайн зударийн сий, могашалла, оьздангалла ларъеш белахь, оцу къоман зударий цкъа а оьздангаллех бухур бац. Амма зударийн дай, вежаринц кӀентий, хӀусамдай оьзда, иманехь бацахь, къонахой бацахь, це-1 ран зударшна маршо йолу царех тера хила.

Адамийн юкъараллехь зударша Ӏаламат доккхачу маьӀнив а, жоьпаллин а меттиг дӀалоцуш хиларна КъорӀан чохь а, Суннашкахь а зударех, зударийн, боьршачу нехан а, хӀусамден хӀусамненан а, дай-нанойн, берийн а юкъаметтигех лаьцна дук кха а, чӀогӀа а аьлла. Царех лаьцна бӀе гергга аят ду КъорӀаӀ чохь. КъорӀан чохь а, Пайхамаран хьадисашкахь а цхьа дош ца аьлла зуда сийсазъеш, цуьнан бакъонаш лахъеш, эшош. Д1а мел аьлла дош зуда, нана лоруш, цуьнан сий, оьздангалла ларъеш аьлла.

Зуда уггар хьалха нана ю. Цо кийрахь хала лелаво доьзал хо, хала дуьненчу воккху/ *КъорӀан, 31 сура, 14 аят; 46 сура, I аят/,* лазарша хьийзош, яларна кхерам болуш. Исс баттахь не нан кийрахь цуьнан кхача буу беро, дуьненчу даьлча шина нн рахь ненан некхах декхаш кхуьу иза */2 сура, 233 аят/.* Бера мацделча, дилхича иза дакхо хьалагӀуьттуш, буьйсанаш набарза, сема хуьлу ненан. Шен беран са ца далийта шен са дӀадала кий-ча хуьлу иза, цундела зударий, уггар хьалха наной, дуьхьал хуь-лу муьлххачу а тӀамна, адамийн цӀий Ӏанорна, адамаш дайарна.

КъорӀан чохь а, шариӀатехь а бусалбанашна доьзал кхолла-рехь а, иманехь кхиорехь а тӀедеххкина декхарш а, хьарам дина дихкинарш а ду. Бусалба стага и декхарш кхочушдеш ца хилча, хьарам дина дихкинарш лелош хилча, цуьнан доьзал кхуллуш йоккхучу хьалхарчу гӀулча тӀера дӀа талхадо Дала бусалба ада-машна тӀедеххкина декхарш,цундела вай иманах, оьздангаллех дохаран коьртачу бахьанех цхьаъ ду иза.

## 10

Зудчун бертаза, нуьцкъах маре йигна зуда стагана хьарам йо шариӀато. Маре деш долу



www.zhaina.com

стаг а, зуда а возшашна реза доцуш я шиннах цхьаъ вукхунна реза доцуш и шиъ цхьаьнатоьхча, цаьршиннен дахар декъаза хуьлу, доьзалехь барт, марзо ца хуь-лу, ден-ненан юкъаметтигаша зуламе Іаткъам бо берашна. Цун-дела цамагадо шариIато йоьIан бертаза, нуьцкъах маре ялар а, йигар а.

Маре йоьду йоI, иза а, цуьнан да-нана реза а долуш, церан хIусамера араяккхале, йоьIан а, кIентан а гергарчийн векалшна хьалха шиъ теш волуш, юьртан имама я къедас там-мах бина дIайига еза/ *4 сура, 25 аят/.* Маре деш долу шиъ я шиннах цхьаъ Далла Іамал еш дацахь, цаьршина юкъахь мах бар ца магадо/ *2 сура, 221, 236 аяташ/.* Мах беш я зуда юьтуш теш хIоттийна шиъ стаг Далла Іамал еш, дог цIена, тешаме, хьанал хила веза/ *65 сура, 2 аят/.* Мах бале кIанта йоIах куьг тохар доьхку шариIато. Ткъа мах бале и шиъ цхьаьнаIер хьарам, зина лору, и шиъ иштта цхьаьна а Іийна кхоллавелла доьзалхо зинах кхолладелла къутIа лору.

Мах бечу хенахь йоI юьгучу кIанта бина тIелацамаш /там, урдо, совгIаташ, кхидерг а/ йозанан барта тIе дIаязбо, цунна буха куьйгаш яздо маре дечу кIанта, йоIа а, имама, шина тешо а. Има-ма мухIарца чIагIбой, и барт йоIе дIало. Нагахь санна, зуда а, бераш а кхаба стеган аьтто бацахь, зуда ялор къобал ца до шариIато.

Лаххара а 90 % нохчаша кхочуш деш дац и декхарш. Доь-зал кхолла стаг, зуда а цхьаьнакхеташ йоккхучу хьалхарчу гIулча тIехь талхадо шариIато тIедеххкина декхарш. Дукхахьолахь, дена-нанна а ца хууш, буса къайлах маре йоьду йоI. Мах бар шолгIачу дийнахь кхочушдо. Ткъа йоI нуьцкъаха ядийна йигча, йоI йолчу нахаца машар, барт бан гIерташ, мах бар шина-кхаа дийнахь ца хуьлу. Мах бале оцу юккъехь кIант, йоI цхьаьна Iер зина лору, нагахь санна цаьршиннен доьзалхо кхоллалахь, къутIа лору. Иштта кхоллавелла доьзалхо иманехь хуьлийла дац.

Дукхахьолахь маре деш болу вайн кегийрхой ламаз деш, марханаш кхобуш-м муххале ца хуьлура, цхьаболчарна, ур-ат-тала, алхьам, къулханаш деша а ца хаьа. Мах беш тешаш хIиттабо хьалха тIенисбелла нах. Далла Іамал еш боцурш а, малар мо-лурш а. Уьш дог цIена, хьанал хилар а ца хьехадо.

Стага а, зудчо а шаьш маре деш а, церан мах бечу моллана-ша а, оцу хьалхарчу уггаре а жоьпаллечу муьрехь талхадо бу-салба дино шайна тIедеххкина декхарш. Иштта кхоллабеллачу доьзалехь иман, оьздангалла а муха хир ю?

## 11

Зуда йитар Іаламат чолхе а, жоьпаллин а гIуллакх хилла нохчийн къоман Іадатехь, ткъа шариIатехь хIинца а иштта до-луш ду иза. Нохчийн Іадатехь зуда йита бакъо яцара, нагахь; санна цуьнгара цхьа боккха бехк ца баьллехь. Иштта бехк баьл-; ла йитина цIаеанчу зудчунна тIехь эхьан томмагIа дуьсура' цуьнан ерриге а оьмарехь. И эхь цуьнан гергарчу нахана тIе а догIура. Цундела, цара шайн невце я цуьнан гергарчу нахе а цхьаьна жоп доьхура: шайн зудчуьнгара хIун бехкбаьлла яйити-; на цIа, хIусамдена муьтIахь, тешаме яцара иза я доьзална хьал-ха шен декхарш кхочушдан хьекъал, кхетам, могашалла йоцуш гIорасиз яра иза, кхин а, кхин а. Иштта цхьа бехк ца баьллехь, зуда йита бакъо яцара майрачун. Ткъа зудчунна тIе зуда ялор-м| дуьйцу а ца хезнера вайн дайшна. ТIаккха-м зудчун а, стеган а нахана юкъа мостагIалла дужура.

ШариIатехь майрачунна зуда йита бакъо ло, нагахь санна и зуда хьекъалх тилла я бIаьрзе, я дарба доцуш уьне цамгар йо-луш елахь, я хIусамдена тешаме яцахь, я доьзалхо ца хуьлуш елахь, я хIусамдеца цхьаьна Іен ца мегаш, дегIаца сакхташ де-лахь, я хIусамдена а, доьзална а хьалха шен декхарш кхочушдац гIорасиз елахь. Царах муьлхха а цхьа бахьана я бехк зудчуьнца

белахь, иза йита, цунах дIакъаста бакъо ю майрачун, амма царех цхьа а бахьана, бехк цуьнан бацахь, иза йита бакъо ца ло. Оцу бахьанех цхьаъ майрачуьнца делахь, зудчунна а бакъоло цунах дIакъаста. Царел совнаха, майрачух дIакъаста зудчунна бакъо ло, нагахь санна иза тIех верстина велахь.

Амма и сакхташ я бехкаш доцу зуда йитар нийса ца лору шариIатехь. Ткъа нохчашлахь дукха меттигаш нисло шена муьтIахь а, тешаме а, могаш, оьзда, къинхетаме а йолу зуда шена


www.zhaina.com

кIордийча я малар меллачу хенахь кхин хазъеллехь, иза цIийнах, доьзалх йоккхий, дIайохуьйтуш, я цунна тIе зуда ялош.

ШариIатехь цхьана боьршачу стеган йиъ зуда хила магий-нехь а, зуда йитар а, зудчунна тIе зуда ялор а, цхьана хенахь ши зуда хилар а Iаламат кIезиг ду вайна гондIа дехачу бусалба къаьм-нашлахь. Амма иза чIогIа даьржина нохчашлахь. Зудчунна тIе зуда ялийча, бухарчу зудчуьнга а, цуьнан берашка а кхочу бохам а, бала бийца хала ду. ТIееанчу зудчуьнга а, иза ялийначу шайн дега а цабезам беха берийн дегнаш чохь шаьш дуьненахь йоккхучу ерриге а хенахь. ХIетте а вайн молланаша иза къо-балдеш, махбо церан.

Хетарехь, нохчашлахь шариIат а, къоман Iадат а талхош зуда йитар я зудчунна тIе зуда ялор а Шемалан заманахь юкъа-даьлла. ХIетахь, иттаннаш шерашкахь бахбеллачу тIамо дук-кха а боьрша нах дIахьора, зударий жоьра буьсура, кхиъначу мехкаршна маре баха боьрша нах ца тоьара. Оцу бахьанашна дуккха а лахделлера бераш дуьненчу довлар, тIамо лахдина къам тIекхиар а. Ткъа Шемална тIемалой оьшура, цкъа-делахь, бераш хилийта а, шолгIа-делахь, марехь боцу зударий зинан новкъа ца бовлийта а Iалашо йолуш. ШариIат а, Iадат а талхош Шемала юкъадаьккхира маре баха хан йолу мехкарий а, къона жоьра зударий а, зудчунна тIе маре бахар а, бигар а тIедожош. Йоьду-чун а, ялочун а бертаза зудчунна тIе зуда йига дуьхьалваьлларг зиндана чу а вуллий, иза реза хиллалц дийнахь-буса цуьнгара эппаза гIуда а доккхуш, цу чохь латтавора.

Иза а цхьа масал ду тIамо адамаш оьздангаллех дохош хи-ларан. Диканиг, оьзданиг адамашка тIелацийта, леладайта хала $^{x}$УЬлу, ткъа зуламечо сиха орам тосу. ХIетахь, оцу тIеман зама-нахь, талхо долийна шариIат а, къоман Iадат а, и тIом чекхбаьл-лачул тIаьхьа а халкъана юкъахь дисира. Юьхьанца таро йолчу наха ялайора масех зуда, тIаьхьа — шайна луъучара.

## 12

Доьзал иманах, оьздангаллех бохучу бахьанех цхьаъ а, нох чийн къам кхетамна тIаьхьадисаран билгало а ю нохчийн боьр-шачу наха дукха зударий кхийлар а, зударша дукха маренаш дар а, зударшна, берашна тIе зуда ялор а, маре яхар а. Бусалба' динехь боьршачу стеган еанга кхаччалц зуда хила магадо боху чух нийса ца кхета нохчий, ткъа Iеламнахана уьш нийса кхето а] ца хаьа я ца лаьа.

Иманехь, могаш, оьзда, хIусамдена тешаме, муьтIахь йолчу зудчунна, берийн нанна тIе зуда яло магош меттиг ца хаьа суна КъорIан чохь а, Пайхамаран хьадисашкахь а, шариIатехь а. Iалайсалам, вайн Пайхамара дуьххьара ялийна Хадиждa цул пхийт-та шо йоккха хилла, амма иза дуьненахь йолуш цунна тIе зуда ца ялош, цуьнца бертахь, вовшашна муьтIахь ткъе пхеа шарахь ваьхна иза. Зудчунна тIе зуда яло боьршачу стагана магош, я нийсса аьлча, еанга кхаччалц зуда хила тардолуьйтуш бахьа наш а, некъаш а ду шариIатехь. Коьртачу декъана лакхахь) вай дийцина, зуда а, майра а дIасакъаста бакъо луш долу бахьа наш ду. КъорIан чохь боху, нагахь санна айхьа балийначу зу даршна юккъехь хьайга нийсо ялур елахь, верас воцуш байлахь йисина йоI ялае, шиъ, кхоъ, еанга кхаччалц. И нийсо хьайга, ялур яцахь, цхьаъ ялаей, цуьнца ваха */4 сура, 3 аят/.* КхидI«| а боху, амма хьуна мел лаарх а, хьо мел гIертарх а айхьа ба-| лийначу зударшна юккъехь хьоьга нийсо ялур яц / *4 сура, I2д[ аят/.*

Iалайсалам, вайн Пайхамара а, цуьнан асхьабаша а зудчунна] тIе зуда ялош хилла, нагахь санна иза яло цхьа доккха бахьан хилча. Масала, бухара зуда цамгаро лаьцна я заьIап, я доьзалх ца хуьлуш, я божабер ца хуьлуш, дуьненчу даьлларг ца дуьсуIв) хилча. Цкъа-делахь, тIе яло зуда бухарчун бертахь иза реза йолуш ялайора. ШолгIа-делахь, тIе яло зуда муьлхха а, шайн хазъелларг ца ялайора. Да-нана, верас воцуш байлахь бисина мех карий а, хIусамдай белла я тIамехь байина берашца жоьра биси на зударий балабора. И шаьш бало зударий шайн берех а ц: къастабора, берашца цхьаьна балабора, Делан дуьхьа оцу зуда-рийн а, берийн а дола дан. Iалайсалам, вайн Пайхамара шийтт: зуда ялийна боху */Уроки ислама. Махачкала, 1997 г. стр. 6/* царех бархI гIазотан тIамехь хIусамдай белла жоьра бисина, цхьа| берш байш кхобуш болу зударий хилла.

Ткъа нохчаша зудчунна тIе зуда муха ялайо вайна хаьа. Бу-хара зуда иманехь, оьзда,



www.zhaina.com

могаш а, шена муьтӀахь, тешаме йоллу-шехь, цуьнан кӀентий, йоӀарий а боллушехь, иза шен хӀусамдеца а, берашца а яха лууш йоллушехь, шайна хазъелла муьлхха а зуда ялайо. Оцу тӀе ялочу зудчун бераш делахь, иза царех а къастош. Керлачу майрачо цуьнан бераш ненаца дӀа ца дуьгу, иза берашна тӀе а ца йохуьйту, берийн дас цунна бераш ца гой-туш меттигаш хуьлу дукха.

ХӀусамдай а белла, берашца цхьа бисина нохчийн зударий, цхьа наггахь ерг бен, бераш дӀа а тийсина маре ца йоьду. Хийла къона, хаза зударий бу ишттa бисина, бераш кхобуш цӀахь Ӏаш, хеназа къанлуш. Декъаза хуьлу церан дахар. Ков-керт церан кочахь хуьлу. Берашна рицкъа, тӀедуха, когадуха латтадо цара. Даима дӀа царех дог Ӏийжа оцу зударийн. Бераш даккхий хилча, кӀенташна зударий бало, йоӀарий маре бахийта гӀайгӀа бо.

Кхин тайпа зударий бу, берех а къастош битина цӀа бахкий-тина, кхечанхьа маре а бахана шайн берийн сий ца дайа, царна эхь ца дан, маре а ца боьлхуш къанлуш. И шайх дӀакъастийна бераш даккхий хилча, мацца а цкъа шайна тӀедерзаре, царех шайна гӀовла хиларе сатуьйсуш Ӏаш.

Зударшна, берашна а тӀе маренаш дийриш кхин тайпа зуда-рий бу. Цхьанхьа шайн маре ца нисделча, кхечанхьа маре боьл-хуш, мосазза а маре деш. Цхьанхьа маре ца нисделла кхоллам галбаьлча, кхечанхьа шайн ирс ма лаха, дуьненах догдиллий, цаьр-га цӀахь Ӏен ца боху ас. Амма зудчунна, берашна тӀе маре а баха-на доьзалш а ца бохош, зударий боцчу нахе маре баха мегар ма дара уьш. Доьзал а бохош маре боьлху зударий адамаш ма дац. Иштачу зударийн дуьне а, эхарт а декъаза дийр ду Дала.

## 13

Маре дарал хала, чолхе ду шариӀатехь зуда а, майра а дӀасакъастар я вуьшта аьлча — зуда йитар. Оцу хьокъехь дукха а, чӀогӀа а аьлла КъорӀан чохь а, Пайхамаран хьадисашкахь а. Массанхьа а аьлларг зудчун бакъонаш, сий, оьздангалла, мога-шалла ларъеш, доьзал ца бохийта чӀогӀа бух буьллуш а ду.

Зуда йита лакхахь дийцинчех цхьа бахьана хила деза. Юьтуш хилча, цхьацца бутт юкъа а болуьйтуш, кхузза йита боху шариӀато */2 сура, 229-230 аяташ/.* Цхьанаметта кхузза йитар ца магадо.Хан юкъа а йолуьйтуш зуда кхузза йитаран масех бахьана,маьӀна ду. Цкъа-делахь, ойла ян, дохкодала, барт хила хан хуьлу цаьршиннен. ШолгӀа-делахь, зуда дегӀах доьзалхо хьарчаза цӀена хиларан къастам бан хан хуьлу. КхозлагӀа-делахь, шиннен а нахана цаьршинна юккъехь барт, машар бан, доьзал бухучух кӀелхьарабаккха хан хуьлу */2 сура, 228 аят/.* Амма, шозза йи-тича а и шиъ дохко ца далахь, цаьршинна юккъехь машар ца хилахь, кхо бутт баьлча, кхозлагӀа йитича иза гуттаренна а йита-ло, майрачунна юха ца кхочу. ТӀаккха и зуда кхечу стаге маре а яхана, цо йитина цӀа яийтича, хьалха хиллачу майрачунна юха цхьаьнакхета лаахь, дуьххьар ялош санна, там-мах беш цхьаь-накхета бакъо ю */2 сура, 230 аят/.* КхозлагӀа йитталц майра-чун кертахь Ӏен бакъо ю зудчун, амма вовшашца цхьана а тайпа юкъаметтиг а йоцуш. Оцу хенахь цунна кхача а, духар а кхин дерг а латто декхар ву майра.

Зуда а, майра а дӀасакъаьстачу гӀуллакх даьлча, цаьршин-на цхьатерра бакъонаш ло шариӀато. Уьш лакхахь дийцинехь а, юха а карладоху ас. Шиннах цхьаъ вукхунна ямарт, зина лелош делахь а; шиннах цхьаъ доьзалхо цахиларна бехке делахь а; шиннах цхьаъ иэсах даьлла делахь а; шиннах цхьаъ бӀаьрзе делахь а; шиннах цхьаьннан дарба доцу цамгар елахь а; шин-нах цхьаьннан цхьаьна Ӏен ца мегаш Ӏоврат сакхт елахь а; май-рачух дӀакъаста зудчунна бакъо ло, нагахь санна майра барамал тӀех верстина велахь а.

Царал совнаха, зудчунна а, майрачунна а дӀасакъаста бакъо ло, нагахь санна шиннах цхьаъ мел аларх, дехарш дича а, кхера-маш тийсича а Далла Ӏамал еш дацахь. Нагахь санна, зудчунна а, майрачунна а юккъера безам, марзо, барт а юхаметтахӀуттур боцуш боьхна дӀабаьллехь, иза юхаметтахӀотто цаьршиннен гер-гарчийн ницкъ ца кхачахь. ТӀаккха и шиъ шаьш а, доьзал а Ӏазапехь ца латто, цаьршинна дӀасакъаста бакъо ло шариӀато.

Бакъо ца ло доьзалхо хьаьрчина зуда йитина араяккха. На-гахь санна, зуда доьзалхочуьнца елахь, цунах иза паргӀат ял- ■ лалц цунна оьшург а латтош иза хьайн хӀусамехь кхаба, ткъаЯ иза доьзалхочух маьршаяьлча, шаьшшиъ цхьаьнакхеташ хилла-Я чу



www.zhaina.com

бартаца зудчунна дала тIелаьцна урдо, кхидолу совгIаташИ /ахча, мотт-гIайба, даьхний, кхин ерш/ иза реза еш дIа а луш, шиъИ стаг теш хIоттош, йита боху */65 сура, 1,2,4-7 аяташ/.* Дейтта-И пхийтта шо кхаччалц бер нанна кхачадо шариIато, нагахь санна Я иза иманехь кхетош-кхио ненан таро елахь. Оцу хенахь беранаИ оьшург латтор майрачунна тIедожадо. Алименташ эр ду-кх царах.И

Нохчаша, шаьш зуда юьтуш, и лакхахь дийцинарш цхьа а тергалдеш дац. Дукхахьолахь тешаш боцуш а юьту зуда. Иза дуьхьал а йоцуш, хабар тухий а, кехат яздой а юьту. Цкъа я цхьана метта кхузза: «Ас сайна хьарам йина, нахана хьанал а йина йити хьо», — олий а юьту. Иштта йитина зуда шариIатехь йиталуш яц, иштта йитина зуда маре гIахь, шен хьалхалерчу майрачун цIера тIехь а йолуш йоьду, иштта маре хьарам зина лору.

## 14

Доьзалехь цатарбалар, ваьснаш, девнаш, зудий, майрий къас-тар а, дукхахьолахь, маларна тIера дIадолалуш хуьлу. И малар а дукха эвхьазадаьлла нохчашлахь. ХIинца болчу баккхийчу нахах 10-20 процент белахь кхин хир бац къоначу хенахь а, къе-налла герга гIортталц малар малаза. Да молуш хилар боккха бохам бу доьзална. Иза ца дийцича а вайна хууш ду. Дала хьа-рам дина вахош долу малар молу стаг волчу хIусамехь цкъа а иман-беркат, оьздангалла а хирг цахилар вайна даима схьадуьй-цуш ду. Амма, кхин цхьаъ ду цкъа а вай ца дуьйцуш я ойла ца еш. Медицинин Iилмано теллина, чIагIдина ду алкоголикех, нар-команех а дуьнена ваьлла доьзалхо дегIаца, хьекъалца я кхе-тамца цхьа сакхт доцуш ца хуьлу, аьлла. Иманехь муха хир ву и доьзалхо?

Зудчунна а, боьршачу стагана а цхьатерра дихкина зина, цаьр-шинна цхьатерра таIзар а гайтина */24 сура, 2 аят/.*

Уьш дерриг а герггарчу заманахь вай кхочушдийриг хиларх теша хала ду. Уггар хьалха иманах боьхнарш боьрша нах бу. ЦIахь хусамнаной, бераш долу божарий синкъерамашкахула, лов-заршкахула зударшна тIехьийзаш лела. IПайн ярташна гена бевлча, гIаланашка, курорташка, санаторешка садаIа, балха, мехе бахча маларш муьйлуш, шайна хьарам, боьхачу зударшца сакъоь-РУШ лела цхьаболу божарий, нийсса аьлча, зина леладо цара. Иштта, кхечу махка, кхечу къаьмнашна юкъд бахча, цIахь хIусамнаной [а]. бераш долу божарий цигахь кхечу къомах, кхе-чу динехь болу [3]УДарий балийна я царна тIебахана бехаш бу. ТIаккха, цхьа хан яьлча цигара цIа а боьрзий, шайн хIусамнаношца цхьаьна бе-[Ха]- Юха мах ца бича шен хIусамнана хьарам ма ю ишттачу [ст]агана. Иштта лелачу боьршачу стеган бераш иманехь муха

ХИр ду?Сан тидам хилла, юьртахь эхь-иман долу къона стаг цхьа-на-шина шарахь арахьа махка балха я мехе вахча, цуьнан амалш, гIиллакхаш а вочу агIор хийцалуш. Иштта, маларца а, кхечу а бахьнашца а оьздангаллех бухучу нахех ас яздина «Ирхеш» романна а, цхьамогIа дийцаршна а тIехь.

Цхьа пхи-ялх шо хьалха даррехь малар, цигаьркаш йохка ца баьхьара нах. Тахана товар дукхуш ду гIаланийн, яртийн урамашкахь. Къеначу, къоначу зударша а, бераша а. Тахана дукхуш бу, хьанна хаьа, и шаьш дукку малар кхана мала а, ци-гаьрка оза а буьйлабала а мега.

Ойла ел аш, цхьа зуда а ялийна, цкъа маре а бахана шайн доьзал кхоьллинарш дукха бу я шозза а, кхузза а, кхин алсам а зударий балийнарш я маре баханарш дукха бу? Иштта маре-наш долуш я деца, я ненаца а доцуш бераш мел ду? И бераш иманехь, оьзда хьан кхиор ду? Цкъа-делахь, и дукха зударий бало божарий а, я дукха маре ден зударий а ма ца хуьлу оьзда, има-нехь нисбелла. Иман, адамалла, оьздангалла йолчу стага шен зуд-чунна, берашна тIе зуда а ялор яц, зудчунна а, берашна а тIе зуд маре а гIур яц. Акха адамаш ма ду уьи.

Лаххара а шина шарахь шен бер некхах дакхор нанна тIедожадо КъорIано */2 сура, 233 аят/.* Оцу декхарх и паргIатйоккху, нагахь иза цамогущ, сакхте, некхехь шура йоцу-ш елахь. ТIаккха бакъо ло кхечу зудчуьнга бер дакхадайта, нагахь и аьтто бацахь, кхин кхача бао. Ткъа вайн зударша хIун до? Шайн догIмаш кепах, куьцах духур ду бохуш, цкъа а некхе а ц ухьуш, туьканара оьций шишанашца кхача баабо берашна.

Иштта, пхийтта шаре даллалц бер ненаца хила деза аьлла д бусалба динехь. Ткъа


www.zhaina.com

майрачо доьзалхочуьнца а йолуш йитин чу зудчо шен бер дуьненчу ма-даьллинехь, цкъа некхе а ц ухьуш майрачун нахе дIалуш, я ша майрачо йитина дIайохуьйту некхехь долу жима бер дIа а тосий дIайоьдуш а меттигаш ме дукха хуьлу вайна юкъахь.

Ишттачу берийн ирс а муха хир ду, уьш иманехь а хьан кхи ор ду, ишттa доьзал боьхначу я бохийначу доьзалехь иман а мух хирду?

Доьзал кхолла стаг а, зуда а цхьаьнакхеташ дуьххьара йок кхучу гIулча тIехь дуккха а нохчаша дуьззина кхочуш ца д Дала, бусалба дино бусалба адамашна тIедеххкина декхарш. Уь кхочуш ца до зуда а, майра а дIасакъаьсташ а. Нана а, бераш вовшехккъестош уггар дакхийчех къа латадо вай. Зударийн сий

оьздангалла, могашалла, церан бакъонаш ларъе, цаьрца къинхе-таме хила аьлла Дала бусалба адамашна тIедеххкина декхарш талхадо вай. Цундела, кхечу бусалба къаьмнашца дуьстича, нох-чийн къома юкъахь Iаламат дукха бу шозза-кхузза, мосазза зу-дарий балийна боьрша нах а, ишттa маренаш дина зударий а, да-нана дуьненахь дийна а долуш, царех хаьдда байлахь дисина, дакъазадевлла бераш а.

**И тайпа гIуллакхаш бусалба дино магош доцийла ца хууш, ца гуш а бац вайн баккхий нах, Iеламнах, хьаьжой а. Пач-хьалкхан гIуллакхашна а, политикана а юкъа а ца гIерташ, я нийсса аьлча — шайна цахуучу, шаьш охIланаш боцчу гIуллакхашна юкъа а ца гIерташ, адамаш иманехь нисдан хIунда ца гIоьрта уьш?**

## 15

Дала уггар даккхийчу къинойх лерина хьагI-гамо ю вайна юкъахь даима лелаш. Геннара схьадогIуш цхьа кица ду вайн: кхечу къомах болчу наха нохчашка, шун элий муьлш бу аьлла хаьттича, жоп луш хилла боху: тхан элий бац, тхо дерриге а элий ду. Цуьнан кIорггера ойла а ца еш, вай хIинца а дозаллица олу: нохчийн къоман элий, лайш ца хилла, массо а цхьанийс-са бакъонаш йолуш баьхна.

Цуьнан боккъалла маьIна хIун ду аьлча, оха тхешан къонахой цкъа а кьоман коьрте ца хIиттийна, церан сий ца дина, ларбина а бац, тхан цкъа а, цхьа а Iедал ца хилла, тхо анархисташ хилла бохург ду. Амма хIокху тIаххьарчу кхаа бIе шарахь нохчашна тIехь олалла деш элий хилла, нохчийн къомах боцурш. Шайн хьекъале, оьзда, доьналле нах къомана коьрте а хIиттийна, шайн кхоллам церан кара дIа ца бала ХУIII-чу бIешарахь шайна тIехь Iедал латто гIебартойн, чергазойн, гIумкийн, суьйлийн а элий балабора нохчаша. Царна шортта ял а, тоьллачуьра бIеннащ, эзарнаш десятинаш мохк а луш.

ХIХ-чу бIешарахь нохчий Россин олаллина кIел бахча, ур-ат-талла, приставан даржехь а шиъ-кхоъ велахь, кхин нохчо вацара. Округийн хьаькамаш а, кIоштийн приставаш, берриг чиновникаш а оьрсийн, гуьржийн, эрмалойн, хIирийн, дегIастанхойн, кхечу а къаьмнех нах бара Нохчийчохь. Ткъа Советийн Iедал тIедеъча нохчашна тIехь куьйгалла хьан дина вайна хууш ду.

Нохчийн къомана дIаяханчу заманахь а ца хиъна, я ца лиъна, шен хьекъале, кхетаме, оьзда, доьналле къонахой къасто, уьш коьрте а хIиттийна, шен кхоллам церан кара а белла, кхин долу къаьмнаш санна даха. Ткъа къомана тIе цхьа бохам беъча, ишт-та къонахой ша-шах халкъана коьрте нисбелча, уьш лера а, ларбан а ца хиъна я ца лиъна.

Кавказан ламанхойн шайн маршонехьа боламан дуьххьарлерачу имаман Мансуран цIе историхь эзарнаш шерашкахь яха йисина. Амма шен къомана тIе бохам беъча цуьнан коьрте нисвелла иза, ши бутт балале шен нохчаша махках а ваьккхина, ялх шарахь эдагашна /адыгашна/ юкъахь вехира, церан къоман маршонехьа боламна тIехь куьйгалла а деш. Оьрсаша цигара йийсаре вигна иза Шлиссельбургски гIопан набахтехь кхелхина. И шен турпал дIавоьллина меттиг ца хаьа нохчийн къомана.

Таймин Бийболат Кавказехь, Россехь, Персехь, Турцехь гIараваьлла вевзаш тIеман баьчча, говза политик, дипломат, доьналле къонах а вара. Тахана санна, тайпанашка декъаделла нохчийн халкъ цхьана а тоьхна, цунах цхьа буй а бина, паччахьан колонизаторех цуьнан маршо ларъян гIоьртира иза. I825-чу шеран май баттахь Майратуьпахь шозза нохчийн къоман гулам гулбира цо, имам харжийта. Цкъа гулбелча, барт ца хилла, дIасабахара нах.


www.zhaina.com

25-чу майхь, шозлагӀа гулбелча, нохчо ца харжа, ДегӀастанарчу Кудутлу юьртара схьаваьлла суьйли Махьмуд имам хаьржира. Цамгаро лаьцна Бийболат паччахьан эскарийн командованин ямартлонца цуьнан чӀирхоша гӀумкаша вийра. Иза дӀавоьллина каш мичхьа ду ца хууш, къийсамаш бу тахана а. ДегӀастанахь имам кхайкхийначу Шемалан имамалла шаре а дер дацара нохчийн баьччанаш Ташу-Хьаьжа, ШоӀип-молла, Удди-молла, Жовтха, Домби, Оьздамар, кхин, кхин а ца хиллехьара. Нохчийн тӀемалоша ДегӀастана а боьлхуш цигахь цунна гӀо дора. Нохчийчухула цунна тӀегӀерта оьрсийн эскарш сецадора. 1839-чу шеран августехь шайна гӀо деш виъ эзар гергга дегӀастанхо а волуш оьрсийн эскарша Ахульго дӀалаьцча, шеца ворхӀ накъост а волуш шен доьзалца Шемал ведда Нохчийчу веъча, лакхахь цӀераш яьхначу нохчийн баьччанаша тӀелецира иза. І840-чу шарахь Нохчийчохь юкъара гӀаттам болабелча лакхахь цӀераш яьхначу баьччанех муьлхха а имам хила хьекъал, Ӏилма, доьналла долуш воллушехьа, нохчо ца харжа, Шемал имамхаьржира нохчаша. Цул тӀаьхьа, пхи-ялх шо далале, нохчийн оцу къонахойх цхьа а дийна ца висира. ШоӀип-молла, Удди-молла, Домби нохчаша шаьш байира Оьздамар нохчаша тӀелаьцначу гӀумкийчо вийра, биснарш тӀамехь байира, я цамгарх кхелхира.

ЗаьӀапхо хилча а ца соцуш, къанваллалц шен къоман маршонехьа къийсина БойсагӀар, уггар хала киртиг тӀехӀоьттича, массара дӀа а тесна, шен доьзалца цхьа висча, йийсаре вигна Хасин-юртахь ирхъоьллира.

Цуьнан а тӀехӀотта кошан барз бац.

Оьрсийн гӀарабевллачу инарлийн Граббен, Воронцовн эскарш-на тӀехь толамаш баьхна гӀараваьлла ши полководец вара цӀонтаройн ШоӀип-Молла, шелахойн ТӀелхаг а. Цаьршиннен тӀеман тактика тахана а Ӏамош ю Россин тӀеман академешкахь. ШоӀип-Молла шен цӀонтароша вийра. ТӀом чекхбаьллачул тӀаьхьа, 60-чу шерийн юьххьехь, цамгарх дӀакхелхира ТӀелхиг. Иза дӀавоьллинчу буса цхьана наха кошара схьадаьkkхина цуьнан дакъа, цуьнан доьзалан цӀийнан неӀарна арахьа тӀе а тов-жийна, дӀахӀоттийнера. Ӏуьйранна доьзало неӀ схьайиллича, цӀа чу охьадоьжнера ТӀелхиган дакъа...

**Нохчашна дага а ца вогӀу шайн заманахь Россин тӀеман историехь гӀараваьлла и ши полководец.**

1877-чу шарахь хиллачу нохчийн гӀаттаман куьйгалхо 26 шо хенара къона Ӏаьлбаг-Хьаьжа, гӀаттам хьаьшначул тӀаьхьа ша бахьанехь халкъ ца хьийзадайта, шен лаамехь Ӏедална тӀевахара.-Ӏедало ша ирхъуллур вуйла хуъушехьа. Ша тангӀалкхашна кӀел вига тӀевеанчу эпсарна мийра тоьхна цергаш яьхна, цхьаьнг-ге а шех куьг ца Ӏуттуьйтуш, вахана гӀанта хьала а ваьлла, ша-шен логах муш а тесна, ша ког тоьхна кӀелхьара гӀант дӀа а харцийна, ирхъоллавеллера иза.

Ӏаьлбаг гӀаттамна коьрте хаьржича, иза къобал ца вира цуь-нан шен зандакъойн тайпано.

**Ӏаьлбаг-Хьаьжин а, Соьлжа-ГӀалахь цуьнца цхьаьна ирхъоьл-линчу нохчийн шийтта турпалхочун каш дац, уьш дӀабоьхкина меттиг а ца хаьа нохчийн халкъана.**

**Россехь а, гена мехкашкахь а цӀе йоккхуш нохчийн къоман турпалхо вара Харачойн Зеламха. Нохчаша шаьш ямартлонца вейтира иза. Дийца воьлча нохчийн историехь дукха ду и тайпа масалш.**

Кхечу къаьмнашца цхьа а тайпа хьагӀ яц сан, цаьрга боккха лерам а бу сан. Дуьненахь цхьа а зуламе, вон къам дац, амма массо а къаьмнех зуламхой бовлу. Дуьненара дерриге а къаьмнаш цхьана Дала кхоьллина. Цхьана заманахь Нохчийчу, нохчийн къомана тӀебаьхкина, цо тӀелецна нах вон хилла ала а ца гӀерта со. Со ала гӀертарг кхин ду. **Шен къонахой дӀа а тоьттуш, уьш сийсазбеш, уьш ца ларбеш, кхечу къаьмнех нах коьрте а хӀиттош, хӀунда даьхна вайн халкъ? Вайна вешан къонахой хӀунда ца бевза, уьш коьрте хӀунда ца боху, цаьрга ла хӀунда ца дугӀу, уьш хӀунда ца ларбо? Вайна къонахчунна — къонах ву, дикачунна — дика ву, хьекъалечунна — хьекъал долуш ву ала хӀунда ца лаьа. Шечул алсам сискал, бахам берг, шечул дика хӀусам ерг хӀунда ца веза? Вайн вовшашца Ӏ хьаьънаш хӀунда ю, барт хӀунда ца хуьлу?**

Суна хетарехь, хӀокху XX-чу бӀешеран юьххьерчу муьрехь нохчашлахь коьртехь хьекъал, Ӏилма а, доьналла а долуш стаг вара Эльдарханов Таьштамар. Тифлисехь хьехархойн



www.zhaina.com

инетитут а яьккхина, нохчийн халкъ дешаран серлонга даккха гІерташ болх а бина. Теркан областерчу къаьмнаша Пачхьалкхан Думе депутат а хаьржина, цигахь Іаламат хьекъале, чулацаме къамелаш дина. Революци хилча цхьана а партина юкъа ца вахара иза. Амма Нохчийчохь, Къилбаседа-Кавказехь хиллачу политически хиламашкахь жигара дакъалецира цо. Цкъа Горски Республикан серлонан министр вара иза, тІаккха цуьнан ЦИК-н председатель. ТІаьхьа Нохчийн Автономин область кхоьллича цуьнан ревкоман председатель, тІаьххьара. а нохчийн къоман хьалхарчу съездо областан ЦИК-н председатель хаьржира иза.

20-гІа шераш дуьйладелча Т.Эльдархановна дуьхьал болх бан йолаелира нохчийн ялх тоба. Коьртачу декъана цара иза бехкевора, цо шен болх баккхийчуй, Іеламнаханий тІетийжаш бо, иза шарІан суд ларъярехьа ву, хІетахь Нохчийчохь кхоллаелла комсомольски организаци цо дІасахецна, бохуш. Ас дешна оцу къийсамах лаьцна Нохчийн облЧК-н начальнико Ростоверчу край-ЧК-н начальнике яздина рапорт а, шена тІекхоьллина харц) эладитанаш Іорадохуш Т.Эльдархановс А.Микояне яздина ке-| хаташ а.

Оцу мотт-эладитанашца І925-чу шеран сентябрехь облЦИК-н председатель волчуьра Т.Эльдарханов дІа а ваьккхина, цуьнанІ метта балкхаро Энеев Мохьмад хІоттийра. Т. Эльдархановца] цхьаьна мукъабехира ЦИК-н декъашхой: 3. Шерипов, У. Гойсу-мов а. ТІаьхьа лецна хІаллакбира Митаев Іела, Соип-Молла, кхин| цхьамогІа гІарабевлла Іеламнах.

Нохчийн республикан партийни организаци кхоллаелчхьа-І на дуьйна 1990 шо кхаччалц цуьнан хьалхара секретарь нохчо ца хилла. Дуьххьара партин оргбюрон хьалхара секретарь оьр-си вара, тІаккха — гуьржи, цунна тІаьхьа, Т.Эльдархановна дуь-хьал жигара къийсина балкхаро Энеев Мохьмад вара, иза дІаваьлча даима оьрсий лаьттина КПСС обкоман хьалхара сек-ретараш. Ткъа оццу хенахь Къилбаседа-Кавказан ерриге а рес-публикашкахь КПСС-н обкоман хьалхара секретараш даима мет-тигерчу къаьмнех нах бара. 80-чу шарахь дара моьтту суна, цхьа ДегІаста йоцчу ерриге а республикашкахь КПСС-н обкоман хьал-хара секретараш оьрсий хІиттийра, амма уьш дукха ца битира.

ДегІастанахь гІаланийн, яртийн районийн организацийн хьал-хара секретараш берриге а меттигерчу къаьмнех нах бара. Ткъа вайн республикехь муха хилла вайна дика хаьа. Соьлжа-ГІалин а, гІалин районийн а парторганизацийн хьалхара секретараш цкъа а нохчий ца хІиттабора. Районехь бехарш берриге а нохчий боллушехь, цкъа а нохчо ца хІоттийра Гуьмса районан партор-ганизацин коьрте. Дукхахьолахь оьрсий хуьлура КПСС-н Шелан, Хьалха-Мартанан, Надтеречни, Веданан районийн парторганиза-цийн хьалхара секретараш. ТІаьххьарчу хенахь КПСС-н Веда-нан райкоман коьртехь оьрсийн зуда яра. І957-чу шарахь дуьйна республикан МВД-н, КГБ-н, прокуратуран, суьдан, финансийн коьртехь нохчо вацара.

Нохчийчохь партийни организаци кхоллаелла 70. шо кхаьчча, КПСС ЦК-н бертаза, дуьххьара нохчо Завгаев Докка хаьржира цуьнан хьалхара секретарь. Иза декъалвеш, и денош даздира Нохчийчохь, сагІанаш дохуш, мовладаш доьшуш, ловзарш деш меттигаш а хилира. Амма цхьа шо а далале цунна дуьхьал митингаш йолийра Соьлжа-ГІалахь. Эххар а иза а, Лакхара Совета, правительство а дІасалаьллира.

Тамашийна амал ю нохчийн. Кхечу къаьмнех болчу куьйгалхошна цкъа а арз ца яздора нохчаша лахахь а, лакхахь а, амма оццу даржашка нохчо хІоттийча, цунна аьрзнаш яздора Моск-варчу массо а инстанцешка. Цхьабакъду, цхьаболчу нохчашна шаьш дарже нисбелча, иза лардан ца хаьара. Курабовлу, харцо-нащ, хьарамлонаш лелайо, озабезамаш бо, нехан а, шайн къоман а бала ца хуьлу. Иза а ду-кх вай кхетамна тІаьхьадисар.

Массо а къомо шена гІуллакхаш дина гІарабевлла дуьненара дІабахана шайн турпалхой, Іилманчаш, яздархой, кхиберш ле-раме дагахь латтабо. Масала, ДегІастанахь церан хІолламаш, музейш, урамийн цІераш ю уьш бинчу ярташкахь а, Махачкалахь. Нохчийчохь яц. Харачойн Зеламханан ю бохуш скульптуран памятник яра Сиржа-Эвла уллохь, Ведана боьдучу некъа йис техь. Цунна гонахара керт йохийна, говран а, Зеламханан суртана а тІе нийсалла тоьпаш йиттина, меженаш йохийна. Асланбе Шериповн цІарахчу тхан колхозан конторан кертахь дик бина хІоллам бара цуьнан. Иза а бохийна дІабаьккхина. Цхьа на Мамакаев Іаьрбин музей ю Лаха-Неврехь, цуьнан кІанта Эдуарда вовшахтоьхна, ларъеш.

Нохчийн къам кхетамца тІаьхьадисаран кхин а цхьа билга ло ю иза а.



www.zhaina.com

## 16

Цкъацкъа вешан кхетамца берийн амалшка доьрзу вай. Ваьшна цхьаммо, къаьсттина кхечу къомах волчу стага, я цхьа на тобано хаза хабар дийцича, царех атта теша, Іехало. Хьекъал нах цкъа а сийлахь ца хилла вайн къоман. Майра стаг, иза зу ламхо велахь а, цунах бІаьрг бузу. Хьекъале ву аьлча, нохчочун на хІумма а тамашийна ца хета, амма ша майра ву аьлча, и шен майралла гайта гІерташ, ши бІаьрг хьаббой, цІерга гІерта.

Оьрсаша, европейцаша а хьалха заманахь нохчех лаьцна оьр сийн маттахь яздина зорба тоьхнарш, дерриг бохург санна, дешн ас. Цара массара нохчий майра, доьналле, говза тІемалой бу аьл-ла, амма цхьаммо а уьш хьекъале бу аьлла яздина ца гина суна.

Вайн къам даима атта Іехалуш хиларан историера цхьа ма-сех масал даладо ас.

І705-І7П-чуй шерашкахь оьрсийн Іедална дуьхьал герзаца гІаттам хилира башкирийн. Оцу къийсамехь арахьара гІо оьшур царна. Я вуьшта аьлча, оццу хенахь Россера кхидолу къаьмна а оьрсийн правительствана дуьхьал гІовтта лаьара. Оцу Іалашонца Къилбаседа-Кавказерчу къаьмнашна юкъа бахкийтира цара уьш гІовттаме кхойкхуш, амма цхьаммо а церан кхайкхам тІе ца лецира. І708-чу шарахь Усрара схьа нохчийчу веанчу башкира Мура-та шайга и кхайкхам бича, иза имам а хаьржина, цунна тІаьхьа а хІиттина Терка-ГІала дІалаца бахана дуккха а нохчий цигахь байира. ТІаккха Терка тІерачу а, Астраханерчу а воеводаша шайн эскаршца Нохчийчу а баьхкина луьра таІзар дира нохчашна.

«Шул майра, доьналле къам дац хІокху лаьмнашкахь, исла-ман бІогІамаш ду шу!« — бохуш, хестош паччахьан Россина дуь-хьал ткъа шарахь нохчашка тІом байтира Шемала. Оцу тІамех ах хІаллакьхилла нохчийн халкъ а, ягийна, талийна чІанаяьkkхин

Нохчийчоь дІа а тесна, ДегІастана дІавахана иза, ши бутт бала-ле цигахь шен доьзалца цхьаьна оьрсийн йийсаре вахара. Паччахьо сий деш тІеийцира шен йийсархо. Паччахьана муьтІахьаллина дуй биира Шемала. Ткъа паччахьо цуьнан кІенташна дворянство елира, имаман зударшна безачу механ совгІаташ дора. Калугехь царна баха хаза, йоккха дворец елира, царна баттахь пхийтта эзар сом ахча лора. Цхьана кІантана, Мохьмад-Шафина, инарлин чин делира паччахьо. ШолгІаниг ГІеза-Махьма, тІаьхьа туркойн эскарийн инарла хилира. Иштта, йийсарехь гІуллакхаш вон ца хилира, нохчаша шайн ах халкъ хІаллак а дойтуш, шайн ярташ а ягайойтуш, ткъа шарахь ги воьллина лелийначу Шемалан.

Ткъа герз карахь леташ йийсаре лаьцна шайх Мансур ко-гех-куьйгех гІоьмаш а тоьхна набахтехь валлийнера. Сибрех ба-хийтинчу нохчийн наибашна Атин Атабина а, Дуин Іуммина а кхачанна, духарна баттахь пхиппа сом лора. Шемална а, тІамна а дуьхьал, машарна, халкъехьа гІеттина эвлаяъ Кунта-Хьаьжа нохчийн цхьацца Іеламнехан гІоьнца махках ваьккхира Шема-ла. Имам йийсаре ваханчул тІаьхьа, Даймахка цІа вирзича, нох-чийн ямартлонаш бахьана долуш паччахьан Іедало лаьцна Во-логодски губернерчу Устюжине ссылке вахийтира иза. Цигахь цунна кхачанна а, духарна а дийнахь-буса Іедало кхо кепек харж йора...

І876-чу шарахь нохчийн, дегІастанхойн, абхазийн, сванойн а тхьамданаша барт бира паччахьан Іедална дуьхьал халкъаш гІовтто. ДегІастанарчу тхьамданийн зІе яра хІетахь Стамбулехь вехачу туркойн эскарийн инарлица Шемалан кІантаца ГІеза-Махьмица. Барт хиллера, гІаттам хьалха сонтачу нохчаша а бо-лош, тІаккха дегІастанхой, абхазаш, сванаш а гІовттуш. І877-чу шеран ІЗ-чу апрелехь нохчаша гІаттам болийра. ДегІастанарчу тхьамданаша ГІеза-Махьмин пурбане ладоьгІуш гІаттам ца болош пхи бутт гергга хан елира. Оццу хенахь паччахьан эскар-ша йоккхачу къизаллица хьаьшира нохчийн гІаттам. Оцу гІаттамехь жигара дакъалецира Салатаеверчу а, Іаьндарчу а Дуккха а суьйлаша. Амма нохчийн гІаттам хьошуш оьрсийн эскаршна гІо деш а бара иттех эзар дегІастанхой. Уьш хилла а Ца Іара. Нохчийн, гІалгІайн, хІирийн, гІумкийн а дошлойн отря-Даш а яра. Оцу хІора йолахочунна баттахь пхийтта сом ял лора, Цул совнаха, нохчийн ярташ тало маршо еллера царна, дийна я вийна тІевалийнчу гІаттамхочух 25 сом ахча а лора. Нагахьсанна нохчашна дуьхьал дика латахь, дегІастанхойн йолахошна нохчийн латта лур ду аьлла дош а деллера Теркан областан хьаь-камо инарла Свистуновс.



www.zhaina.com

Нохчийн гІаттам хьаьшначул тІаьхьа, дегІастанхойн тхьам-данийн бертаза халкъ гІеттира ДегІастанахь. ТІаккха, цабевл-лачу денна, гІаттамна коьрте хІиттира дегІастанхойн ханийн, бекийн тІаьхьенех нах. ДегІастанахь гІеттинчу халкъан дехар-ца цунна гІоьнна бахара нохчийн гІаттаман тхьамданаш. Амма уьш Тилитлахь а, СогІратлахь а ямартлонца оьрсийн инарлашка дІабелира дегІастанхойн феодалийн тІаьхьенаша.

**ХІетахь хьалхе яьккхинчу нохчийн гІаттам чекхбелира ма-сех эзар стаг вийна, иттаннаш ярташ ягийна, бІеннаш доь-залш Сибрех а кхалхош. ГІаттаман 13 куьйгалхо ирхъоьлли-ра, ткъа стаг ткъаттІа шераш а, оьмарна а хенаш тоьхна ка-торге вахийтира.**

Оцу гІаттаман кхолламах льацна ю сан «Лаьмнашкахь ткъес» роман. I9I9-чу шеран июнехь ДегІастанара эккхийна Узун-Хьаьжа Ведана а веана охьахиира. Кхузахь цо Къилбаседа-Кавказан эми-рат» а, ша цуьнан эмир а кхайкхийра. Иза къобалвеш, дуккха а нохчий тІаьхьахІиттира цунна. Вуьшта аьлча, нохчаша тІелецира иза.

I92I-чу шеран январехь суьйлийн гІаравааьллачу хьоладас Го-цинский Нажмуддина а, Шемалан кІентан кІанта СаьІид-бека а Іехийна Советийн Іедална дуьхьал халкъ гІеттира Ведана кІоштахь. И гІаттам йоккхачу къизаллийца хьаьшира НКВД-н эскарша. Кхузахь халкъан цІий а Іанадайтина, СаьІид-бек ша схьа-веанчу Турце, Саудовски Араве дІавахара, ткъа Гоцинский виси-ра 1925-гІа шо кхаччалц. Оцу деа шарахь иза бахьана долуш лаьм-нашкахь дукха нохчий хІаллакбира ЧК-н, НКВД-н а эскарша.

Иштта, арахьара тІебаьхкинчу нахах тешаш, Іехалуш царна тІаьхьа хІуьттуш, даима шаьш хІаллакбайтина нохчаша.

I9I7-чу шарахь Россехь революци хилча большевикаша Декрет даьккхира: Россерчу къаьмнашна маршо а, шайн пачхьалкхаш кхолла бакъо а лур ю аьлла. ТІаккха, бусалба халкъашна, церан динна маршо лур ю аьлла, кхайкхам бира. Большевикаша дуьй-цург шаьш бІешерашкахь сатийсинарг, цуьнгахьа къийсинарг хиллехь а, ларлуш хилира Къилбаседа-Кавказера кхидолу къаьм-наш. ТІаьхьа, граждански тІом болуш а, нохчаша санна больше-викашкахьа доггах къийсам а ца латтийра цара. Амма нохчий, гІалгІай а шайн баккхий нах, Іеламнах хьалха а болуш, большевикашна тІаьхьахІиттира. Муха ца хІуьтту, С. Орджоникид-зес а, С. Кировс а **«майра, кура гІалгІай, нохчий цхьаъ санна массо а Советийн Іедалехьа гІевттина. Терка тІехь Советийн Іедалан кхоллам Нохчийчохь а, ГІалгІайчохь а къастош бу»** бохуш, уьш хестийча!

И шайн «майралла а, куралла а» гайта гІоьртина бІаьргаш хьабдина, лергаш къевлина, даима санна цІерга лилхира нохчий. Деникинан 40 эзар эпсарх вовшахтоьхна тоьлла эскарш кхузахь дохорца нохчаша, гІалгІаша а юкъахйитира Деникинан Москва тІе кечйина поход. Ткъа ламанан кхечу къаьмнаша, моттаргІанна санна, наггахь герз а кхуссуш, атта даьккхира Советийн Іедал, ткъа «майрачу, курачу нохчаша а, гІалгІаша а» беза мах текхира цунах. Оцу тІамехь эзарнаш тоьлла кІентий хІаллакхилира, иттанаш ярташ чим беш ягийра. Оццул шена муьтІахь хиллачу нохчашна а, гІалгІашна а хІун баркалла элира болыыевикаша, Советийн Іедало? 20-30-чу шерашкахь Къилбасе-да-Кавказан цхьана а регионехь ца хиллачу тайпана боккха-чу барамехь репрессеш йира кхузахь, эххар а и ши халкъ лах-хьийна махках а даьккхира!

## 17

Цкъачунна истори Іадда а йитина, кхузаманахьлерчу вайн амалшна тІеволу со. I99I-чу шарахь дуьйна схьа вай лелочу гІуллакхашка а хьаьжна ойла йича го, шайн амалшца, кхетамца нохчий ши бІе шо хьалхалерчех галбовлар бен, хІумма а дикачу агІор цуьрриг а хийцабелла цахилар.

Суна ца хезна, I99I-чу шеран августехь Москвахь ГКЧП-н путч хилча, СССР чохь дехачу цхьана а жимачу къомо цунна дуьхьал митинг йина, оцу къаьмнех наха Россин парламент ларъеш дакъа-лаьцна, бохуш. ХІетахь а, цхьана а къомо цадинарг дира нохча-ша. Соьлжа-ГІалахь ГКЧП-на дуьхьал митинг а йира. Оцу де-ношкахь Россин парламент ларъеш кхо бІе къона нохчо вара бохуш, дозаллаш а дора. Дера, вай санначу къаьмнашца изза деш вай юьстах латтар а нийса хир дацара, амма массарна а юкъара схьа а къаьстина, цхьаммо а



www.zhaina.com

цадийриг деш верг иэсехь вац.

Цкъа СССР-н халкъан депутатийн съездехь цхьаммо шен къамелехь, Iоттар а еш, дешнаш элира, Узбекистанан куьйгалхо И. Каримов ГКЧП-н куьйгалхощца уьйр йолуш хилла, аьлла. ТIаккха трибуне хьалаваьллачу Узбекистанан депутато эли-ра, ГКЧП-н путч йолчу деношкахь И. Каримов республикехь вацара /Инде я Пакистане вахана/, цигара иза цIавирзича, вай муьлхачу агIор хуьлу аьлла шега хьттича, Каримовс элира, вай цхьана а агIор хир дац, ша кегийна худар Россис ша дуур ду, вайн гIуллакх дац цу юкъагIерта.

И Россин пачхьалкх, Iедал бахьана долуш массо а заманахь бохамаш хиллачу, халонаш, баланаш лайначу нохчийн жимачу халкъан хIун бала бара, ша санна долу кхин къаьмнаш санна, юьстах а даьлла, тийна-таьIна ца Iаш, Россин чоьхьарчу гIуллакхашна, цигахь Iедал къуьйсучу политически тобанийн, гIеранийн а девнна юкъагIерта?

Даррехь а, къайлах а ГКЧП-н агIорхьа бевллера цхьайолчу республикийн цхьацца куьйгалхой, къаьсттина а ХIиричуьра. Амма цхьана а къомо оцу тIехь шайн куьйгалхой бехке ца бира, цхьа нохчий боцчара. ГКЧП-х «дог лезнарш« лоьхура хIетахь районашкахь а цхьаьна. Масала, ГКЧП-н кхайкхам зорба хIунда тоьхна бохуш /цуьнан гIуллакх эшам хуьлуш дирзинчул тIаьхьа/, КПСС НажинЮьртан райкоман бюрохь хьийзира рай-онан газетан редактор Гайрбеков Чага.

ГКЧП-на дуьхал Соьлжа-ГIалахь митинг ярна а, Россин Ла-кхара Совет ларъеш Москвахь 300. нохчо латтарна а муха бар-калла элира нохчашна Ельцина а, цуьнан тобано а? Цул тIаьхьа кхо бутт баьлча нохчийн къомана таIзар дан Нохчийчу цкъа эскарш хьовсийра, хIетахь дуьйна массо агIор Нохчийчоьнна блокадаш латтайо, шо даьлча гIалгIашна тIехь динарг а вайна хууш ду.

Ткъа ГКЧП-н куьйгалхошна а, оцу путчан жигарчу дакъа-лацархошна а тIехь хIинца суд ца йина. Царех цхьаберш А. Лукьянов, А.Дзасохов, кхин, кхин а Госдуман депутаташ хаьр-жина. Ткъа хIетахь Ельцин а, цуьнан парламент ларъеш Iожаллина хьалха лаьттина вайн махкахо Хасбулатов Руслан оццу Ельцина а, цуьнан тобано а Лефортан набахте кхоьссина.

СССР йоьхначул тIаьхьа цхьана а къомо шайн Лакхара Со-вет а, правительство а дIаса ца лаьллина, беккъа цхьа нохчий боцчара. Нохч-ПалгIайн республикан Лакхара Совет а, прави-тельство а дика яра ца боху ас. Царна тхаьш реза цахилар оха цхьадолчара дIахьедира хIеттахье */Обращение к гражданам республики. «Голос Чечено-Ингушетии», 3 сентября 1991 г., № 171; «Даймохк», I сентябрь 1991 шо, № 106/.*

Лакхара Совет дIасахеца езара Конституцица нийса догIучу некъашца. Ткъа нохчаша митингаш еш, Лакхарчу Советан сес-си дIайоьдуш зала чу а лилхина, нуьцкъах аракхийсира депута-таш.

Нохчий боцчара шайн республикан лакхара куьйгалхой ца хийцира. Масала, Азербайджанехь, Арменехь, Гуьржехахь, Узбе-кистанехь, Туркменистанехь, Казахстанехь, Татарстанехь, Баш-кирстанехь, ДегIастанахь, ХIиричохь, ГIебартойн-Балкхарехь, и. дI. кх. а. Ткъа нохчаша «коммунисташ куьйгаллехь буьтур бац вай», бохуш, республикан а, районийн а куьйгалхой дIабехира, митингаш а еш. Церан меттигаш дIалийцира коьртехь Iилма а, белхан говзалла, корматалла а йоцчу, атталла бригадана тIехь куьйгалла а ца динчу, митингашкахь чIогIа маьхьарий хьекхна-чу наха. Лакхарчу куьйгалле наха хаьржинарш а коммунис-таш бара дукхахберш, амма халкъан кхолламца Цхьа а тайпа бала боцуш, сутара, ямарт нах. Уьш бу тахана нохчийн къоме хIиттинчу халонашна бехке а, жоьпалле а.

Доцца аьлча, вайн къомо шегара майралла гайта гIерташ ду-кха хьалхеш яьхна кхечу къаьмнашна юкъахь хIокху тIаьхьарчу кхаа бIе шарахь, амма цкъа а толам ца бисина цуьнгахь, эша-маш, бохамаш хуьлуш дирзина дIа мел долийна гIуллакх. Ла-кхахь ма-аллара, цхьаммо я цхьана тобано, къаьсттина а кхечу къомах наха, ваьш майра ду аьлла хастийча, атта Iехало, цара хIуъа туьйра дийцича а иза бакъ хеташ, теша.

I99I-чу шеран августехь — октябрехь а масех эзар стаг а гуллуш митинг лаьттира Соьлжа-ГIалин майданахь. Дукхахберш бак-кхий нах, хьаьжой, зударий. И митинг вовшахтоьхначара царна кхача а латтабора. Нийсса аьлча, колхозийн, совхозийн ялта, даьх-ний дойуш, предприятийн ахчанех харж еш. Гуьржехара, Азер-байджанера,



www.zhaina.com

ДегIастанара, Прибалтикера, Пебартара, Абхазера, Та-тарстанера, кхечу мехкашкара шайн халкъийн векалш ду шаьш бохуш Нохчийчу схьаоьхучу наха оцу митингашкахь, телевиде-нехула а къамелаш дора нохчийн революци, нохчийн майралла, доьналла а хестош. Мацах С.Орджоникидзес, С.Кировс санна, «Кавказан кхоллам Нохчийчохь къастош бу, шаьш схьалаьцна-чу некъа тIера духа ма довлалаш, майра нохчий!», бохуш. Цара чIагIонаш йора шайн халкъаш муьлххачу а бохамехь а нохчаш-Ца цхьаьна хир ду, бохуш. Амма нохчаша шайн къоман йозуш йоцу маьрша пачхьалкх кхайкхийча, церан правительствоша иза къобалъеш дош ца элира, вайн халкъана тIе халонаш хIиттича, хьана а халкъо гIо ца до. ХIинца бистхуьлу а ца хеза и «хал-къийн векалш»

Суна массарначул а тIех чIогIа лаьа нохчийн йозуш йоцу маьрша пачхьалкх хила, нохчийн халкъ дуьненахь сий-лерам болуш хьоле дехийла. Амма и лаам кхочушбан аьттонаш, таро-наш ма еза. Ткъа тахана иза а, важа а дан вайн ницкъ бац. Со ала гIертарг кхин ду: арахьарчу наха дуьйцучу хазчу туьйранех вай хIунда Iехало? Вайн лулара къаьмнаш а ма дац вайл кIилло а, сонта а. Вай даима кхечу къаьмнашна юкъахь хьалхеш хIунда йоху? Вай вешан хьекъале, кхетаме, оьзда, доьналле къонахой хIунда ца лбьру, хIунда ца ларбо? Вай вешан дахар даима май-раллица, герзаца, тIамца кхолла хIунда гIерта, цкъа мукъане а кортошца, хьекъалца болх бан хIунда ца гIоьрта?

## 18

Муьлххачу а колонизаторша шайна цхьа мохк дIалаца, ци-гара халкъ шайн олаллина кIел дерзо дагадеъча, уггар хьалха цуьнан амалш, гIиллакхаш, Iадаташ, кхетам толлу. ТIаккха оцу халкъан баьччанаш, динадай кхерош, кхаьънаш луш оьцуш а, царна юкъа питанаш туьйсуш, и халкъ дакъошка а доькъий, гIорасиз до. Нохчийн халкъана тIехь дIаяханчу заманахь ди-нарг, тахана а деш ду иза. ТIаккха дуьхьало ян я ницкъ а, я барт а боцу и халкъ шен олаллина кIел а даладой, даима иза бода-нехь латтадо, цуьнан мотт, истори, культура а хIаллакьярца цу-нах манкурт до.

И Iалашо кхочушъяр тIедуьллу метрополира схьа колонешка бохкуьйтучу тIеман, граждански, динан а, массо а даржашкарчу чиновникашна. ПIайна гIоьнна меттигерчу халкъа юкъара бох-калуш, эцалуш болу нах къастабо цара. Хьекъале, кхетаме бо-луш, амма шайн къоман кхолламан, бохамийн бала боцурш, шайн аьттонан бен ойла цайийраш, сутара, ямарт, къиза нах. Цабох-калурш а хуьлу, дуьхьало йийраш а хуьлу, амма колониальни Iедалша уьш шайна кхерамечу даржашка ца буьту, хIаллакбо я махках боху.

Нохчийн къам цунна шеначул дика девзара паччахьан ко-лонизаторшна, тIаьхьа советски-коммунистически Iедална, цуьнан истори, культура, хьекъал, кхетам, гIиллакхаш, амалш а. Тукхамаш, тайпанаш, гараш, вирдаш а. Бартбацар, хьагI-гамонаш, мостагIаллаш. Нийссааьлча, шен къоман исторех нохчаш-на хуург оьрсаша яздинарг бен дац. ХIунда аьлча, хIинца тIаьххьалц нохчийн къомах ца хилла шайн къоман мотт, исто-ри, культура дIаязъян, ларъян, кхио а кхетам, Iилма долуш нах. Оцу хьоле нохчийн къам кхачоран бахьанаш ас лакхахь дий-цина.

Цундела, вешан къоман кхоллам вайн карахь бисча, шаьш ма-ярра гучуевлла вайн сиркхонаш. Тахана къеггина хаало хьекъалечу Шемала «Нохчийн шайн къонахий лакха тIе хьала-бохуш гу а бац, зуламхой чутуьйсуш ор а дац»,- аьллачу деш-нийн кIорга чулацам. Шемалан и хьекъале дешнаш нийсса бIостанехьа маьIнехь леладо нохчаша. Нохчийн гу а бу, ор а ду. Амма вешан къонахий, турпалхой дуьненахь дийна болуш, сий-сазбеш ор чу туьйсу вай я бойу. Цунах лаьцна лакхахь масех масал далийна ас. Ткъа вешан зуламхой хестош гу тIе хьалабо-ху я цхьа ор чу ца тосу.

Сайн хестор дац сан хIара, «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романаш арайовллалц, иллешкахь буьйцу Таймин Бийболат, Мадин Жаьммирза, Адин Сурхо, Эвтархойн Ахьмад, кхин масех воцург нохчашна буьйцу а ца хезнера, дIадаханчу бIешеращкахь нохчийн къоман маршонехьа къийсамехь шайн синош дIаделла бакъболу нохчийн къоман турпалхой. ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь гучубевллачу керлачу политикаша шайн Iалашонна эшча дагабаьхкина царех байракх йина айбира шайх Мансур,



www.zhaina.com

БойсагIар, кхин масех а.

Тахана мелла а халкъана вевзаш, халкъо лоруш а волу цхьа а стаг ца витина вай цунна тIе и эхье цхьа эладита ца кхуллуш, ца бехвеш. Нохчийчохь а, махкал арахьа бехарш а. Иза Iаламат доккха, зуламе сакхт ду нохчийн.

Амма вешан къомана ямарт хилла, бохамаш бина, зуламехьа бевлла нах, уьш дуьненахь дийна болуш а ца совцийна вай, дуь-ненара дIабевллачул тIаьхьа царех бакъдерг олуш историхь цIераш яха а ца лаьа вайна. Цхьана зуламечу нехан меттанаш-ца, ямартлонашца Iедало байина я махках баьхна вайн къоман къонахой, эвлаяаш а. Советан Iедал тIедеъча къоман заза хилла эзарнарш нах хIаллакбина. ТIаккха халкъ махках даькккхина. Оцу бохамашна бехке Iедална тIе къайлах меттанаш кхоьхьуш, даррехь органашкахь гIуллакх деш вайнах а ма хилла.

## 19

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь цхьацца Iилманчаш бевлл шаып къоман «керла истори» язйо, бохуш. Хетарехь, цера Iалашо ю 1917 - 1990 шерашкахьлерачу вайн халкъан историн тIера 1917 - 1920 шерийн граждански а, 1941 - 1945 шерийн Сий лахь-Боккхачу Даймехкан а тIемийн турпала агIонаш дIаяйа Асланбек Шерипов нажжаз ван луурш а бевлла. ТIаьххьарч тIеман ветеранийн а, Советски Союзан Турпалхойн а цIераш тIаьхь-тIаьхьа кIезиг хеза зорбанехь. Хьалхарчара - большеви кийн Iедалехьа къийсарна, шолгIачара - Советски импери ларъ ярна.

«Керла истори» язъярхоша схьалаьцнарг шайл хьалха хил ларг дерриге а бехдина, сийсаздина дIа а даькккхина, керлани кхолла гIиртинчу большевикийн амал ю.

I9I7-чу шарахь Россехь революци хилча, нохчийн къомо дог цIена цуьнгахьа а даьлла, Советийн Iедалехьа турпала къийса: латтийра. Оцу къийсамехь тIеман цIергахь ийгира эзарнаш нох чийн тоьлла кIентий, халкъан историна тIе шайн турпала цIера язйира ГIойтIа, Хьалха-Марта, ГихтIа, Iалхан-Юрт, БердкIел Цоцин-Эвла, кхин а цхьамогIа ярташа.

Болыпевикаша шаьш Iедалан коьрте бахча, белхалошна заводаш, фабрикаш, ахархошна - латта а, ткъа дерриге халкъа на маршо а лур ю, нийсо а хIоттор ю, къаьмнашна шайн йозутт йоцу пачхьалкхаш кхолла бакъо а лур ю, бохура. Цул совнаха бусалба къаьмнашна, церан динна маршо лур ю а бохура. Оц кхайкхамех Iехаделира бIеннаш шерашкахь Российски импе рин Iазапна кIел лаьттина дерриге а халкъаш. Уггар хьалха цхьаммо хаза хабар дийцича атта Iехалуш долу нохчийн къам Болыпевикаша цуьнга схьакхайкхориг бIешерийн дохалла ц сатийсинарг, цо шайгахьа турпала къийсам латтийнарг, цуьна дуьхьа къам тIеман цIергахь а, махках дохуш а хIаллакьхиллар дара.

Цара дуьйцучух тешнера оцу заманахь уггар хьекъале, оьзд вайн къоман къонахой Шерипов Асланбек, Эльдарханов Таьш тамар, Митаев Iела, бIеннаш кхин берш а.

Суна хетарехь, I9-20-чу шерашкахь нохчийн къомах гуч^ бевллачу масех къонахчух цхьаъ вара къона А. Шерипов. Хьекъ ле, майра, шен къоман тешаме кIант.- Шеко яцара, тIеман арах хьалххе цуьнан Iожалла ца хиллехьара, цхьа масех шарахь ваьхнехьара, большевикаша иза вуьйриг хиларан. Къомана тешаме нах тоьпаш етташ, набахтешкахь къиза бIарзбеш хIаллакбира хIетахь а, тIаьхьа а.

ХIинца «советски импери» олучух иза йоххалц цунах «хал-къана юкъара Даймохк», «социалистически Даймохк» олура. Фа-шистски Германех иза ларбар декхар дара СССР чохь дехачу массо а халкъан. Лаахь а, ца лаахь а фронте цавахар а, вахча цигара вадар а боьршачу стагана доккха эхь дара. Къаьсттина нохчочунна. ТIехула тIе, иштташарна луьра таIзар деш Iедал а дара. Цундела нохчийн тоьллачу кIенташа оцу тIамехь жигара дакъа а лецира, турпала хьуьнарш а гайтира. Кхечу къаьмнех болчу наха санна, мостагIчуьнгахьа а бевлла, цунна гIуллакх дина, шайн къоман сий а ца дайира. Оцу тIамехь беллачу а, дийна бисинчу а эзарнаш нохчийн кIенташа шайн къоман сий лардира.

Вайн халкъ махках даькккхинчу хенахь официале эладита-наш даржийра цунна таIзар даран бахьана иза I9I7-I920-чу ше-рашкахь революцина дуьхьал, тIаьхьа тIедогIучу шерашкахь Со-ветийн Iедална, ткъа фашистски Германина дуьхьал Даймахке-хьа тIамехь


www.zhaina.com

нохчийн дакъалоцуш а бацара, республикехь бандитизм а яра, бохуш. И эладита ца сацош, вай Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа а, зорбанехь дижа ца дуьтуш, СССР-н хал-къашна дагатуьйсура.

ХIетахь оцу харцонашна, эладитанашна дуьхьал лоцуш дерг, къоман сий лардеш ойуш байракх яра Октябрьски революцига-хьа, Советийн Iедалехьа къийсамехь, Сийлахь-Боккхачу Дай-мехкан тIамехь нохчаша гайтина турпала хьуьнарш. ХIетахь дозаллица цIераш йохура оцу шина а тIеман турпалхойн. ХIинца вайна маршо яьллачу хенахь уып бицбар цхьана а гIиллакхца Ца догIу.

## 20

Амма шайн къоман сий лардеш эзарнаш кIентий тIеман ЦIергахь хIаллакьхуьлучу хенахь, къоман сий бехдеш лелла нах а оара. Уьш дукха ца хилла, амма хилла. Доьзалан сий дайа, Доьзална тIехтохам байта оьзда воцу, зуламе цхьа доьзалхо а тоьа.

Граждански тIом болчу хенахь «цIечаьргахьа», «кIайчаьрахьа» а боцуш, шина а агIорчарах леташ лелла тобанаш хилла. «ЦIенащ», «кIайнаш» бойуш, цаьргара герз, тIера бедарш йохуш, талораш деш лелаш. Масала, тхан агIор, Хасин-Юьртана тIе леташ, талораш деш. Бераш, зударий, къенанаш бойуш. Цера хIусамашкара йийбар, неI-кор, кхин ерш Нохчмахка схьа а кхоь хьуш. Тахана санна, Гуьмсана, Гезлойн-Эвлана юккъехула аьч кан некъашкахула цIерпошташ дIасайовла а ца юьтуш.

Кхузахь цхьаъ ала лаьа суна Митаев Iелех лаьцна. Иза ш къона волуш дуьйна дуьхьал вара шен къомана тIехь харцонаш Iазап латтийначу, шен да Бамат-Гери-Хьаьжа лаьцна махках ваьк кхинчу паччахьан Iедална. Кхиболу эзарнаш нохчий санна, из а Iехавелира большевикийн пропагандех, цара шен къоман мар шо, маьрша пачхьалкх кхолла таронаш лур ю моьттуш. ТIаккха ша а, халкъ а цара Iехинийла хиъча, вухавелира иза. Амма сове тийн органашкахь балхахь сецира, цигахь ша хилча шен къам харцонех лардан аьтто хиларе дог дохуш. Шен шариIатан пол кашца цо къийсам латтийра зуламхошна дуьхьал, аьчкан некъ тIехь цIерпошташ сецош талораш дан долийча, царех и некъ ларбира. Цо динарг иза Советийн Iедална реза волуш а, цуьнан дуьхьа а дацара. И зуламхой бахьана долуш Iедало халкъана бохам барна кхоьруш, къоман сий лардан гIерташ дира. Iедална хаьара Митаевн дагара. Цундела Iедало иза хIаллакквира. ТIаьххье леца болийра Iеламнах.

Бехк боцуш Iедало дукха нах хIаллакбина вайн 20-30-чуй шерашкахь. Iедало хIаллакбина аьлча, суна а, массарна а уггар хьал-ха Росси, Москва дагайогIу. Амма цигара схьадогIу орамаш кхузахь кхочушдийраш вайнах бара. Масала, 30-чу шерашкахь репрессиш еш тхан районан берриге а куьйгалхой нохчий бара. Партин райкоман секретарь, исполкоман председатель, суьдхо, прокурор, милицин начальник, милици, юьртдай, колхозийн пред-седательш, парторгаш.

Цхьана агIор цара вовшийн, вукху агIор наха царна тIе вов-шашна меттанаш кхоьхьуш дукха адамаш хIаллакдира. ВорхIе дайшкара схьайогIу хьаьгIнаш, гамонаш екха гIерташ цхьабол-чара, оьздангаллица, хьекъалца, доьналлица шайл тоьлуш верг, шайчул алсам сискал ерг ца везаш, шолгIачара, Iедална хьалха диканаш хила гIерташ, кхоалгIачара, Iедало кхерийна, боьалгIа-чара, иштта дIа кхин а.

Бехк боцуш адамашна тIехь репрессеш ерриге а СССР-н пач-хьалкхехь а йинера хIетахь. Амма нохчашна юккъехь санна боккхачу барамехь ца йина, Iедалан белхахойн харцонаш ца лалуш, я шайн синош кIелхьарадаха, я и харцонаш лелочарах бекхам эца шайн кертара бежана, стерчий духкий, герз а оьций, обарг бовлуш нах а бара. ТIеман хьалхарчу шерашкахь партин райкоман хьалхара секретарь хиллачу цхьаммо ткъех шо хьалха дийцира суна:

— Милицин хьаькамо областе сводка яла езара хIора пхеа дийнахь, шаьш маса обарг вийна, лаьцна, мел герз даькkхина, аьлла. Оцу пхеа дийнахь обарг ца вийна а, ца лаьцна а, герз ца даькkхина а милицин хьаькам шен балха тIехь ларош вац, олий, дIавоккхура, лаьцна чувуллуш меттиг а нислора. Цундела мили-цин хьаькамо сводка лора, шаьш хIоккхул обарг вийна, лаьцна, герз даькkхина, олий. Иза хилла а доццушехьа. Милицин рай-отдело 1 обарг вийна я лаьцна, 1 топ яькkхина аьлла областе сводка елча, цигарчара Москва сводка лора уьш


www.zhaina.com

уьттазза тIе а тухий, алсамйохуш. И сводкаш бух болуш я боцуш хилар тол-луш, бала болуш цхьа а вацара. Обаргаш бу олий, цхьа а тайпа бехк боцу нах лоьций чубухкура, хенаш тухий, Сибрехь бохуьй-тура. Ткъа герзаца дерг шатайпа гIуллакх дара. Делахь, сводка-ша дуьйцу герз милицис схьадаьккхинехь, цигахь цхьа склад юьззина герз хир ма ду аьлла, хьажа вахара со. Еккъа цхьа пхоь-азза йолу тиша топ яра цигахь. Иза а ткъозза йоьхкина хиллера милицин хьаькамо. Иза муха хуьлура? Цхьа пекъар кхойкхий щена тIе а валавой я валавойтий, хьан топ ю аьлла хаам кхаьч-на тхоьга, ахь иза хьайн лаамехь схьа ца лахь, оха вуха ца вогIучу сийначу Сибрех вохуьйтур ву хьо, бохуш, яц аларх ца вуьтуш, хьийзош хилла. И стаг араваларе ладоьгIуш кетIахь лаьттачу милицин хьаькаман тешамечу стага цуьнга хотту, хьаькамо хьоь-га хIун боху, олий. Вукхо шен къа-бала балхабо. Дера, доьзалх, юьртах, махках а ваьлла Сибрех воьдучул, хьайн даьхний, керт-ков доьхкина а эцна топ дIаялар гIоле ю хьуна олий, цунна хье-хар ло юкъарлочо. Керт-ков, даьхний а доьхкина ахча-м тардийр дара ша, юхкуш топ муха, мичхьа карор ю шена аьлла иза холча хIоьттича, вукхо олу, хьан ахча хилчахьана, юхкуш топ шена карор ю хьуна. ТIаккха, цо милицехь йолу и топ стагана юхку, эцначо иза милице дIало. Иштта, оцу некъашца юх-юха а юхкуш, и цхьа топ ткъозза йоьхкинера милицин хьаькамо.

— Милицин хьаькамо цхьа беж-Iу шена тIекхайкхинера, хьан автомат ю боху, ахь иза схьа ца лахь, ша кIур бойур бу хьан, аьлла, — дийцира суна кхечо — Ша беж-Iу ву, автомат-м муххале а яцара шен, иза цкъа а бIаьрга а ца гина шена бахарх, вуьтуш ца хилла. ШозлагIа а тIекхайкхина иза. Цунна дуьйцуш хезна хилла, оцу хьаькаман белхан меттехь неIаран сонехь лаьтташ тас ду, ша аьлларг ца динчуьнан корта оцу теса тIе а лоций, ет таш, цIий туьйсуьйту цо,бохуш. ШозлагIа тIекхайкхича а аьлл оцу стага, шен автомат яц, хилла меттиг а бац. ХIета, хьайн корт теса тIе лаца, аьлла. Стага дехар дина, шена ма тохахьара ахь шега иза лалур дац, цул хан тохий Сибрех вахийтахьара, аьлла Хьаькамо йиттина, бетах цIий тийсийтина. ТIаккха стага до~ делла ша автомат йохьур ю, аьлла. Шен дерриг даьхний а доьх кина автомат эцна, обарг ваьлла иза. Цхьана дийнахь и милици хьаькам шен отрядаца Бенара охьаЪогIуш хьуьна юккъех некъахь дуьхьал а ваьлла, мохь тоьхна цо: «Мартагов, ас автома еъна хьуна, дIаэца хьайна!». Хьаькам вийна къайлаваьлла стаг дукха хан ялале милицис вийра.

Оцу шина масалца хIетахьлерчу нохчийн дахаран ши агI го. Аьрта, къиза куьйгалхой, цара хьийзо миска халкъ.

Нохчийн халкъ махках даьккхинчул тIаьхьа цунна тIехь дуккха а харц эладитанаш кхоьллира Iедало. ТIом болчу хе-нахь Нохчийчохь масех бIе «бандформированеш» яра, бахархош-кара масех эзар герз схьадаьккхинера, бандиташа советски Iедална тешаме, цIена а болу куьйгалхой, коммунисташ а бойура, бохуш. Оцу эладитанийн бух муха кхоллабеллера гойту лакхахь далийнчу шина масало.

## 21

Германица тIом болчу хенахь Нохчийчохь бандитизм хил ла бохуш официале яздинарш бакъ дац баьхначийх уггар хьал-ха дош аьллачех цхьаъ вара со. Нохчийчохь бандиташ бара хIетахь, амма, Iедало официале ма-кхайккхора, боккхачу бара-мехь бацара. Iедало бандиташ, ткъа вай обаргаш олу нах шина тайпана бара.

ТIеман хьалхарчу шерашкахь сан 12-13 шо дара, цундела сан дагахь лаьтта хIетахь сайна гинарш а, дуьйцу хезнарш а. Лакхахь ас бийцинарш санна, Iедалан куьйгалхойн харцонаш ца лалуш, цаьрга шаьш ца дайийта, бехк-гуьнахь доцуш Сибрех ца даха шайн синош довдийна а, иштта чу куьйгалхойх бекхам эца Iалашо лаьцна а хьаннашкахь, лаьмнашкахь къайлабевлла лелаш дуккха а нах бара хIетахь. Уьш бахархошна а, пачхьал кхана, юкъараллин долаллина а зене-зуламе нах бацара.

Кхин тайпа нах бара «обаргаш» ду шаьш бохуш, талораш деш лелаш. Бахархошна, пачхьалкхана зулам дина таIзарх бевдда я фронте ца баха бевдда лелаш. Цара колхозийн бахамаш, некъахой талабора, дIасабоьлхучу зударшна ницкъ бора. Тхан агIор церан тергамна кIел бара ДегIастанарчу Мини-ТогIина а, тхан районерчу ГIалийтIана а юккъера Беха-Боьра олучу метти-гехула чекхболу некъ. Хасин-Юьртарчу базарара цIа богIу божа-рий, зударий а



www.zhaina.com

цигахь сецош, зударийн дегӀах, месаш юккъе а хьуьйсуш, эцна йохьург а, ахча а дӀа доккхий, цӀа хьовсабора.

Шаьш талийна стаг а, зуда а шайн «белхан хан» чекхъял-лалц цигара дӀа ца хоьцура талорхоша. ДӀахецча, цара Ӏедале орца аьлла, милици ярна кхоьруш. Карара хӀума схьа мел яьк-кхинарг юьстах а воккхий, ларван шайн накъосташка дӀалора. Талорхойн «белхан хан» чекхъялале талийна нах бӀе, ши бӀе, гуллора, амма оццул дукха болу и боьрша нах оцу масех талор-хочунна дуьхьал бистхила ца баьхьаш, цара зударийн догӀмех куьйгаш хьоьккхуш, месаш кегош гуш, юьстах хӀуьттий лаьт-тара.

Оцу некъахь, оццу меттигехь хӀора базаран дийнахь цхьана наха талораш деш дуйла хаьара милицина, амма иза цкъа а ца-рах адам лардан цига а я кхечахьа а ца йоьдура.

ХӀара ас дийцина сурт шайн бӀаьргашна гина а, шаьш лайна а нах хӀинца а дийна бу тхан агӀор.

" — Масех бӀе стаге и масех талорхо ца сацалора шуьга? — аьл-ла, шайга хаьттича, «цаьргахь герз ма дара...», — олу.

Дуьйцура, и талорхой цхьаболчу куьйгалхошца бертахь бара, бохуш. «Аш тхо а ма хьеде, оха шу а хьедийр дац», — иштта яра церан юкъаметтиг. Ловзаршкахь, синкъерамашкахь тӀеттӀа Ӏитталуш меттигаш а нислора церан. ГӀара-гӀовгӀа ца йоккхуш, дӀасакъаьстара.

Тхан хьаннашкахь къайлабевлла талорхой цхьа нохчий хил-ла ца Ӏара. Суна гина хӀетахь нохчашца цхьаьна дукха суьйлий а, гаттий бӀаьргаш болуш цхьацца къаьмнех нах а. Шайн мах-кахь царна маршо хир яцара кхузахь санна. Ткъа Нохчийчохь маршо яра зуламхошна!

Иза дуьххьара ца хилла нохчийн историехь. БӀе дезткъа шо гергга хьалха А.П.Ермоловс яздинера: «Теркан лахенца бехаш нохчий бу, вайн линина тӀелетачех уггар боьха разбойникаш. Шаьш бацара уьш, амма шайн махкахь цхьацца зуламаш дина бевдда баьхкина кхечу къаьмнех шайга тера разбойникаш тӀелоцуш, хӀокху тӀаьххьарчу шерашкахь цӀеххьана алсам баьлла церан барам. Бакъдолуш, разбойникийн бен бу Нохчийчоь». *Записки А. П. Ермолова. Москва, ч. П, I868г., стр. 21/.*

Ермоловс буьйцу и тайпа кхечу къаьмнех нах а, нохчехдӀаийна церан тӀаьхьенаш а нохчашна бале йовлуш меттигаш хилла. Паччахьан заманахь а, советски-коммунистически Ӏедалоа, иштта нохчашца цӀий ийна кхечу къомах схьабевлла нах хӀиттабора куьйгалле, нохчийн къомах дог лазар церан кӀезиг}
хиларна.

Нохчийн халкъ махках даккхаран коьртачу бахьанех и банди-.I тизм а, Германица тӀамехь нохчаша кӀезиг дакъалацар а, I942-чу I шарахь Органан лакхенца районашкахь Ӏедална дуьхьал хилла< гӀаттам а багарбора Ӏедало. Германица тӀамехь ткъа эзар нохчо-чо жигара дакъалаьцнера, турпала хьуьнарш а гайтинера. Цхьа-на а нохчочо шен лаамехь фашистийн йийсаре вахана ямартло а ца йинера, шен къомана эхь ца динера. Бакъду, тӀаме баха ца лууш куьйгалхошна а, лоьрашна а кхаьънаш луш, лечкъаш кӀелхьарабуьйлу нохчий а бацара кӀезиг. Масала, тхан юьртахь 700 цӀа дара, тӀамехь дакъалаьцнарг 40 стаг бен вацара. Махках даьхна тхо Казахстане, Киргизе далийча, 17 шарера хьала 60 шаре кхаччалц болу боьрша нах цхьа а цӀахь вацара, берриг а фронтехь бара.

Нохчийн халкъ махках даккхаран бахьанаш уьш дацара. Иза а, кхин масех халкъ махках дахаран бахьанаш кхин дара, оцу халкъийн цхьа а тайпа бехк боцуш тӀекхоьллина цӀе. Уьш «Кхолламан цхьа де» повеста тӀехь ас яздина.

Тахана вовшашца майра ду вай. Амма хӀетахь и майралла дӀаяьллера вайгара. ТаӀзарийн отрядо а, милицис а ярташка а богӀий, букъа тӀехьа куьйгаш доьхкий, хьалха а бохий дӀабуьгура нах. Новкъахь ца хууш могӀанна юкъара цхьа гӀулч юьстаха-ваьллачунна тоьпаш а тухуш. Юьрта юккъехь цара тухий стаг воьра, цхьа а бехк-гуьнахь доцу. Ткъа оцу чалтачашна дуьхьал вистхила стаг а ца хуьлура юьртахь. Изза дора шаьш обаргаш ду бохучу талорхоша а. И тӀаьххьарнаш совцочу меттана, къай-лабохура наха.

22

Тахана нохчий тукхамашка, тайпанашка, вирдашка, кӀошташка а, иттаннаш политически



www.zhaina.com

тобанашка а бекъабелла.

Кхетамна кхиъна халкъаш масех бIе шо хьалха чекхдевлла тайпанийн юкъараллин дIахIоттамах. Царех къаьмнаш хилла юкъара мотт, истори, культура, экономика а йолуш. Ткъа нохчий шайн ницкъ ма-кхоччу оцу заманна тIе юхагIерта.

Исторехь зеделла ду, кхетамна тIехьадисинчу халкъан барт цахилар, иза барамехь мел доккха делахь а, кхетам лакхара, барт болчу жимачу къомах даима политически, экономически дозуш хилар. Оцу шолгIачо хьалхарчунна тIехь олалла латтийна мет-тигаш а ю дукха. Барт боцчу къоман махкахь цкъа а иман, бер-кат хуьлуш цахилар а зеделла.

I992-чу шарахь тайпанийн гуламаш болийра Нохчийчохь. Тай-панийн Кхеташонаш а, тхьамданаш а хоьржуш. Цхьадолчу тай-панаша шайн герзаца кечйина отрядаш а кхуллуш.

И гуламаш вовшахтохархойн Iалашонаш тайп-тайпана яра. Цхьадолчу тайпанах нах бара, шайн тайпанашна тIе а тийжаш, шайгара Iедалан даржаш шайгахь дита гIерташ. Кхиберш бара, шайн тайпанашна тIе а тийжаш, Iедалан коьрте баха гIерташ. Оцу шина тобанан банне а бала бацара шайн тайпанийн а, нох-чийн къоман а кхолламан. Царна шайн карахь Iедал дезара и шайн тайпанаш, халкъ а тало, хьал-бахам IаIо.

Кхин нах бара шайн тайпанашна юкъара зуламаш, галморзахал-лаш, хьагI-гамонаш дIаяхарца, ях6, оьздангалла, иман а меттахIотторца нохчийн дерриг къоман ях6, оьздангалла, иман а меттахIотторе сатуьйсуш и гуламаш вовшахтухуш. ТIаьххьаре а кхин цхьа нах бара, тахана халкъа юкъахь зуламаш даьржича, царех халкъ лардан лууш а, ницкъ болуш Iедал а ца хилча, оцу зуламех, зуламхойх а, къеллех, халонех а шайн тайпанан нах шаьш ларбан Iалашо йолуш лелаш. ХIокху тIаьххьарчу шина боламан Iалашонаш цIена яра. Амма тайпанийн боламаша, ме-женеш йохуш дору дегI санна, къам дакъошка а доькъуш, цуь-нан цхьаалла, барт а бохош, шен юкъараллин дIахIоттамца, Iер-дахарца, экономикаца, культураца бIе шо юханехьа, кIегар дуь-гур дара. Цундела, тайпанийн гуламаш болабелча ас сацам бол-луш дIакхайкхийра оцу долорна со реза цахилар, и гIуллакх цкъа къомана бале, бохаме дериг хилар а/ *Тейповый интерес надо оставитъ. «МаслаIат», 23 август 1992 г.; Разум должен восторжествоватъ. «ГЧР», 31 декабря 1992 г.; Со дуъхъал ву нохчий тайпанашка бекъарна. «Даймохк», 16 октябръ 1993 шо/.*

Юьхьанца шайн-шайн тайпанийн а, кхечу цхьацца тайпанийн а гуламашкахь дакъалецира президента а, парламентан депута-таша а, министраша а, шайна пайда тIебогIу меттигаш дIалецначу наха а. Къам тайпанашка декъадалар, царна юккъехь галморза-халлаш кхоллаялар а, къоман барт бохар, иза гIорасиз хилар а церан Iалашонашца цхьана догIура. Амма I993-чу шарахь Нохч-махкара тайпанаш цхьаьна а кхетта шайн юкъара гулам бан кечбелча, шайна кхерам хаабелла, цунна дуьхьалбевлира рес-публикан куьйгалхой. Нохчийн халкъах пхи дакъа дича, диъ дакъа нохчмахкахой бу. Цигахь дара уггар даккхий бенойн, билтойн, зандакъойн, Iаларойн, цIонтаройн, гIордалойн, гендарга-нойн, харачойн, белгIатойн а тайпанаш. Паччахьан заманахь а, советски-коммунистически заманахь а цхьана а Iедало гIайгIа ца беш, социально-экономически а, культураца а тIаьхьайисина, буоберан хьолехь лаьттинера Нохчмахка. Республикан лакхар-чу куьйгаллин даржашкахь а кхузара стаг ца хуьлура. ХIинца нохчаша шайн пачхьалкх кхуллуш а, оццу хьолехь яра иза. Iедал а, мелла а пайда тIебогIу меттигаш а, даима санна, Органна малхбузехьарчу, Органан лакхенгарчу а, Теркайистерчу а наха дIалеццера. Нохчмехкан тайпанийн гулам вовшахтохархойн Iалашо яра хIокху Iедалан харцонаш, ямартлонаш, зуламаш а Iорадаха а, Iедалан цхьадолу даржаш нохчмахкахошна схьадаха а, Нохчмехкан социально-экономически, культуран хьелаш то-дар дIахьедан а. Нохчмехкан тайпанаш барт хилла цхьаьнакхет-ча, иза боккха, кхераме ницкъ бара Iедалан куьйгалхошна дуь-хьал. Цунах кхёрабеллачу республикан куьйгалхоша, провока-ци а йина, бохийра Гуьмсехь болх бан цхьаьнакхетта и гулам. ТIаьхьа, Iедало тIедилларца, муфтиятерчу Iеламнехан кхеташо-но сацам тIеийцира, тайпанийн гуламаш вовшахтохар доьхкуш. */«Ичкерия», 7 января 1994 г., № 2/199/.* Ткъа тайпанийн гула-маш вовшахтохар долийнарш, уггар жигара дакъалацархой, коьр-тахой а и Iеламнах а, хьаьжой а ма бара!



www.zhaina.com

Шайн республикех дакъош ца дина нохчий, гIалгIай а боцчу кхечу къаьмнаша. ГIебартой, балкхарой а, черглзой, кхарачой а цхьана цIийх а бац, церан меттанаш а, гIиллакхаш а тайп-тайпа-на ду. Амма цара шайн республикаш, къаьмнаш къестош, да-къошка ца екъна.(Кхузахь чекхйолу зорба тоьхна кхоалгIа кийсак. «Даймохк», 7 июнь 1994 шо, № 22)

ДегIастанахь дехаш доккха масех къам ду — суьйлий, лез-гий, гIумкий, даргинцаш, гIазгIумкий, табасаранаш. Церан вов-шийн меттанаш аьттехьа а ца догIу, дукххахдолу гIиллакхаш а ду церан яккхий башхаллаш йолуш. ХIетте а шайн республи-ках дакъош ца дина цара. Иза дан гIерташ цхьацца нах бевлира оцу республикашкахь, амма цигарчу къаьмнийн хьекъал тоьира вовшех ца къаста.

Нохчий, гIалгIай цхьана цIийх, цхьана дех-ненах схьабевлла вежарий, цхьа мотт, истори, дин, культура, гIиллакхаш долуш цхьа къам ду. Цхьа бохам тIебеъча орца ала, тIетовжа дуьненахь кхин къам дац оцу шина вешин, шайн вовшийн бен. Цахилар хиира, и ши къам махках даьккхича а, I992-чу шеран гурахь а. Уьш а, кхин бахьанаш а далош, гIалгIашка вовшех ма къаста вай бехи-ра нохчаша. «Нохч-ГIалгIайн республикан цхьаалла ларъяре-хьа комитет а кхоьллира. Цо шен ницкъ кхочу маслаIате болх а бира. Амма хIетахь гIалгIайн къомана хьалхабевлла леллачу наха ла ца дуьйгIира шайга дечу дехаршка.

Нохчех дIа а къаьстина, ГIалгIайн Республика кхолла луу-чара далош долу бахьанаш хIун дара? Шаьш шайн республика кхоьллича, хIирашкара шайн мохк схьабаккха аьтто хир бу шайн, бохура.

I992-чу шеран гурахь гIалгIашна хилла и бохам хилла хир ба-цара, аьлла хета, республиках дакъош а дина, нохчий а, гIалгIай а дIаса ца къаьстинехь, и ши ваша ондда вовшийн куьйгаш а лаьцна дIахIоьттинехь. Барт боцчу вежарийн сий ца хуьлу, уьш атта хета арахьарчу нахана.

Россица йолу галморзахаллаш нисъян машаре некъаш лаха дезара, герз ца хьедеш, къоман сий лардеш, хьекъалца, кхетамца, маслаIатан некъашца.

ХIокху дийцарийн юьххьехь ма-алара, ХУШ-чу бIешарахь дуьйна схьа Къилбаседа-Кавказехь мел хуьлучу девнашкахь хьалхеш йохуш схьадогIу нохчийн къам, массарначул а дукха бохамаш а Цунна хуьлу.

Россехь ялхитта автономни республика яра, царех цхьаерш вайн республикал яккхий а йолуш. Ялхитта сов долчу къаьм-нех цхьа а Россих дIакъаста ца гIоьртира, цхьа нохчийн къам Доцург. Нохчаша I99I-чу шеран гурахь, Россех дIа а къаьстина, шайн йозуш йоцу пачхьалкх кхайкхийра. Россех дIакъаста, шайн йо-[3]уш йоцу пачхьалкх кхолла массо а агIор уггар аьтто берш ГIезалой бара. Социально-экономически хьелашца а, Iилманца а, культураца а, массо а агIор кхиъна къам ду иза. Барамехь ду-кха а бу уьш — ворхI миллион. Царна тIе цхьа бохам беъча, мелла а церан гIо лаца цаьрца цхьа мотт, цхьа дин, цхьа культу-ра а йолуш бIе миллион герггa къаьмнаш дара СССР чохь а, дозанал арахьа а дехаш:

башкираш — I млн. 500 эзар.
казахаш — 3 млн. 136 эзар.
киргизаш — 2 млн. 600 эзар.
узбекаш — 17 млн.
туркменаш — 3 млн.
азербайджанаш — 6 млн. 800 эзар.
каракалпакаш — 424 эзар.
уйгураш — 263 эзар.
гIумкий — 282 эзар.
кхарачой, балкхараш, ногIий, кхиберш а.

Царал совнаха, гIезалошца цхьа мотт, цхьа дин, цхьа культу-ра а йолуш, дуьненарчу пачхьалкхашна юкъахь сий-лерам а бо-луш, массо а агIор кхиъна, 50 миллион болчу туркойн пачхьалкх а ю. ХIетте а, гIезалой ца гIоьртира, Россех дIа а къаьстина, шайн пачхьалкх кхолла. Москвагара шайна дуккха а политически, экономически, юридически, дипломатически бакъонаш а яьхна, Росси чохь севцца уьш. Иза дан къомана хьекъал, кхетам а, собар а оьшу. Ткъа нохчаша тIе ца лецира, гIезалошначул тIех бакъонаш луш, I992-чу шарахь Россис шайга



www.zhaina.com

кховдийна Барт. I989-чу шеран хьесапашца, СССР чохь бехаш болу нохчий цхьа миллион гергга бара. Дерриг а дуьненахь нохчийн маттаха тера мотт а болуш, гIиллакхаш, культура а йолуш 274 эзар гIалгIа ву /уьш а нохчех дIакъаьстира/. Нохчийн халкъана тIе бохам беъча, цкъа а цунна орца ца хилла дуьненарчу цхьана а бусалба а, кериста а халкъера а, пачхьалкхера а. ХIетте а, шайн йозуш йоцу пачхьалкх кхайкхийра нохчаша! И Iалашо кхочушъян ницкъ, хьелаш а хилча-м дика дара, амма иза а, важа а ца хилахь...?

Уллохь хьекъал, оьздангалла, къинхетам боцу майралла -иза сонталла ю, иза зуламе, бале, бохаме йолу адамашна, дийнна къомана а. Оцу сонтачу майралло, кхечу къаьмнашна юкъахь хьалхеш яхаро а, вешан къоман дIадаханарг цахааро а, къоман кханенан ойла ян кхетам цахиларо а дукха бохамаш бина нох-чийн къомана хIокху тIаьхьарчу кхаа бIе шарахь. И кхидолу къаьмнаш а ма дац хIумма а вайл кIилло а, сонта а. Цкъа мукъане а и хьалхеш яхар царна а дитина, цара хIун до хьовса хьекъал а, собар а мацахир ду те вайгахь? Кхаа бIе шеран дохал-1 ла даима топ-тур кара а лаьцна, майраллица вешан маршо ларъян гIиртина вай. Майраллица, герзаца боцург кхин некъ а ца лохуш. И маршо яккха а, ларъян а кхин некъаш а ма ду. Амма уьш лаха а, каро а, царех пайда эца а, къоман барт бан а, къоман .; дола дан а хьекъал, кхетам, доьналла долуш политикаш, дипломаташ, Iилманчаш оьшу. КIезиг хиллехь а, иштта нах хилла вайн къоман массо а заманахь. Амма нохчашна цкъа а уьш къасто а, шайна коьрте хIитто а, церан кара шайн кхоллам бала а, уьш лера а, ларбан а ца хиъна, нийсса аьлча — ца лиъна. Оцу сакхтечу амало массо а заманахь дукха бохамаш бина вайна.

## 24

Вайна дика евза большевикийн истори. Церан Iалашо яра, юьхьанца Россехь социализм, коммунизм а хIоттийна, тIаккха дерриг а дуьненахь социализм, коммунизм а хIотто. Большеви-
кийн и Iалашо муха чекхъяьлла, дика хаьа вайна.

Кхечу къаьмнех наха вайн майралла хастийча, боккъалла а ваьшкахь цхьа боккха ницкъ бу моттаделла, нохчийн революци цкъа Къилбаседа-Кавказехь, тIаккха ерриге а Кавказехь яржо I гIоьртира цуьнан тхьамданаш. Юьхьанца «революци», тIаккха I «къоман маршонехьа къийеам» аьлла цIерш йолуш болабелла чу оцу боламан куьйгалхоша жигара пропагандистски болх бира Кавказан, Поволжьен къаьмнашна юкъахь, шайн идейш яржо гIерташ. Цхьацца кхайкхамаш бора Грузин, Азербайджанан, Арменин правительствошка а, халкъашка а. Оцу кхаа пачхьалкхан вовшашца а, чоьхьарчу а девнашна, галморзахаллашна юкъагIертара. Российски импери нохчийн къоман мостагI ву бохуш маьхарий а хьоькхура нохчийн революцин тхьамдаша, ткъа вукха агIор Закавказехь Россин Iалашонаш кхочушъян цунна гIоьнна нохчийн лаамхой а бохуьйтура.

Доцца аьлча, вешан бала боцчу, амма ваьшна зуламе, бохаме, бале девр долчу нехан девнашна юкъа дукха гIиртина вай, хьал-ха а, хIинца а гIерта. Шина лулахочун дов даьлча, мелла а хьекъа-ле кхоалгIа лулахо, цхьана агIонгахьа а ваьлла леташ ца хуьлу, царна юкъахь машар бан гIоьрта.

I99I-чу шарахь Гуьржехахь правительствона а, оппозицина а юккъехь дов доладелча ворхI партин, боламийн, парламентерчу фракцин а куьйгалхоша Нохч-ГIалгIайчоьнан халкъе дехар деш кхайкхам бира. Цара бохура, шайн цигара политически хьелаш граждански тIом хиларна кхерам болуш чолхе ду. Уьы кхин тIе а чолхе доху, цига дIа а богIуш, питане эладитанаш лелочу вайнехан векалша. Бахархошна юкъахь шуьйра даьржина ха-барш ду гуьржийн ОМОН-на, кхечу герзийн формированешна а юкъахь гIуллакх деш вайнехан векалш бу, бохуш. Оцу гIуллакхаша, бIешерийн дохалла юккъехь гергарлонаш, вовшийн сий-ларам лаьттинчу вайн халкъашна юкъа цатешам, цабезам, мостагIалла дожорна кхерам кхуллу. Нохч-ГIалгIайчоьнан дер-риге а халкъе, ткъа уггар хьалха — къоман оьзда гIиллакхаш шайца ларделлачу хьекъалечу къаношка шайн дехар ду гуьр-жийн чоьхьарчу гIуллакхашна юкъагIерта и цхьаболу вайнах совцор. Шен махкахь хIоьттинчу чолхечу хьолах кIелхьарадала гуьржийн халкъана шена карор бу шен некъ. Шаьш теша,гуьр-жичунна дуьхьал цхьана а нохчочо а, гIалгIачо а герз тухург цахиларх./ *«Да поможет нам Бог! К интеллигенции,*


www.zhaina.com

*полити-ческим объединениям, всему народу Чечено-Ингушетии». Газе-та «Республика», 22 октября 1991* г./

Шайн махкара арабаьхна гуьржийн президент З. Гамсахур-диа а, цуьнгахьа хилла парламентан цхьаболу депутаташ, мини-старш, кхиберш а, 400 тIемало а Нохчийчохь тIе а лаьцна, цхьана ханна кхебира. Кхузахь Гамсахурдиан парламенто, министарша болх бора, шайн газета ара а хоьцура. Доцца аьлча, кхузара дIа Гуьржийн Iедална дуьхьал жигара болх бора цара. ТIаьхьа, Гамса-хурдиа шен Даймахкахь дIакхелхича, цуьнан дакъа Нохчийчу а деана, доккха тезет хIоттош, Соьлжа-ГIалахь дIадоьллира нохча-ша. Уьш леладе бохуш нохчашна ницкъ беш я дехарш деш цхьа а вацара. Лелийначунна цхьаммо а баркалла а ца элира. Мелхо а, оцу гIуллакха тIехула нохчашца гамо лецира гуьржийн пач-хьалкхан куьйгалхоша. И гамо тахана а йолуш ю.

Тамашийна гIуллакхаш леладо вай хIокху тIаьххьарчу ше-рашкахь. Ваьшна, нохчашна, юкъахь барт а бац вайн. Тукха-машка, тайпанашка, гарашка, некъешка, масийтта партешка, бо-ламашка, вирдашка декъаделла, доьзалшкахь а политически гал-морзахаллаш йолуш ду вай, хIетте а кхечу къаьмнашна юккъехь барт бан а, царна хьекъал дала а гIерта. Ваьш мел дика бусалба-наш ду а хиъна вайна. Вешан махкахь ваьш вовшашна деш долу зуламаш, лело хьарамлонаш, харцонаш гуш ю вайна. ХIеттега, цхьана юккъахь вешан республикехь Къилбаседа-Кавказан Исламан центр а йиллина, кхечу къаьмнашна юкъахь бусалба дин чIагIдан ойла а хилира. Вай Iаламат чIогIа тарло, догуш долу цIа а дитина, нехан цIийнах яьлла цIе дIаяйа вахначу стагах!

## 25

Кхечу пачхьалкхашкара я хьалха хиллачу Союзан респуб-ликашкара шен эскарш дIадуьгуш цигахь герз ца дуьту Россис. Амма Нохчийчохь дитира. Ткъа вай дозаллаш дора, ваьш герз схьадаькккхина, Россин эскарш Нохчийчуьра дIалаьхкина, бохуш. Вай цаьргара герз схьа ца даькхинера, цара шайн лаамехь кху-захь дитинера иза. Россин Iедална массо а заманахь вайна ваьш-начул дика евза вайн амалш. Царна хаьара вай герзана сутара дуйла а, и герз лело вайна хаьийла а, оцу герзо вайна юкъахь зуламаш даржор дуйла а, вовшашна юкъара барт бохор буйла а, цатешам, мостагIаллаш кхуллур дуйла а.

Россин Iалашо кхочушхилла. Базаршкахь автомашинийн, мотоциклийн меженаш санна, маьршша духкуш ду герз. Коча автоматаш, гранатометаш оьхкина, доьхкарех тапчанаш, грана-таш йоьхкина, дийнахь а, буса а, мичча хенахь а, уьш кхуьссуш, беш болх боцуш буьйлабелла лела вайн кегийрхой. Префектана тIера хьала пачхьалкхан массо а куьйгалхо ларвеш герзах боьт-тина гIаролаш бу. Уллохь гIарол воцчу куьйгалхочунна ша хьаь-кам а ца хета. Гварди, милици, ОМОН, ДОН, кхин дуккха а, цIераш йолуш а йоцуш а, тIеман формированеш ю. Еккъа цхьана мили-цин барам, хьалха республикехь хиллачу милицин барамал дук-кха а алсам бу. Ткъа зуламаш, де-дийне мел дели алсамдийлар бен, лагIлуш дац.

Нахана герз лело бакъо яларца доккха гIалат далийтира рес-публикан Iедало. Нахана герз лело бакъо елла пачхьалкхаш дук-кха а ю дуьненахь. Амма цигахь герз базаршкахь, вовшашлахь духкуш а, оьцуш а дац. Цигахь герз леррина бакъо еллачу туь-канашкахь духку. Герз оьцучу стеган фамили, цIе, хIун болх беш ву, хIун лелош ву, цуьнан веха меттиг, адрес, герзан марка, номер дIаязйо, ткъа хьокъалла йолчу пачхьалкхан органаша оцу герзан регистраци а еш, иза лело цунна бакъо ло. Амма бакъо ца ло и герз коча а оьллина, гIуллакх долуш-доцуш кхуьссуш, ': нахана кхерамаш туьйсуш, зуламаш деш лело.

Герзаца латта ца леладо, даьхний ца кхиадо, цомгашчарна дарбанаш ца леладо, адамашна хьекъал, кхетам ца ло. Герзо зу-лам до, адамашна юккъе цатешам, цабезам, мостагIалла кхуллу, цо адамашна бохамаш бо, адамаш делхадо. Муьлххачу а мехкан гражданашна массара а герз лело ши бахьана хуьлу: цхьана декъо зуламна леладо иза, вукхо — оцу зуламах ша-шен ларван. Амма оцу пачхьалкхехь законаш а, низам кхочушдеш, лардеш а цуьнан органаш — милици я полици, прокуратура, суьдаш, эскарш делахь, машаречу къинхьегамхошна шайн долахь герз ца оьиу. Пачхьалкхо ша совцабо зуламхой, ша ларбо царех хьа-нал къахьоьгуш, машаре бехаш болу шен гражданаш.



www.zhaina.com

# 26

Тахана шайга хIиттина халонаш наха ялхийча Iедалан куьй-галхоша олу, вай керла пачхьалкх кхуллуш ду, иза кхолла дук-кха а хан еза, коммунисташна керла пачхьалкх кхолла масийт-та шо дийзира, ткъа вайна иза кхоллар цхьана-шина шарахь чекх-даккха лаьа. И бахьана далочара ца дуьйцу, коммунисташа шайн пачхьалкх муха кхоьллира а, иза муха пачхьалкх яра а. Боль-шевикаша кхоьллинарг дуьненахь цкъа а ца хилла, эца масал доцуш, ша-тайпа керла тоталитарни пачхьалкх ма яра. Церан гимнехь олущ ма-хиллара, шираниг дерриг а дохийна, аьтта дIа.а даьккхина, цуьнан херцорашна, овкъаршна тIехь керланиг кхул-луш, миллионаш адамаш тоьпаш а етташ, лагершкахь хIаллак а деш. Шайл хьалхалера Iедал, пачхьалкхан юкъараллин дIахIоттам а буххера дуьйна дIабаьккхира большевикаша. Лат-та, хиш, заводаш, фабрикаш, адамаш а пачхьалкхан долалле дер-зийра. Хьалхалера олаллин классаш, царна гIуллакх дина ин-теллигенци, динадай лоьцуш, бойуш, махках бохуш хIаллакбира. Церан меттигаш дIалийцира йоза-дешар ца хуучу, боданечу ре-волюционераша а, «топ йолчу» наха а. ХIетталц халкъаша бIешерийн дохалла кхоьллина Iилма, культура, гIиллакхаш а «буржуазни» хилла аьлла, дихкира. Дукха ду уьш, дийца воьл-ча. Цундела, дуьненахь цкъа а ца хилла социалистически, тота-литарни пачхьалкх кхолла большевикашна масийтта шо дий-зира. Дуьненна а хаьа цара и керла пачхьалкх мел акхачу, къи-зачу некъашца кхоьллира. Иза дуьненара дIаяьлча а, дIа ца долуш, шен болх беш ду цо даржийна ун.

Нагахь санна вайн революционераш, оцу большевикаша сан-на, дуьненахь цкъа а, цхьаннахьа а ца хиллачу кепара юкъаралин дIахIоттам болуш пачхьалкх кхолла гIерташ белахь, царна дезар ду иттаннаш шераш, тIаккха а, цуьнан тIаьхьало муха ир ю ца хаьа, ша Дела воцчунна. Ша чохь вехаш волу цIа тишделча, иза тIекхета герга дахча, керла цIа дан волало стаг. И ерла цIа хьалахIоттийна валлалц ширачу цIа чохь веха иза. Iаккха оцу керлачу цIа чу а волий, шираниг вовшах а доккхий, унах мегаш йолчу коьчаллех шен бахамехь пайда оьцу. Вай |хIун дина? Ваьш чохь дехаш долу дика, цIена цIа тишделла, ширделла ;«ьлла дохийна вовшах а даьккхина, шерачу меттехь керла цIа нДяхIотто доьлла. Иза дIахIотто ахча а, коьчалш, пхьераш а бац вайн! Советаш дIаса а хецна, церан меттана халкъо хаьржина а Йоцуш, большевикийн ревкомех, комбедех тера Ханна комите-раш кхоьллира. ТIаккха яртийн урхаллаш хаьржира, амма дукха сан ялале уьш дIа а яьхна, беккъа цхьа юьртдай битира. Уьш а салкъо хоржуш бац, лакхара охьа дIахIиттабо, цундела царна Калкъана хьалха шаьш цхьана а тайпана жоьпалле ца хета. Октябрьски революци хиллачул тIаьхьа Россехь санна, цхьана юккъехь шишша Iедал нисделира Нохчийчохь а: шиъ парла-мент, шиъ чоьхьарчу гIуллакхийн министр, шиъ генеральни про-курор, шиъ муфти, шиъ мехк-кхиэл, шишша юьртдай, колхозийн председательш, совхозийн директорш и. д. кх. а. Шовзткъа герг-га политически тобанаш а, юкъараллин боламаш а. Республи-кехь хIоьттина чолхе юкъараллин-политически, социально-эко-Яомически хьелаш кхин тIе а чолхе дехира цара. Колхозаш, сов-Козаш цхьаерш йохийна, талийна, йиснарш халла сауьйзуш ю. ачхьалкхан, юкъараллийн предприятеш, гIишлош, латтанаш а ьацца наха шайн доладерзош ду. Ялташ дIадеран а, чудерзо->ан а, даьхний кхабаран а, кхиоран а бала бац Iедалан.

Суна дагадогIу, тIеман шерашкахь хIора дийнахь почта йо-Iхьура тхан юьрта. Машинахь — Нажин-Юьрта, цигара схьа — гов-Iрахь я гIаш. ХIинца шолгIа шо ду тхан юьрта почта ца йохьу. Шехат, телеграмма а ца йоьду дIаса. Телефонийн зIе наха йохий-|аа, бIогIамаш, серий схьа а дохуш, цIа кхехьна. ХIокху шина §Шарахь арахьарчу дуьненах хаьдда беха районера бахар-Хой. «Хьалхалерчу Iедало, партократаша йитина халонаш ю вай ловш ерш, уьш дIаяха хан еза тхуна», — олу республикан куьй-|галхоша. Иза бух боцуш даьсса хабар ду. Iедал хийцалучу хе-№ахь болх бечарна луш алапа а, баккхийчу нахана пенсеш, бе-|рашна гIоьналлин ахча а дара. Болх беш яра колхозаш, совхо-' заш, предприятеш, школаш, больницаш, культуран учрежденеш,почта, зIе, транспорт а. Газ ца йигначу ярташка машенашца тIекхоьхьуш газ латтайора. Iалам лардора. Уьш а, кхин а вайна тIехIиттина халонаш хир ма яцара тахана, вай хьалхалера пач-хьалкхан а, бахамийн а структураш цхьана дийнахь йохийна дIа ца яьхнехь.


www.zhaina.com

Мила ву бекхе? Уггар хьалха — республикан куьйгалхой, ш олгIа — вай дерриге а. Пачхьалкхан а, шариIатан а, я къоман Iадаташ а, законаш кхочушдан ца лууш долу. Вайна ца хаьа я ца лаьа яртийн, колхозийн, совхозийн, кхечу бахамийн а коьрте Iилма, хьекъал, кхетам болуш, оьзда, хьанал нах хIитто а, уьш' законехь болх бан гIоьртича цаьрга ладогIа а, царна гIо дан а.' Вайна хIоранна а шен тайпанах, гарах, некъех, цIийнах стаг хила лаьа куьйгалхо. Вайна хIоранна а ша-ша эла хила лаар ду вайна бохаме даьлларг.

## 27

Наха республикехь хIиттина чолхе политически, социально-экономически, криминальни а хьелаш далхийча, бехказло ка-районе Iедалан куьйгалхошна а, цунна бохкабеллачарна а. «Рос-сехь а, кхечу республикашкахь а ду вайгахьчул а хала хьелаш,: цигахь а ду къолаш, талораш, адамаш лечкъор, дайар, кхидолу зуламаш а», — олу цара. Цунах маслаIат ца хуьлу къинхьегаман' халкъана. Бакъду, тоделла хьелаш Россехь а, хьалхалерчу Со-? юзан республикашкахь а дац. СССР йоьхча республикашна юкъа-1 ра экономически, бахамаллин а зIенаш хедда, дуккха а промыш-з ленни предприятийн белхаш севцца, белхазалла ю. Уьш дерриг^ а вайх хьакхаделла, уггар хьалха. ТIехула тIе, российски Iедало вайн республикана массо а агIор блокадаш хIиттош, и халонаш вайна алсам а ю.

Халонаш, баланаш, бохамаш а лан исторически Iемина нохчийн халкъ. Амма Россехь а, кхечу республикашкахь а до изза бохуш, къолаш, талораш дан, адамаш лечкъо, дайа, маларех, нар-:
котикех а йохк-эцар ян еза вай? Цигахь барт боьхча, вайн барт а боха беза, уьш вовшех летча, вай а вовшех лета деза? ХIинццалц вайл цIена бусалбанаш а, вайл оьзда къам дуьненахь а дац бо-
хуш дозаллаш деш Iийна вай зуламхошкара масал эца, царех тардала хIунда гIерта? Нагахь санна, вай цIена бусалбанаш делахь, хьанал, цIена, машаре, бертахь дехачу адамашкара, хал^ къашкара масал хIунда ца оьцу вай?

Тахана республикан куьйгаллехь болу нах декхар бу харцо-нех, халонех халкъ лардан. Уьш декхарийлахь а, жоьпалле а бу Далла а, халкъана а хьалха. Ткъа и цхьайолу халонащ а, зула-маш а дIадаха республикан куьйгалхойн ницкъ бац бохург ха-бар ду. Царна лаахь, уьи совцо ницкъ бу цаьргахь, амма ца лаьа. Масала, Гуьмсан районан махка тIехула лела цIерпошташ та-лор. Дийцарехь, и талораш дечеран декъашхой бу милицин цхьа-болу белхалой. Оцу талораша Iаламат вон цIе яккхийтина нох-чийн.

Шайн цигахь дIабоьдуш тIом бу, шаьш хала дохку, Нохчий-чухала йогIу цIерпошташкахь дохьург, аша талош дерг тхан къоман рицкъа а, долалла а ду, вай цхьа бусалбанаш а дара, и шайн махкахула тхо долчу йогIу цIерпошташ талор дитахьара аша бохуш, республикан куьйгалле а, нохчийн халкъе а балха-маш бира телевиденехула Азербайджанера баьхкинчу баккхий-чу наха. ЦIерпошта тIехь шаьш маьждигашна хьажийна до-хьуш долу кIайн эчиг шун ярташка даьхьна, иза схьалахьара аша бохуш, дехарш деш суьйлий лийлира Нохчмахкахула. Ткъа и лачкъийна деана эчиг тхан районерчу цхьана юьртан маьжди-ган тхов тIе тоьхнера! Вайн дерриге а къомана эхь деш, къоман сий дойуш лела и цхьа нах. Баккхий нах а, зударий, бераш а.

Азербайджано, ДегIастано а аьрзнаш дина дара а хаац, Ель-цина цкъа кхайкхийра, Нохчийчухулачекхболу-цIерпоштан некъ талорхойх ларбан ша кхуза эскарш дохкуьйту, аьлла. ТIаккха, цхьана юкъана, и талораш совцийра республикан куьйгалло. Вайн къоман и боьха цIе яккхале хIунда ца совцийра и талораш? Уьш юха а дIадолийна, шайна кхерам боцийла а хиъна.

Ельцина шен дош кхочушдеш кхуза эскарш далийнехь, ва Росси вайна тIелетта, ва массо а керистанашна дуьхьал гIазотана гIатта бохуш, маьхьарий хьоькхуш, орца доккхур дара нохчаша. Росси бехке а йийр яра. Амма Россис и некъ ларбо аьлла кхуза эскарш а далийна, цIий Iанийнехь, цунна бехке Росси хир яцара, ткъа уггар хьалха и талораш дина нах, шолгIа, уьш ца совцийна республикан Iедал а хир дара.

И къуй, талорхой бахьана долуш тIом болабелча, гIазот а дихкина лата а, бала а баха беза



www.zhaina.com

ткъа хьанал къа а хьоьгуш хене бовла гIерта къен, миска нах? Къуй, талорхой бахьана долуш, уьш ларбеш хиллачу тIамехь велларг гIазот хир вац. Бусалба динан, шен къоман, даймехкан маршо, сий лардеш тIамехь велларг хир ву гIазот. Ткъа къуй, талорхой, кхиболу зуламхой бахьана до-луш болабеллачу тIамехь, уьш ларбеш велларг, гIазот-м муххале а хир вацара, мелххо а цаьрца цхьаьна жоьжахате гIур ву!

## 28

Цхьа хIума ду со цецволуш. Тахана, берриг бохург санна, нох чий Далла Iамал еш бу. Масех шо хьалха ламазана муьлхачу] агIор хIутту а цахиънарш цхьаьна. ХIоранна а шел цIена бусалб стаг а ца хета. ХIора юьртахь рузбан маьждигаш ду, пIераска: дийнахь царна чу а ца тарлуш дукха адамаш хуьлу. Масех 61 имам а, масех эзар хьаьжо а ву Нохчийчохь. Маьждигашкахь, сагIа доккхучохь, мовлад доьшучохь, тезеташкахь, телевидене-хула даима бусалба динах, диканиг, воних а, хьаналниг, хьарам ниг а дуьйцуш хьехамаш а бо. Цаьрга ладоьгIуш боьлху цхьабо лу боьрша нах. Шайн доIанашца уьш Деле кхойкху, шайн къи ношна гечдар, дуьненан баланех, бохамех лардар, шайна юкъахь' барт бар доьхуш. Пайхамаре, эвлияашка кханалерчу Къе матдийнахь шаьш Деле дехар, шайна орцахдовлар доьхуш.

Вай дерриге а иштта дика, цIена бусалбанаш хилча, и къоланаш, талораш дийриш, адамаш дойурш, адамаш лечкъораш царах йохк-эцар йийраш, маларех, наркотикех а йохк-эцар лелораш, уьш муьйлурш, уьйзурш, кхидолу зуламаш лелораш хьенан бу, уьш мичхьара схьабевлла? Вай иштта дика, цIена бусалбанаш хилча, вайна юкъахь вовшашца хьагI-гамонаш а хIунда ю, мостагIаллаш а хIунда ду, вайн барт а хIунда бац? Делах а, кханалерчу Къематдийнах тешаш а, кхоьруш а хилча, вовшийн Iехош кхерош, ямартлонашца, харцонашца, бусалба дино хьарам дин и дихкинчу некъашца дуьненан хьолана тIаьхьадевлла хIунда лела вай? Уьш леладе аьлла ткъа вайга вай орца доьхучу Пайхамара, эвлияаша? Цара Деле муха доьхур ду вай, бусалба дин хьарам динарш дерриг а вай лелош хилча, и зуламхой вай совцош а ца хилча, я совцо гIерташ а ца хилча?

Дала КъорIан чохь мосазза а аьлла, шена Iибадат делаш, вов-| шашна диканиг дан сихлолаш, ша тIедиллина и ши декхар кхо-1 чушдинарш нийсачу новкъахь хир бу шуна, царех ша къинхе там бийр бу шуна, церан дуьне а, эхарт а декъал хир ду шуна. И ши декхар дика девза вайна. Хьалхара — АллахI воцург кхин Дела цахилар а, Мохьаммад цо ваийтина Пайхамар хиларх а дог цIенна тешар; Далла ламаз дар, мархин баттахь марханаш кха бар: Дала шена деллачу рицкъанна тIера закат, сагIа далар; ше аьтто, таро а, могашалла а елахь Макка Хьаьжа цIа вахар а ШолгIа — массо а агIор хьарамчух ларвалар: адамашна зен-зу лам, адамашна халахетарш, ваьснаш цаяр; адамашна дикани хилча хазахетар, бохам хилча халахетар; адамашца хьагI-гамо йоцуш дог цIена хилар; адамашна юкъахь маслаIат, машар, барт бан, бусалба динан некъа тIера ваьлларг нисван гIортар; ада-машна юкъа дов, мостагIалла доьжча озабезам ца беш, бакъдерг, нийса дерг олуш хилар; шен доьзал иманехь кхиор, гIийлачарна, мискачарна, байшна, заьIапхошна гIо дар: некъ тобина, хи тоди-на, тIай тиллина, тодина, синтар доьгIна, адамашна дика гIуллакх дар, и. дI. кх. а.

Оцу шина декхарх цхьаъ шаьш кхочушдича, шайна ялсама-не хир ю моьтту дуккха а нахана. Амма царна моьттург бакъ дац. Хьарамчу рицкъанца бехарш, зуламхой, дог боьханаш, къи-занаш, гIийла-мискачарна гIо цадийраш, шена мел дукха лама-заш дарх, марханаш кхабарх, Хьаьжа цIа эхарх ялсамане бо-хуьйтур бац Дала. Амма стага мел дукха сагIа даларх, адамашна мел дукха дика гIуллакхаш дарх, Дала шена тIедеххкина перзаш кхочушдеш вацахь, ялсаманега догдохуьйла а яц цуьнан. И ший а декхар цхьаьний кхочушдан деза бусалба стага.

Iеламнаха олу: Дела дика ву, къинхетаме, комаьрша ву, стаг ша лелийнчунна дохковаьлча, цунна гечдан ницкъ болуш ву. ХIаъ, вайх къинхетам бан, вайн къиношна гечдан ницкъ болуш а, къинхетаме а, комаьрша а ву Дела, нагахь санна вай ваьш лелийначу вочу гIуллакхашна боккъалла а дохко а девлла, бок-къалла а иманехь нислахь. Амма Делан къинхетаме догдохучу вай цхьаъ дицдан ца деза: АллахI нийсо еш хилар. Шена Iамал еш, Ша тIедехкина декхарш кхочушдеш долу адамаш а, Шена Iамал ца еш, Ша тIедехкина декхарш кхочуш а ца деш, Ша гай-тинчу некъа тIера а девлла даьхна адамаш а, Дала эхартахь цхьа-на



www.zhaina.com

даржехь нисдийр ду бохург и АллахI нийсо еш вац бохург санна ду.

КIезиг бац вайна юкъахь ламаз деш, парза марханел совнаха а марханаш кхобуш, Хьаьжа цIа а бахана, шайн устазашна вирд а доккхуш, дуьненан хьолана сутара нах. Адамаш Iехийна а, тилийна а, харцонашций, ямартлонашций шайна аьтто лохуш. Шайн хьал-бахамах дозалла деш, куралла еш, къен-миска стаг шайл лахара хеташ. Цара ойла йой те Пайхамар, эвлияаш муха баьхна те, аьлла? Шаьш вирд доккхучу Ташу-Хьаьжин, Кунта-Хьаьжин мохк, тIекIел дина цIенош, хIора дийнахь хуьйцуш керл-керла духарш хилла бохуш хезний те царна? Я уьш бусалба ада-мех ларбеш, герзаца царна гIарол деш, тIемалой хилла бохуш хезний те царна? Дала уггар къилахь леринчарех ма ю хьагI-гамо, сутаралла, куралла, ямартло, царех ларвала ца веза Делах, Къе-матдийнах тешаш а, кхоьруш волу бусалба стаг?

Бусалба дино ца боху дуьненан даьхни, хьал-бахам ма лаха, дика, хаза духар тIе ма духа, мерзаниг ма даа, дикачу, хазачу, цIеначу хIусмашкахь ма ваха, мелхо а и дерриге а къобалдо цо. Амма и хьал-бахам хьайн хьацарца къа а хьоьгуш, хьаналчу некъашца гулбе, цунах дозалла ма де, кура ма вийла, цунах Iехалой, Дела а, Эхарт а, Къематде а ма дицде, иза хьайна беллачу Далла хастам бе, цунна тIера закат, сагIа ло, гIийлачарна, миска-чарна гIо де, боху бусалба дино.

Далла дика хаьа вай дуьйцург, вайн дагахь дерг, вай лелош дерш а. Хьалха цкъа вешан дегнаш а цIандина, бусалба динехь а нисделла, тIаккха беха беза Деле къинхетам.

Ша бахкийтина пайхамарш къобал ца беш, цаьргахула Ша кхайкхина дин тIе ца лоцуш Iесалле девллачу халкъашна уьш хIаллакдеш таIзарш дина Дала. Иштта, цхьана нехан Iесалла бахьана долуш 1944-шарахь Дала дерриге а халкъана тIе бала боссийна хилла те, олий, дагадогIу, ойла йича. Нагахь вай бусал-ба динехь ца нислахь, юха а вайн халкъана тIе цхьа бала боссо и 50 шо хьалха хилла АллахI хIинца а волуш хилар хIунда дицдо те вай?( Кхузахь чекхйолу зорба тоьхна йоьалгIа кийсак: «Даймохк», 15 июнь 1994 шо, № 23/1995/.)

Суна хетарехь, динадай пачхьалкхан гIуллакхашна, полити-кана юкъагIерта ца беза. Церан декхар — адамашна бусалба дин хьехар, иза чIагIдар, лардар, адамийн дегнаш чуьра ваьснаш, хьаьгIнаш, оьгIазлонаш дIаяхар, адамаш хьарамлонех, харцонех, зуламех лардар, адамашна юкъахь машар, барт бар, гIийлачу, мискачу, заьIап нахана, боберашна гIо даре кхайкхар, доцца аьл-ча, адамаш бусалба динехь нисдарехьа къийсам латтор, къахье-гар ду. Амма тахана телевиденехула къамелаш дечарна юкъахь ишта динадай кIезиг го. Дала, бусалба дино шайна тIедехкина декхарш дIа а тийсина, пачхьалкхан гIуллакхашна, политикана юкъагIерта дукхахберш. Масала, февраль баттахь хиллачу Iеламнехан, къанойн Гуламо парламентан депутатийн барам 21 стагал лакхара хила ца беза, парламенте керла харжамаш бан ца оьшу, пачхьалкхан гIуллакхаш ваьытадало президентана гIоьнна Iеламнахах а, Iилманчех а вовшахтоьхна Лакхара Кон-сультативни Совет кхолла еза, оцу Iалашонца республикан Конституци тIехь хийцамаш бан беза аьлла президентана парла-ментана тIе декхарш дохкуш сацам тIе эцна. */ «Ичкерия»^ 9 февраль 1994 г., М II /208/.*

И тайпа сацамаш тIеэцар Iеламнехан а, къанойн а декхар долуш а, бакъо йолуш а гIуллакх дац. Иза президентан а, парла-ментан а, министрийн кабинетан болх а, декхар а, бакъо а йолуш гIуллакхаш ду. Нагахь санна, Iеламнехан а, къанойн а гуламан боккъалла а и тайпа декхарш а, бакъонаш а елахь, нагахь санна, уьш баккъал а шайн къоман бала болуш а белахь, чоьхьарчу гIуллакхийн министрана — зуламаш совцор, низам латтор, фи-нансийн министрана — нахана пенсеш, алапаш дIакхачор, мога-шалла Iалашъяран министрана — больницешкахь болх байтар, халкъан дешаран министрана — школашка болх байтар тIедуьл-луш сацам тIе хIунда ца оьцу церан гуламо?

Iеламнехан а, къанойн а карахь хIумма а ма дац. Республикан Конституци а талхош, парламентан 41 депутатах шена новкъа волу 20 депутат дIаэкkхийра президента. Ша динарг Конститу-цица нийса догIуш дац ца алийта, парламенте керла харжамаш ца бан, шена тIера бехк дIабаккха, Iеламнехан а, къанойн а и сацам тIеэцийтира цо. Шайна тIедиллинарг цара бIаьрзе, доггах кхочушдира. Уьш бехчалгех йина тайнагаш ма ю президентан, правительствон а карахь, цара шайна ма-тов ловзош!



www.zhaina.com

Щ ХIара къамел долош юьххьехь ас элира, нохчийн къам кхе-Ьамна тIаьхьадисаран бахьана цхьана а заманахь цуьнан я бу-Ивалба динан а, я дуьненан Iилма а Iамо, я кхоччуш Iамо аьтто-Iтш, таронаш цахиларо кхоьллина, аьлла. Нохчийн халкъ мах-(сах даькккхинчуьра цIадирзича, тIаьхьа догIучу ткъе итт шарахь цуьненан Iилма Iаморехь мелла а хьалхахьа яккхий гIулчаШ Ьхира вай, ткъа хIокху тIаьххьарчу шерашкахь юханехьа гIулчаш Iохуш ду. Дукхахйолу школаш болх беш яц, ткъа йисинчара юлх ца бо ца алийта цхьа бахьанаш леладо. Цхьа а тайпа шеКо яц, тахана школашкахь доьшуш хила дезаран, амма дешарх юкъах-цаьхна лела и итт эзарнаш бераш шайн дай, дедай санна, кхе-Гамна тIаьхьадисина кхуьург хиларан. ТIаккха уьш а, цхьаяа питанечу, ямартчу наха, церан дай санна, цIерга, бердах чутуьй-гур бу.

Оцу хьелашкахь, нохчийн къам цкъа а боданера серлонГа ма далахьара, кхетаме ма дагIахьара аьлла Iалашо йолуш санна, хIинца вайна юкъахь лелаш йолу йоза-дешаран графика дIа а яьккхина, латиница графика тIедовлар тIедожош, I992-чу шеран 8-чу мартехь №105 йолуш сацам тIеэцна вайн парламенто. Берриге а меттан Iилманчаш а, кхоллараллин белхалой а, хьехархой а, нох-чийн мотт безаш а, нохчийн къоман кханенан ойла еш болу нах сацам боллуш дуьхьал бу графика хийцарна. Цунах лаьцна шайна хетарг зорбанехь а аьлла цара, президенте а, парламенте а яздина. Амма президента а, парламенто ла ца дуьйгIира оцу нахе.

Латиница тIе довларехьа волчу шина-кхаа Iилманчаша дало бахьанаш цхьа а тайпа бух боцуш а, кхин хилча ца маггал аьрта а ду. 1938 шо кхаччалц СССР чохь дехачу дуккха а къаьмнийн йоза-дешар латиницан графикаца дара. Оьрсийн, украинцийн, беларусийн, кхин масех къоман — кириллицан графикаца. Гуьр-жийн, эрмалойн а эзар шерашкара схьайогIуш шайн графика ю. Цхьана пачхьалкхехь дехачу къаьмнийн йоза-дешар кхаа гра-фикехь хиларо халонаш хIиттайора церан мотт, Iилма, культура кхио а, вовшашна юкъарчу уьйрашна а. Цундела, коьрта дол-чунна и халонаш дIаяха Iалашо йолуш, дерриг а къаьмнийн йоза-дешар кириллица тIедаьккхира Iедало. Оцу Iалашонца цхьаьна генна йоьдуш политически, идеологически Iалашо а яра цуь-нан: и къаьмнаш русифицировать дан.

Латиница тГе довларехьа волчу оцу шина-кхаа Iилманчо бо-хура, кириллица тIехь кхоьллина нохчийн алфавит деша а, яз-дан а хала ю, цунна яккхий полиграфически харжаш еза, лати-ница тIе девлча вайн къомана английски, немецки, французски, туркойн меттанаш Iамо атта хир ду, азербайджанаш, молдова-наш а бу латиница тIе бовлуш.

Бакъду иза, советски-коммунистически Iедало шен генна йоьл-хучу политически, идеологически Iалашонашца СССР чохь де-хаш долу дерриге а къаьмнаш, цхьа гуьржий, эрмалой а боцурш, оьрсаша лелочу кириллица графика тIе бахар. Ткъа къаьмнаш-на цунах зулам а ца делира. Ткъа и шен политически, идеоло-гически а Iалашонаш кхочушъеш советски-коммунистически Iедале пайда эцалур бара йозанан муьлххачу а графикаца. Ал-фавит, йоза — иза адамийн кхетаман, хьекъалан ойланаш дIаязъяран гIирс бен бац. Алфавитан ницкъ бац стеган кхетам, ойла, динах тешар хийца, къоман культура, гIиллакхаш хий-цийта. Нагахь санна, латиница тIе девлча, хIара тахана халкъа-на тIе хIиттина халонаш дIаевр йолуш хилча, галдевлла гIуллакхаш нислург хилча, вай-м сихха хуьйцур яра йозанан графика. Амма оцу гIуллакхо йолчу тIе а алсамйохур ю и халонаш.

Оцу шина-кхаа Iилманчо латиница тIехь кхоьллина вайга схьагойту алфавит цхьана а лартIехь дац, иза хIинца вайна юкъахь лелош долчул Iаламат чолхе а, деша а, яздан хала а ду. Оцу алфавитаца арахоьцу «Маршонан аз« газета цхьаммо а ца доь-шу. Нагахь санна кхечу мехкийн меттанаш Iаморхьама вай ла-тиница тIе довлуш делахь, уьш Iамо луурш а, уьш оьшург а вайн цхьа процент белахь, кхин хир бац. И меттанаш хаар оьшу Iилманчашна а, гочдархошна а, бизнесменашна а, цхьацца кор-маталлин говзанчашна а. Бакъду, хIинца зударий а цхьаьна вай дерриг а кхечу пачхьалкхашкахула совдегаралла лело доьлла, церан дуьхьа вай графика хийца гIертахь, и ша ду.

Молдаванаш, Советски Союзах схьатохале, масех бIешеран дохалла шайн йоза-дешаран графика латиница йолуш хилла. Церан масех бIешеран истори а оцу йозанца язйина. Молдава-наш, румьшаш а цхьана цIийх, цхьана динехь, юкъара цхьа мотт, культура а йолуш ши къам ду. Шайн аьтто хилахь, шина а къоман юкъара цхьа пачхьалкх кхолла ойла йолуш а бу.



www.zhaina.com

Иштта цхьана цIийх, цхьа мотт, культура, гIиллакхаш долуш бу туркой а, азербайджанаш а. Тахана Турци массо а агIор кхиъ-начу пачхьалкхех цхьаъ ю. Туркошца политически, экономи-чески, культуран зIенаш таса а, чIагIъян а Iалашо йолуш, цаьрга-ра шайна аьтто лаха латиница тIе бовла гIерта азербайджанаш а. Хетарехь, хенан йохалла изза дан тарло шайн пачхьалкхаш йолчу казахаша, гIиргIазоша, узбекаша, туркменаша. Иза дан церан аьттонаш, таронаш а ю, иза дича царна пайде а хир ду.

Латиница графика лелочу керста къаьмнашца цхьа а тайпа юкъара хIума дац нохчийн къоман. Ткъа туркошца вайн юкъа-ра дерг деккъа цхьа бусалба дин ду. Архивашкара нохчийн къо-ман историх дерриге а документаш, нохчийн къомах лаьцна ша-дерриге а оьрсийн маттахь, кириллицан графикаца яздина пач-чахьан а, советски а заманахь. Нохчийн маттахь язбина берриге а талламан, кхолларали белхаш а, официале документаш а оцу графикаца ду. Нагахь, вай кхин ойла а ца еш, латиницан графи-ка тIе довлахь, вайн къоман тIаьхье и белхаш беша а ца хууш бIаьрзе хир ма ю. ХIета, лаахь а, ца лаахь а, тIейогIучу заманахь а оьрсийн графикаца йоза-дешар Iамо дезар ду вайн къоман. Къилбаседа-Кавказерчу къаьмнашна юкъара дIа а къаьсти-на латиница тIе девлча, церан махкахь кириллица графикаца яздина йозанаш деша хаа ца деза вайна? Цаьрга муьлхачу мат-тахь къамел дийр ду вай?

Английски, французски, немецки,испански,туркойн метта-наш хууш хир буй оцу къаьмнех болу нах? Мел ца лаахь а оьр-сийн мотт Iамо дезар ду, хIунда аьлча Союзехь даьхначу къаьм-наша шайн юкъаметтигаш лело и мотт Iамийна, иза лелаш а бу. Оьрсийн мотт Iамо безаш хилча, иза язбина алфавит Iамо а дезар ду.

Iаьрбийн йоза-дешар Iамор, Iаьрбийн мотт Iамор, хаар а дика ду. ХIунда аьлча, оцу маттахь доссийна КъорIан а, оцу маттахь яздина бусалба динан Iилманаш а. Нагахь латиница тIе довлахь, вай кхоъ йоза-дешар Iамо деза: Iаьрбийн,, латиницан, кирилли-цан. Ткъа хIинца йолу графика вайна юкъахь 55 шарахь лел-лехь а, йоза-дешар ца хууш дукха нах бу вайн. Юккъера школа чекхъяькккхинчарех лаххара а 90% я нохчийн, я оьрсийн мет-танашкахь нийса яздан а, деша а ца хууш бу. Оцу хьелашкахь долу вай, хIинца латиница тIе девлча хIун хир ду вайх? Вайн къоман кхетам, мотт, культура кхиар лаххара а 50-100 шарна тIаьхьадуьсур ду, цул дехьа даьлча хиндерг а шеконехь дуьсу. Цул, хIинца лелаш долчу алфавитера масех шалха элпаш а хий-цина, Iадда хIунда ца дуьту? Вайна оьшург иза а, Iаьрбийн йоза-нан а ши графика ю, стенна оыиу вайна совнаха бала?

Юха а хаттар хIутту: стенна йоху вай кхечу къаьмнашна юккъехь массо гIуллакха тIехь хьалхеш? Царел хьекъал, кхе-там лакхабаьлла ду вай?

Лакхахь ма-аллара, графика хийцарна дуьхьал, латиница тIе девлча цунах пайда хир бацарна дуккха а хьекъале бахьанаш далош зорбанехь аьлла вайн гIарабевллачу Iилманчаша, яздар-хоша, хьехархоша, искусствон белхахоша, нохчийн къоман мет-тан, культуран кхолламан бала болчу бIеннаш наха. Цунах лаьц-на ас а леррина яздира сайна хетарг / *«Сихалла — бохаман накъост», «Даймохк», 26 февралъ, 1992 шо* /, доцца аьлча, сайн кхечу статьяшна тIехь а. Оцу хьокъехь оха, 17 Iилманчо а, ялх яздархочо а кехат яздира парламенте / *«Пагубные эксперимен-ты», «ГЧР», 17 февралъ 1993 шо, № 14/.* Амма тхан орца ца хезаш дисира вайн парламентана.

## 30

Паччахьан Россис ламанхошна дуьхьал латтийна харцонан тIом а, колониальни къиза Iазап а, ямарт политика а Iорайохуш 132 шо хьалха оьрсийн демократа Н.А. Добролюбовс шен цхьа- на статья тIехь далийна доккха маьIна долуш дешнаш ду нох- чех лаьцна: «Россихь цхьаболчара ламанхой чIогIа хестабо, церан майралла, хьуьнарш, оьздангалла, къинхетамалла, хьаша тIеэцаран гIиллакхаш а дуьйцуш. Кхечара боху, уьш муьлхха а цивилизованни азиаташ санна акха, ямарт, стешха, ахчанна сутара адамаш ду. И ши тайпа хабарш дуьйцучарна ши тайпа ламанхой гина: хьалхарчарна — бакъболу цIена ламанхой, шолгIачарна — вайна юкъабогIуш, вайца юкъаметтигаш лелош галбийлла кIеззигниш. Хууш ду, массо а заманахь, массанхьа а керла цивилизаци тIеоьцучу юххьехь муьлххачу а халкъо оцу цивилизацин коьртаниг, диканиг, кIоргге тIаьхьало ерг тIеэцарал хьалха вониг, сонтаниг,



www.zhaina.com

зуламениг, тIехуларниг схьаоьцуш хилар. Дагадайтал, Петр Великин заманахь дуьйна схьа оьрсаша европейски культура муха тIеэцна! Адамашна вониг, сонтаниг, зуламениг схьаэца лаар а дац иза. Цивилизацин тIехула гуш дерг вониг, боьханиг, сонтаниг цхьана масех сохьтехь атта схьаэцало, къа а ца хьоьгуш.Ткъа цуьнан коьртаниг, кIорге ерг, оьзданиг, дахарехь тIаьхьало хир йолу пайдениг схьаэца стагана хьекъал, кхетам, собар, дуккха къахьегар а, хан а оьшу. ТIе, цивилизаци юкъайохьучарна а ца лаьа бухарчу халкъо цуьнан дика агIонаш схьаоьцийла. Цундела цецдовлийла яц, шайн лаьмнашна, хьаннашна герга цивилизаци гIоьртича, цунах хьакхабелла нохчий, лезгинаш а шайн оьздангаллех бохуш хиларх. Уьш вешан олаллина кIелберзочу, цигахь вайн урхалла чIагIдечу хенахь, тIеман заманахь вайна оьшура оцу халкъийн чоьхьара барт бохор, шайн даймахке безам, лерам бохор, царна юккъе цабезам, цатешам кхоллар, уьш оьздангаллех бохор. Юьхьанца царна вай гайтира ахчанах дуьненан хьал, хIуьу а эцалуш хилар. ТIаккха, и ахча хьанал къа а ца хьоьгуш, вайна пайденна, ткъа шайн халкъана зуламна гIуллакх дича иза атта даккхалуш хилар. Цундела, хIетахь вай сутараллина, ямартлонна, къизаллина, тIеман шпионажана тIетоьттура нохчо...»
*/Н. Добролюбов. Собрание сочинений. Москва — Ленинград, 1962, том 5, стр. 447-450/.*

БIешеран дохалла лаьттинчу тIеман заманахь Россин Iедалхоша кIез-кIезиг даржош вайн къомана юкъа даржийна унду хIинца а вайх дIакъастаза. Мелхо а, тIеттIа тIе даржор бен, иза дIакъасто меттиг а, аьтто а ца балийтина тIаьхьа тIедеанчу советски-коммунистически Iедало а.

Амма цхьаболу бехкаш вайн вешан а бу. КIез-кIезиг диццдеш, вешан къоман дуккха а дика, оьзда гIиллакхаш диццдеш, дIатийсина вай. Церан метта тIеэцна оьрсийн, европейски, ткъа махках даьхначу шерашкахь ваьш юкъахь Iийначу казахийн, гIиргIазойн, узбекийн, кхечеран а, вешан къомаца ца догIу, дук-кха а гIиллакхаш. Диканаш, оьзданаш ца эцна, ткъа тIехула гуш дерш, — къа а ца хьоьгуш схьаэца аттанаш.

Ненан мотт цIена хууш а, буьйцуш а нохчий дукха бац. Дер-риге а нохчийн къомана тахана республикехь арадолуш деккъа цхьа «Даймохк« газет ду, иза а кIиранах цкъа бен ара ца долу. Ткъа оьрсийн маттахь арадолуш иттех газет ду. Цо гойту, вай вешан ненан меттан мел пусар до. Базаршкахь а, туьканашкахь а дукха адамаш хуьлу шаьш духкучу я оьцучу товаран мах не-нан маттахь ала ца хууш. Къена а, къона а нохчий. Республи-кан куьйгалхошна нохчийн маттахь къамел дан ца хаьа. Цара къамел оьрсийн маттахь я юкъ-юкъа нохчийн маттахь дешнаш а далош до. Царна гена ца бевлла Iеламнах а. IПайн къоман, шайн ненан мотт бийца, деша а, яздан а ца хууш болу нах шайн коьрте хIиттош къам хир дац дуьненахь. Вешан ненан мотт боцург кхечу къаьмнийн меттанаш Iамо гIерта вай. Дала массо а къомана шена-шена мотт белла. Оцу Дала нохчийн къомана беллачу вешан ненан меттан пусар хIунда ца до вай? Иза лар-бан, кхио, хьоле бан хIунда ца гIоьрта вай? Ненан мотт дIабаьлча, къам дIа ма долу. Цуьнан ойла хIунда ца йо вай?

Нохчаша йицйина къоман хьалхалера говзаллаш. Масала, исбаьхьа йозанца яздина чарташ, истангаш, вертанаш кечдар, хал-къан дарбанаш. Цхьа наггахь стагана а бен ца хаьа нохчийн маттахь диттийн, бецийн, акхаройн, олхазарийн, сагалматийн цIераш. Шайн къоман мотт, истори, культура, шира говзаллаш а йоI-бIаьрг санна ларйо луларчу дегIастанхоша, къаьсттина а суьй-лаша.

Сих ца луш, хьекъале ойла а еш, вовшех дага а довлуш, генна хьалха а хьовсуш, къинхьегамца ондда бух а буьллуш вешан къоман тIехиндерг кхолла ца хаьа я ца лаьа вайна. Генна тIаьхьалонга ца боьду атта некъ а къастабой хьалха дIагIерта. ТIаккха, цо цхьана берда йиртe далийча, юха а ваьш схьадуьйла-деллачу хьалхалеррачу юьхьиг тIе духадоьрзу...

Цхьана, я масех къомо кхоьллина дац дуьненара хьекъалш, Iилманаш, культура, говзаллаш. Уьш дуьненарчу дерриге а хал-къаша эзарнаш шерашкахь йинчу ойланийн, къинхьегаман, зе-рийн стом бу. Массо къоман а ду дика, оьзда гIиллакхаш, амма сакхташ доцуш къам а дац. ХIетте а хIора къам кхечарех къас-тош цуьнан цхьацца васташ, ламасташ, хуьлу: мотт, культура, аматаш, сибаташ, гIиллакхаш, цIераш, духарш, кхин, кхин а. И къастамаш берриг а дIатийсича муьлхха а къам шен юьхь йо-цуш дуьсур дара. Кхечу къоман диканиг, оьзданиг, хьекъалниг, пайдениг схьаэцарх хIумма а эхь дац. Дуьненарчу дерриге а



www.zhaina.com

къаьмнийн меттанаш нохчашна хууш хилча, церан дерриге а дика, оьзда гІиллакхаш схьа а эцна вай лелош хилча дика хир дара. Амма шен къоман диканиг, оьзданиг, пайдениг, сийлахь-ниг когашца хьеша а хьоьшуш, иза сийсаздеш, кхечу къаьм-нийн гІиллакхаш — къаьсттина оьзда доцурш, зуламенаш — тІеоьцур дац кхетамечу, оьздачу, мелла а шен къоман балаболчу, кхечу къаьмнашца яхь йолчу стага.

Оьрсийн а, европейски а «культура» нохчаша «тІеэцар» дІадоладелира махках даьккхина вайн халкъ духа Даймахка цІадирзинчул тІаьхьа. Юккъера школа чекхъяьккхина кегийрхой республикерчу а, цунна арахьарачу а гІаланашкахь деша боьлча.

Оцу культурах нохчаша уггар хьалха «схьаоьцург», Добролюбовс ма-аллара, цунна тІехула Іуьллу чопа, хьекъале болх а ца бойтуш, дегІе къа а ца хьоьгуьйтуш «схьаэца» аттаниг дара: оьрсийн мотт бийцар, оьрсийн зударий балор, европейски духар лелор, европейски цІераш таххар, вахош долу маларш мийлар, и. дІ. кх. а. Къаьсттина шуьйра даьржина нохчашлахь берашна европейски къаьмнийн цІераш таххар: тхан юьртахь кхо эзар сов вахархо ву. Юьртсоветера книгаш ас теллича, и тайпа 255 цІе карийра суна. Ткъа луларчу суьйлашлахь цхьа наггахь хеза и тайпа цІераш. Вай лелочо хІун дагадоуьйту? Европейцаш Африке баьхкича цаьргахула хезна меттигерчу туземцаша Ганнибал, Наполеон, Бонапарт, Цезарь, кхин, кхин а цІераш техкинера шайна. Іоврат йолу меттиг кІадинан кийсакца я хьоькхаргаца дІахьулйой хуьлура церан, ткъа йисина ерриг а меженаш — ерзина. Ткъа коьрта тиллина европейцийн фуражка, кивер я шляпа, логах хьарчийна галстук, пхьаьрсах дихкина сахьт хуьлура.

Цкъацкъа вай оцу туземцех тарло суна.

Нохчийн мотт бийцича, маж-мекх дитича, нохчийн духар ле-лийча, шайн «культура» лахло, и эхь ду моьттурш а бара. Шайн доьзалехь ненан мотт ца бийцича, оьрсийн мотт бийцича, Далла Іамал ца йича, атеистически къамелаш дича, шайн «культура» лакхайолу моьттурш а бара. Салам ца лурш а, шайга делча, схьа цаоьцурш а бара. Стаг веллачохь, тезета тІебахча, доІийна куьйгаш хьалалаца цабаьхьарш а бара. Шайн къамелехь «Дала мукъалахь», «Дела реза хуьлда», «Дала аьтто бойла» аьлла, Делан цІе яккха цабаьхьарш а бара.

Уьш леладе я ма леладе бохуш, вайна ницкъ беш цхьа а вацара. Со юккъерчу школан директор, яздархо, І959-чу шарахь дуьйна СССР, КПСС дІайовллалц КПСС-н член а, КПСС-н райкоман член а, райсоветан депутат а вара. Со юьртахь цІахь волуш ас даима ламаз дора, сайн ницкъ кхочу марханаш а кхобура, сагІа а доккхура, айса цхьа гІуллакх дагалаьцча мовлад а доьшуьйту-ра. Тезетахь баккхий нах ламазана дІасабевлча, кадам бан тІебаьхкинчу кегийрхошна моллин меттана доІа деш хоий а Іара. Сан дерриг а берийн нохчийн, бусалба а цІераш ю. 1960-чу шарахь дуьйна-ас даима коьртахь нохчийн холхазан куй-лелий-на. Иза коьртахь болуш партийн пленумашка, конференцешка, депутатийн сессешка, съездашка а вахана. И куй лелийна ас Москвахь со доьшуш волуш а, кхечу пачхьалкхашкахь а. Соьга уьш ма леладе бохуш цхьа а вацара, аларх со вуха а вер вацара. Со партира, балхара дІа а ца ваьккхира.

Оцу лакхахь ас бийцинчу «культурни» нахах цхьаберш СССР, КПСС дІаяьлча имане баьхкина. ХІинца цара коьртахь куй я пес лелайо, маж-мекх а дитина, церан каралаьцна суьлхьанаш а хуьлу, шайн къамелехь сих-сиха Делан цІе а йоккху. Цхьаццан-га хотту ас: «Пхи-ялх шо хьалха-м кхин ма дара шу, хІинца цІеххьана ма чІогІа нохчий, бусалбанаш а хилла шух?!» — олий. «ХІетахь кхин зама ма яра…» — олу цара. Дависа шен делаІ, цхьана заманахь, цхьана Іедална кІел долуш бусалба дин, нох-чийн мотт, гІиллакхаш а дІатуьйсуш, кхин зама, кхин Іедал тІедеъча, бусалбанаш а, нохчий а хуьлуш муха хуьлу? Ишта хий-цалучу нахах муха тешар ву? Кхуза а баьхкина, масала, китайша шайн Іедал хІоттадахь, церан мотт, духарш, гІиллакхаш, амалш а, цІераш, дич а схьаоьцур ду те вай?

## 31

Нагахь санна кхечу динехь долу адамаш я халкъаш хьоьга хьайн бусалба дин дитийта, хийцийта, шайн дине верзо, хьайн хІусамера, махкара араваккха гІерташ хьуна ницкъ беш делахь, цара хьайна дуьхьалдаьккхина герз царна дуьхьал а даккхий, хьайн дин, хІусамаш,



www.zhaina.com

даймохк ларбеш дуьхьало яр декхар ду хьан. Амма кхечу динехь долу адамаш хьан дин лоьруш, хьуна ницкъ а ца беш, хьо сийсаз ца веш, хьоьца машаре дехаш делахь, цаьрца мостагӀалла ма леладе, царна ницкъ а ма бе, церан долал-лина тӀе куьг а ма кхийдаде, церан дин, гӀиллакхаш а лоруш; цаьрца машаре ваха, боху бусалба дино.

Нохчийчохь дехаш керста а, жуьгатийн а динехь масийтта къомах адамаш ду. Зорбанехь а, телевиденехула а, наха шаьш-лахь а дуьйцу, цхьаболчу нохчаша и кхечу динехь, кхечу къо-мах долу адамаш кхерош, нуьцкъах, бойуш шайн хӀусамашкара ара а бохуш, уьш дола йоху, бохуш. Цундела шайн хӀусамаш борахчу мехах дӀаюхкуш я дӀа а туьйсуш уьш вайн махкара дӀаоьху, бохуш. Цкъа-делахь, лакхахь ма-аллара, бусалба дино магош дац бусалбанна а, керистанна а тӀехь и къизаллаш, харцо-наш, ямартлонаш лелор. ІНолгӀа-делахь, вайн республикан Кон-ституцис цхьатерра бакъонаш елла вайн махкахь дехачу массо а къомах, муьлххачу динехь а долчу адамашна, и бакъонаш ларъ-ян тӀе а лаьцна, царна ницкъ бар, уьш сийсаздар а дихкина. ЩЬусалба дино а, Республикан Конституцис а шайна тӀедехкина |декхарш кхочушдеш боцчу, уьш тергал ца дечу нохчаша сий :дойу вайн къоман, церан къизалла, сутаралла, иман дацар, Іедало а, халкъо а уьш таІзарза битар мацца а цкъа зуламе, бохаме дер ДУ дерриг а нохчийн къомана.

1944-чу шарахь махках даьккхина вайн халкъ Даймахка цӀадоьрзуш цигара схьабовла аьтту ца хилла я Дала цигахь риц-къанаш нисдина, дуккха а нохчий бисина Казахстанехь а, Юк-къерчу Азехь а. Вайн махкахь белхазалла хилар бахьана долуш рицкъа лаха баханчохь бисина хьалха хиллачу СССР-н массо а маьІІехь шайн доьзалшца бехаш 300 эзар алсам нохчий а бу. Цигарчу къаьмнашна юкъахь лерам болуш, цаьрца бертахь, дика дӀатарбелла хан йоккхура цара хӀара тӀаьххьара шераш тӀекхаччалц. ХӀинца бухxенца хийцаелла церан юкъаметтигаш. ДӀадахначу шарахь вайн телевиденехула къамел дира 40-50 шо хенарчу цхьана нохчочо. Ша Астрахански областехь вехаш

волу ткъех шо гергга хан ю, бохура цо. Цигахь гӀишлошъяран мастерна тӀера хьалаволавелла ша хӀинца цхьана трестан гене-ральни директоран дарже а кхаьчча, областан Советан депутат а ву. Шаьш оцу областехь вехачу масех эзар нохчочун хӀара тӀаьххьара шераш тӀекхаччалц доккха сий дара, шайга лерам а бара. Амма цхьаболчу нохчаша Нохчийчохь а, цига дӀабогӀуш а лелочу зуламаша, оьзда доцчу гӀуллакхаша, оцу областерчу ба-xархойн шайх тешам байина, шайга цабезам кхоьллина, шаьш цигара дӀадаха хьийзош меттигаш а хуьлу, бохура цо. Иштта къамелаш зорбанехь а, кхечу областашкара цӀа богӀучу нохчаш-кара а хеза. И тайпа галморзахаллаш йолчу областашка маслаІатана вайн республикан куьйгалхой, юкъараллин векалш а бахана меттиг а ю.

Цхьана стага шен доьзалан, юьртан, ткъа цхьа кӀеззигчу наха мехкан, къоман сий айдо, сий а дойу. Кхузахь, вайн махкахь, цхьана нохчочо кхечу къомах стагана зулам дича, иза сийсазви-ча, оцу стеган къомана иза дӀахезий, массанхьахула кога до-лий даьржа. Я кхечу къома юкъахь нохчочо зулам дича, ада-малла доцург, оьзда доцург далийтича, берриг а нохчий иза санна бу моьттуш, вайн къоме цабезам, цатешам а кхоллало церан, тӀаккха иза вайн дерриг а къомана зуламехьа доьрзу. Вайн къам ца дезачара, къаьмнашна юкъахь барт, машар, гергарло а хила цалуучу шовинисташа, националисташа, экстремисташа, кӀеззигниг дестош, гаайггара тӀекхуллуш, марсадохуш пачхьал-кхан тӀегӀанехь эладитанаш даржадо. Цунна тоьшалла ду Моск-вахь, Петербургехь, Россин кхечу областашкахь а нохчашна дуь-хьал дӀахьош йолу кампанеш, масех шо хьалха Казахстанера нохчий нуьцкъашха арабахар а.

Бакъдерг бакъ хилаза ца долу. Вайн къомах безам а, тешам а баккха ваьшкара бахьанаш дуьйлуьйту вай. «Усть-Камено-горск гӀаларчу хьешацӀийнехь нохчаша виъ казах вийна, де-къий сийсаздеш, церан кортош а даьхна, вовшийн догІмех хуьй-цуш, юхатӀедоьккинера. И бахьанехь лелхийна цигахь болу вай-нах»- яздо журналиста М. Кузаевс. */ «Даймохк», 7 июнъ 1994 шо, № 22/10994/.* Цул тӀаьхьа шайна юкъахь нохчий цабитарх бехк буьллийла дуй ткъа цигарчу казахашна? ІПа тӀевоьссинчу хӀусамна а, шена тӀевоьссинчу хьешана а нохчо тешаме хуьлуш ца хилча эхь долуш, оьзда гӀиллакх ма дара нохчийн къоман эзарнага шерашкара схьадогӀуш! Вай вешан махкахь лело оьзда доцу, адамалле доцу гӀуллакхаш а тоьар ду кхечу



www.zhaina.com

къаьмнашна вай ца деза а, вайх ца теша а. ТIехула тIе, вайн республикан куьй-галхоша а, шаьш политикаш ду бохучу наха а, тIаьхьалонан ойла ца еш, дуьйцучу сонтачу хабараша а херо юллу вайн къоман кхечу къаьмнашца йолчу уьйрашна юккъе. Шина пачхьалкха юккъехь мостагIалла делахь а, тIом белахь а, шиний агIонан паччахьаша, куьйгалхоша вовшашна гIиллакхехь критика йо, амма пачхьалкхийн куьйгалхой сийсазбеш церан сакхташ, ай-паш дуьйцуш къамел ца до. Иза дуьненан халкъаша, пачхьал-кхаша, церан куьйгалхоша, политикаша, дипломаташа тIеэцна этика, гIиллакх ду. Ткъа вайн президента а, кхечу куьйгалхоша а телевиденехула Россин президентана «хьакха», «чангIалкх», кхин доьхнарг а олу. Москвахь вай ца дезачара вайх лаьцна эладитане дешнаш аьлча, вешан шина автоматан чаппагIаш мет-тахъхьееш, Росси а, Европа а сийначу цIарах ягор ю, ООН а дIасалоллур ю бохуш кхерамаш туьйсу, дуьнене а, «бIов» бохуш, хабарш дуьйцу, кхечу къаьмнийн а, пачхьалкхийн а чоьхьарчу гIуллакхашна юкъагIерта.

Вайн дайша а ларйина шайн маршо, вай а ларйийр ю, нагахь санна Россин эскарш Нохчийчу гIортахь, цхьа салти дийна ца вуьтуш, вай берриг а бойур бу уьш, вайна гIо дийр ду ерриг а бусалба пачхьалкхаша бохуш, гIазотана кегийрхой ир-кара хIиттош, карзах бохуш лела цхьа зуламе нах а. Ткъа президента. а аьлла, нагахь санна Россин эскарш Нохчийчу гIортахь, уьш кхузара дIалаьхкина ца Iаш, вай тIом церан махкахь бийр бу. Сонта къамелаш ду уьш.

Дуьненахь цхьа миллион бен бац нохчий, ткъа царех I989-чу шеран хьесапашца Нохчийчохь вехаш верг 734500 ву. Оцу цхьа миллион нохчийн — къеначийн, зударийн, берийн а кара ракеташ елла вай дуьхьал девлча а, иттаннаш, бIеннаш миллионаш ада-маш долчу яккхийчу, нуьцкъалчу пачхьалкхел а, къаьмнел а тоьлар ма бац нохчий. Ткъа Россис Нохчийчу агресси яхь, тIом болабахь, нохчашна гIоьнна орцах деврдац дуьненара цхьа а я бусалба а, кериста а халкъаш, цхьа а пачхьалкх а. Нохчийн къо-мана тIе дукха бохамаш баьхкина хIокху тIаьхьарчу кхаа бIе шарахь, иттаннаш шерашкахь Россина дуьхьал тIом а бина цо, амма дуьненара бусалба а, кериста а цхьана а пачхьалкхера а, халкъера гIо ца хилла нохчашна я хIинца а, тIаьхьа а хир дац. Ткъа Россис Нохчийчу агресси йича, нохчашна гIоьнна герз ке-рахь хьала а гIевттина, шаьш хIаллакдайта сонта дац вайна лу-лара халкъаш. Вайгахьа гIо доккхуш дош ала а даьхьар дац. Нохчашна цахаарх шайн истори, царна дика хаьа шайн истори-чески дIадаханарг, Россина дуьхьал тIемаш бича шайн дайшна мел пайда хилла а.

ХУШ-XIX бIешерашкахь шайн Даймохк, маршо ларъеш дуь-ненахь нуьцкъалчу Россин пачхьалкхана дуьхьалгерз керахь турпала дуьхьало йина нохчийн халкъо. Дуьхьало йина ца Iаш, ерриг Европа а цецйоккхуш, шайн коьртехь тIеман говзаллица гIарабевлла полководцаш болуш, оцу заманан тоьллачу герзашца кечдинчу, шайл мосуьйттазза алсамчу оьрсийн эскаршна тIехь толамаш бохуш меттигаш хилла. Оцу тIамех а, толамех а лаьцна шайн къамелашкахь цхьаболчу историкаший, керлабевллачу по-литикаший, лакхахь бийцинчу питанечу эладитанчаший олу, хIетахь иттаннаш шерашкахь нуьцкъалчу Россин эскаршна дуь-хьало ян а, толамаш баха а нохчашна ницкъ белларг церан май-ралла яра.

Нохчийн къомехь майралла а, тIеман говзалла а, доьналла а ца хиллехь, цуьнга иттаннаш шерашкахь шен маршонехьа къий-салург цахилар а, толамаш бахалург цахилар а, шеко йоцуш цIена бакъ ду.

КIилло стагерчу герзан а, хьекъалан а, Iилманан а пайда бац, нагахь санна цаьрца цхьаьна цуьнгахь майралла, доь-налла а, оьздангалла а яцахь. Амма уллохь хьекъал, оьздан-галла, собар, къинхетам а боцу майралла — иза сонталла ю. Иштта и сонта майралла бохаме, бале, зуламе йолу оцу стага-на шена а, адамашна а. ХIунда аьлча, и тайпа майралла сон-тачу, къизачу, ямартчу, стешхачу зуламхошкахь, акхарош-кахь а хуьлу.

Оцу заманахь вайн къомана иттаннаш шерашкахь шен Дай-мохк, маршо ларъян, толамаш баха майраллица цхьаьна цунна ницкъ луш кхин а масех хьоста дара. — бусалба дин. Иза дара къомана майралла, доьналла, оьздангалла, собар, къинхетам а лург, цуьнан барт бийриг, дика мел дерг цуьнца лардийриг. ХIетахьлера вайн дай Делах тешара, Делах кхоьрура, цара Далла еш йолу Iамал цIенчу даггара яра, цундела Дала церан доIанашна жоп лора, Ша къобал бинчу новкъахь царна гIо дора, царал мосуьйт-тазза алсамчу, нуьцкъалчу мостагIчунна


www.zhaina.com

дуьхьало ян а, цунна тIехь толамаш баха а, шайн Даймохк, маршо, дин, къоман сий лардан ницкъ а лора. ХIетахь вайн дайшна гIо а дора мехкан хьелаша ламнаша, хьаннаша, чIажаша. Дуьхь-дуьхьал тIом бечу шиний агIорчийн герзаш дукха башхаллаш йоцуш цхьатера дара. Шаьш тIеман академешкахь дешна бацахь а, тIеман говзаллица оьрсийн гIарабевллачу инарлел хIумма а оьшуш бацара нохчийн тIеман баьччанаш, ткъа цхьаберш тIеман говзаллица оьрсийн инарлел дуккха а лакхахь бара. ХIетахь нохчиин къам шен махкахь а, арахьа а кхечу къаьмнашца эделла дацара, Россин, Европан а цивилизацин Iаткъамна кIелдахаза шена, оьзда, бертахь, иманехь дара. Къомана ямарт, стешха, дуьненан хьолах бохкалуш нах наггахь бен ца нислора.

ХIетахь нохчийн къоман маршонехьа боламашна коьртехь хилла баьччанаш Делах тешаш, Делах кхоьруш цIена бусалба нах бара. Iедалан коьрте гIерташ, даржаш къуьйсуш, хастам лоь XVIII дуьненан хьал-бахаман дуьхьа ца летта уьш. Нохчийн къам тукхамашка, тайпанашка доькъуш гIорасиз деш, къоман боха-машна, баланашна юккъехула, декъийн баьрзнашна тIехула, цIийн Iоврашна чухула, наной, йижарий, байш делхош оцу сутарчу, зу-ламечу Iалашонашка ца гIиртина уьш. И баьччанаш, царна тIаьхьара бIаьхой а шайн Даймохк, бусалба дин, къоман маршо ларъеш летта, белла. ТIеман арахь шайн Iожалла хир юйла, эшам хилла дийна мостагIчун йийсаре лецахь шайн Iожалла тангIалкхаш тIехь я набахтехь, я Даймахкана генахь Сибрен каторгашкахь хир юйла а хууш. Иштта Iожалла тIеэцна эзар-наш нохчийн кIенташа, мехкарша, наноша.. Къеначара а, къона-чара а, бераша а, эвлаяаша а, динадайша а.

И зама дIаяьллачул тIаьхьа бIе шо сов хан яьлла. Адамаш а, Iалам а хийцаделла. Нохчийн къам кхечу къаьмнашца эделла. Шайн Даймахкал арахьа кхечу къаьмнашна юкъахь бехаш бу кхо бIе эзар сов нохчий. Оццул Нохчийчохь кхечу къомах, кхе-чу динехь адамаш а ду. Дукхахболу нохчий европейски циви-лизацин Iаткъамна кIел бахана, дайн гIиллакхех а, бусалба ди-нах а боьхна, адамаш сутардевлла, шайн къоман, Даймехкан бала болуш нах кIезиг бу. Нохчийн къоман барт бац, хIораммо а шена аьтту лоьху. Нагахь санна, Россис Нохчийчу агресси яхь, бIе шо хьалха санна, къам цхьа барт болуш, цунна дуьхьал гIоттур дац. И барт а хилла гIеттича а, цуьнан ницкъ хир бац кхузаманан тоьлла герз а, тIеман техника а йолчу масех миллион российски эскаршна дуьхьало ян. Хьалха заманахь нохчашна чIагIо хилла лаьттинчу лаьмнаша, хьаннаша, чIажаша а ларбийр бац. Шайн салтий хIаллак ца байта, масийтта километр генара схьа як-кхий а, хIаваэра охьа бомбанаш тIе етташ ярташ, гIаланаш отур ю, халкъ хIаллакдийр ду. Оцу цхьаболчу нехан сонтачу хабарший, эладитанаший бо-хам бийр бу вайн халкъана. Дицдан ца деза, Германица тIом дIабоьдуш, фронтехь хIора салти оьшучу хенахь, Нохчийчу 150 эзар салти а валийна, шина сохьтехь шайн ярташкара ара а даьккхина, ялх дийнахь вагонаш тIе а доьттина, нохчийн халкъ махках даккхар. Махках даьккхина халкъ нийсса ах мацалла, цамгарех хIаллакьхилар. Даймахке сатуьйсуш цигахь вай текхна кхойтта шо хан. Иза дицделларг, иэсах ваьлла ву. Цундела, вай Россица девнах, тIамах лардала деза, вай машар лаха беза цуьн-ца а, лулахошца а, массо пачхьалкхашца а, массо къаьмнашца а.

Оццу М. Кузаевс яздина: «Россин эскарш чудогIу аьлла, дозане дахара тхо, — дуьйцура цхьана жимачу стага. — Танкаш гучуйовллушехь бевдира «мерседесаш» тIехь берш. Тхо миска-наш дисира дозанехь латта». / *«Даймохк», 7 июнъ 1994 шо. № 22/10994/.*

Оцу масало гойту, Дала тIе ма доуьйтийла иза, нагахь санна тIом хилахь, таронаш ерш бевдда кIелхьарабевр бу, ткъа миска-наш хIаллакьхир бу...

32

Россис пачхьалкхан тIегIанехь дуьнене а дIакхайкхийна,-муьлххачу а махкахь оьрсийн къомах болчу нехан бакъонаш эшаяхь, царна ницкъ бахь, ша могуьйтур дац, аьлла. Цуьнан ницкъ бу и шен дош кхочушдан. Цо харц-бакъ къестор дац, шен ницкъ хиларе терра, и бахьана а хIоттийна, цо агресси йийр ю муьлхха-чу а махка. И политика цо дIакхоьхьу хIокху тIаьхьарчу масех бIе шарахь. Ткъа вешан цIахь, вешан махкахь дехаш долу вай вовшийн харцонех, зуламех лардан барт а, ницкъ а боцчу вай арахьарчу ницкъах вешан мохк, халкъ а,



www.zhaina.com

кхечу пачхьалкхашкахь бехаш болу нохчий а муха ларбийр бу?

Цундела, вешан къомана зуламе доьрзур долу, вон цIе йоккхуьйтур долу бахьанаш дийлийтарх лардала дезара вай. Нохчийчу эскарш дало Россина бахьана дара цхьана наха цIерпошташ талор. ДIадаханчу Iай Россин Центральни телеви-денехула журналистийн дискусси хилира, Нохчийчохь лай-до-лалла ду, нуьцкъашха оьрсий дIа а буьгуш, лолле берзош, къиза-чу хьелащкахь маьхза бацош бу, бохуш. Иштачарех хIара цхьаъ ву бохуш, гойтуш къамел деш цхьа оьрси а вара. Ткъа иштта йолах белхаш беш Россихь бIе эзарнаш оьрсий бу. Амма Россихь шаьш шайн оьрсий лоллин хьелашкахь бацор ца хьехадо Iедало а, оцу журналисташа а. Нохчийчохь йолах болх бина ма-сех оьрси схьа а лаьцна, ккузахь лай-долалла ду бохуш, дуьнене а дIакхайкхадо. Нохчийн къам сийсаздархьама, цунах цатешам а, цуьнга цабезам а кхолларкхьама. «ЦIе йоцчохь кIур ца болу», -бохуш, кица ду вайн. ЦIа-цIе доцуш бевлла лелачу оьрсашка дуу-чух-молучух нохчаша болх бойту бохуш, хабарш ду вайна юкъахь лелаш. Москвахь нохчийн къомах масех рекетер ву бохуш а дуьйцу. Царех «нохчийн масри» аьлла кхайкхадо цигарчу Iедало. Иштта вайн къомана тIе эладита кхолла бахьанаш дуьйлуьйту цхьаццаболчу нохчаша. ТIаккха вайн къам ца дезачара, и кIезиг бахьана стамдой, дестадой, дуьненахула даржадо. И бахьанаш ваьшкара дийлийта ца дезара вай, вайн къоман сий бехдо нах совцо гIорта безара церан гергарнаш, Iедал, динадай, массо нохчо а.

Делах, Къематдийнах тешаш, кхоьруш, бусалба динехь нис-деллачу адамийн барт ца хуьлийла, уьш къинхетаме ца хуьлий-ла дац. Дала КъорIан чохь аьлла адамашка: вовшашца дика, бертахь хилалаш, шайн дегнаш чохь хьагI-гамонаш, оьгIазло ма лелаелаш, доцург тIекхуллуш вовшийн сийсаз ма делаш, вовшаш-на ямартлонаш, харцонаш, хьарамлонаш ма елаш, дог цIена, къин-хетаме хилалаш, вовшашна диканиг дан, сагIа дала сихлолаш. ТТТа шайна дуьненан хьал-бахам белча кура ма довлалаш, къен-мискалла, бала белча собаре хилалаш, иза а, важа а, дерриге а Шегара дуйла хаалаш, Шена хастам белаш.

Дала бусалба адамашна тIедехкина и декхарш массо а нох-чочо кхочушдеш делахьара, я цхьана дашца аьлча — вай Делах, Къематдийнах тешаш а, кхоьруш а делахьара, вайн къоман барт а хир бара, вайн махкахь иман-беркат а хир дара, кхечу къаьм-нашна хьалха вайн сий-лерам а хир бара.

Барт боцу доьзал, вовшийн сий деш боцу доьзал, къуй, малар-чаш, мунефикъаш, муьлхха а зуламхо юкъахь волу доьзал лула-хошна а, юьртахошна а, ур-атталла, цуьнан гергарчарна а ца беза. Вай иманехь ца нисделча вовшашца а, дерриге къоман а барт хир бац, вай цкъа а вешан мехкан дай хир дац, вайн махкахь беркат хир дац, кхечу къаьмнашна хьалха цкъа а вайн къоман сий а хир дац.

Адамашца уьйр йоцуш, адамех дIакъаьстина цхьаъа стаг а, кхечу халкъех дIакъаьстина, цаьрца уьйраш йоцуш цхьаъа къам а ца дахаделла дуьненахь. ХIокху дуьненара дерриг адамаш -кIайн, Iаьржа, можа а беснашкахь, тайп-тайпана меттанаш, гIиллакхаш, амалш йолуш, масех динехь долу дерриге а адамаш вовшашца девнаш деш, тIемаш беш, ницкъаш беш, мостагIий хил-ла даха ца кхоьллина Дала. Бертахь, машаре даха кхоьллина. Къаьсттина а бусалба адамашна тIедехкина и декхарш, цхьа ве-жарий хилалаш, аьлла.

Вайна уггар хьалха вешан къоман барт оьшу, шолгIа — лу-ларчу, генарчу къаьмнашца барт, гергарло, доттагIалла оьшу. Уьш а, кхидерш а нислур ду, нагахь санна вайх хIора а бусалба ди-нехь нислахь, вай Делах а, кхана ваьшна тIедогIур долчу Къе-матдийнах а кхерахь.

## 33

Масех бутт хьалха, къурайшин тайпанан а, эвлаяийн цIийнан а тIаьхьенийн нахах а, динадайх а цхьаьнакхетта цхьа тоба арае-лира адамашка вовшашна къинтIера довларе, машаре, маслаIате, барте, Дала бусалбанашна тIедехкина декхарш кхочушдаре кхой-кхуш. Оцу сийлахьчу новкъахь церан мел кхиамаш хилира ца хаьа суна, амма цара схьалаьцнарг Дела реза хир волуш, тахана нохчийн къомана оьшу некъ бара.

Телевиденехула царех цхьаболчийн къамелашка ладоьгIуш цара уггар коьртаниг хьахош ца хезира суна: адамашна юккъехь нийсо яр. Адамийн барт а, машар а бийриг нийсо ю, ткъа нийсо йоцчохь, харцо, ямартло лелачохь адамийн цкъа а барт, машар ца хуьлу. Нагахь санна



www.zhaina.com

хилахь а, цуьнан оьмар гена ца йоьду. Ницкъ болчу цхьа кIеззигчу наха халкъан рицкъа, хьал шайн долалле а хьийзош, гIийлачийн, къен-мискачийн, боберийн, заьIапхойн хьакъ а дууш, царна ницкъаш бечу, уьш Iазапехь баллочу къоман барт хуьлийла дац.

Стаг хьоле вехаш хилар новкъа дац вайна. Дала а боху дуь-ненан хьал лаха, шайна оьшшучул, амма Ша а, Къематде а ма дицде. Масееран а цхьатера хьал-бахам, масех гIаттехь тIекIел дина цIенош а, фабрикаш, заводаш, туьканаш, машинаш, ахча а, кхин ерш а хир яц. Муьлххачу а нохчочун и дерриге а хилча хазахетар ду цIена бусалба дог долчу нохчочунна. Амма и хьал-бахам Дала гайтинчу хьанал некъашца, хьаналчу къинхьегам-ца гулбан беза стага. Цунах дозалла а ца *деш,* куралаш а ца еш. Шена иза беллачу Далла хастам а беш, цунна тIера закат а, сагIа а луш, гIийла-мискачеран гIо а деш. Нагахь шен аьтту белахь маьждиг, хьуьжар, школа, больница йина, некъ тобина, хи далий-на, тIай тиллина я и гIуллакхаш дечарна гIо дина, шен халкъана а, махкана а пайдехьа гIуллакх деш хила веза оцу хьолан да.

Таханлерчу вайн хьолахошна юкъахь цхьа наггахь стаг нис-ло хьаналчу некъашца, хьанал къахьоьгуш хьал-бахам гулбина стаг. Кхин а кIезиг нисло, оцу Дала шайна беллачу хьал-бахамах гIийла-мискачарна гIо деш, юьртана, махкана пайде гIуллакх деш болу нах. Дукхахболчу наха и шайн хьал-бахам хьарам некъаш-ца, харцонаш, ямартлонаш лелош, халкъан юкъара бахам шайн дола берзош гулбина. Шайн аьтто нисбелчхьана йиша-ваша а, юьртахой а, дерриг халкъ а мацалла делча а, цуьрриг а церан бала а боцуш. Кханалерчу Къематдийнахь Далла хьалха жоп дала дезар ду церан.

Кхузткъа шо сов хьалха, шайн долара стерчий, говраш, вор-данаш, даьхний, готанаш юкъа а йохкуш колхозаш вовшахтоьх-на вайн дайша. Iедало нуьцкъаша вовшахтохийтинера и колхозаш. ТIаьхьа деанчу кхузткъа шарахь оцу колхозашкахь дуьненара дIакхелхинчу а, хIинца дийна болчу а бIе эзарнаш наха къахьег-нера. Церан къинхьегам, хьацар, хьакъ ду колхозийн, совхозийн бахамашна юкъахь. Ткъа тахана цхьакIеззигчу наха талабо и бахамаш. Даьхний, техника, гIишлош а шайн дола йоху. Шайн дайн хилла бохущ латтанаш дIалоьцурш а бу. Къинхетамза хIаллакйо хьаннаш. Механа деза пепнаш, нежнаш хьоькхуш республикал арахьа дIадухку.

Латтанаш нехан шайн долахь долчу хенахь, I926-чу шарахь, нохчий 318500 хилла, ткъа I989-чу шеран хьесапашца — 956879 бу. Ткъа оцу юккъехь даьллачу 63 шарахь ярташ, шахьарш шор-луш, пачхьалкхан хьашташна дIалоьцуш а, охунин лаьттан ба-рам лахбелла. Тахана цхьана наха шайн дайн хилла латтанаш дIалецча, тIаьхьа тIекхиъначу 638379 нохчочо хIун дан деза? Дайн хилла латтанаш ярташна, шахьарщна, пачхьалкхан гIишлошна кIел даханчу наха хIун дан деза? Уьш лаьттан дакъа доцуш бита бохий ткъа бусалба дино?

Латтанаш лело ницкъ а, таро а, аьтто а болчарна дIало я царна дохка бохурш а бу. Латта эца ахча доцчара, иза лело ницкъ боцчара, къеначара, боберaша, заьIапхоша хIун дан деза тIаккха? Уьш а, кхин а тахана халкъана хьалха хIиттина чолхе гIуллакхаш нисдина цхьалхадаха гIерташ а, я бала болуш Iедал а дац, ткъа шариIатехь нисдан вай Делах кхоьруш а дац.

Стага къолаца я нуьцкъашха кхечуьнан даьхний шен дола даьхча, шариIатан а, муьлххачу пачхьалкхан а законашца, цкъа-делахь, оцу стага долчу дена духадерзо деза и даьхний, шолгIа-делахь, оцу стагана къола дарна таIзар дан деза. Ткъа вайна лаьа, долчу дена даьхний юха а ца дерзош, бехкечунна таIзар а ца деш, оцу шина стагана юккъехь машар хуьлийла. Ткъа иза цхьана а пачхьалкхан законашца а, шариIатца а нийеа ца догIу. Шен лачкъийна говр, машина а йигна, шен кетIахула уьш хоьх-куш лелачу къуьна, лачкъийна етт а бигна, цуьнгара шура а йоккхуш, шен кетIахула дIа иза беже а лоьллуш лелачу къуьна къинтIеравала а, цуьнца машар бан а луур дац цхьана а стагана. Ткъа адамийн барт, машар бан арабевллачу оцу лакхахь бий-цинчу динадайша боху, талорхошкахь нехан, халкъан хьакъ а дуьтуш, вовшашна къинтIерадовла, цаьрца машар, барт а бар доь-ху. Оцу тIехь харц лоь уьш.

Къаьст-къаьстинчу адамийн а, дерриг къоман а барт оьшу вай-на тахана. И барт, машар латто декхар долчу Iедало а, цунна гIоьнна гIевттинчу динадайша а, вайх хIораммо а дицдан ца деза адамийн а, къоман а барт бийриг нийсо хилар. И нийсо яр Дала тIедиллина вайна. Оцу тIехь халкъана масал гайта декхар ду уггар хьалха пачхьалкхан куьйгалхойн, динадайн, шаьш



www.zhaina.com

цIена бусалбанаш ду бохуш лелачу нехан а. Уьш дог, ойла, куьйгаш цIена долуш хилахь, я цхьана дашца аьлча — уьш иманехь хилахь, къоман барт хир бу, адамашна юкъахь нийсо а хир ю, махкахь машар, беркат а хир ду. (Кхузахь чекхйолу зорба тоьхначун йолхалгIа кийсак: «Даймохк», 27 июль 1994 шо, № 29)

## 34

I994-чу шеран июнехь цхьана суьйранна телевиденехула шен къамелехь къоман кхерамазаллин департаментан куьйгалхочо элира, оцу деношкахь шайн мостагIашна чIир йоьхкуш, цхьацца наха царна тIехь шаьш кхиэл еш, иза шаьш кхочушъеш меттигаш хилла, и гIуллакхаш Iедало къобалдеш а дац, уьш лелориш Iедало жоьпе а озор бу.

И тайпа меттигаш цхьацацанхьа хьалха а хилла бохуш, наха дуьйцу хезара хьалха а. ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь теле-виденехула цхьаццаболчу наха сих-сиха кхайкхадора, шайн стаг вийнарг, я зуда лачкъийнарг вийцинчунна, я доьза вайнарг волу меттиг йийцинчунна шаьш хIоккхул миллион ахча а лур ду, айкхваьлларг ца вийца шаьш КъорIан тIехь чIагIо а йийр ю, бохуш.

Муха кхолладелла цивилизацин цхьана а пачхьалкхан законашца а, шариIатца а нийса ца догIу, шайна зуламаш дина, шайн стаг вийна стаг наха шаьш лехар а, цунна тIехь шаьш кхиэл яр а, иза шаьш кхочушъяр а?

Муьлххачу а пачхьалкхан коьрта декхар ду шен гражда-нийн маршо, бакъонаш, долалла лардар а, пачхьалкхана, юкъа-раллина хьалха цаьрга шайн декхарш кхочушдайтар а. И де-кхарш кхочушдан кхоьллина а, болх беш а хуьлу пачхьалкхан законашкхолларан а, бакъонаш ларъяран а органаш. Церан де-кхар ду юкъараллин низам, адамийн бакъонаш ларъяр, талхор-хой, къуй, кхиболу зуламхой лахар, карор, царна оцу пачхьал-кхан законашца догIу таIзар дар а. Ткъа оцу пачхьалкхехь Iедал а, законаш болх беш ца хилча, наха шайна зулам динарш шаьш схьалоху, шаьш царна кхиэл йо, иза кхочушйо. Изза хьал хIоьттина вайн махкахь.

Кхин а кхоъ масал даладо ас, телевиденехула сайна хезна. Республикан прокурора цхьа гериг гойтура хьовсархошка. IПен хIусам чу цхьаммо бомба кхоьссина, ша иза схьа а карийна, цунна уггар луьра таIзар дийр ду, бохуш. Чоьхьарчу гIуллакхийн ми-нистра бохура, оцу Теркал дехьа гулбеллачу Россин хьадалчаша шайн ялх милиционер вийна, шен исс эзар милиционер ву, ша оцу мостагIашна чIир йоьхкур ю.

Оццу министерствон цхьана отделан начальнико элира, оп-позицехь болчу наха масех бено вийна, шайн бенойн тайпа доккха ду, шаьш чIир йоьхкур ю. Дика ду. Оцу кхааннен ницкъ бу шайн мостагIех бекхаМ эца. Цхьаъ — республикан прокурор, шолгIаниг — чоьхьарчу гIуллаккхийн министр, кхоалгIачун доккха тайпа ду. Шайна зен-зулам дина зуламхо лаха, каро, цун-на таIзар дан ницкъ а, таро а, аьтту а боцчу мискачу наха,тайпа жима долчу наха, къеначу наха, зударша, бераша,заьIапхоша хIун дан деза, цара хьаьнга орца ала деза? Уьш хьан ларбийр бу гер-зах боттабелла лелачу зуламхойх?

Пачхьалкхан бакъонашларъяран органаша пачхьалкхана а, халкъана а хьалха шайн декхарш кхочушдеш хилча, цкъа-де-лахь вайна юкъахь и зуламхой а хир бацара, шолгIа-делахь, наха шайна зен-зулам динарш, шайн стаг вийнарш а лоьхур бацара, царна тIехь шаьш кхиэл а йийр яцара, шаьш иза кхочуш а йийр яцара. Иза дар халкъо алапаш луш кхобучу пачхьалкхан орга-нийн, церан белхалойн декхар ду. ТIе, иза шен мостагI велахь а, стаг вен хала ма ду бусалба стагана, иза массаьрга а далур ма дац, къинхетаменаш а ма бу дуккха а.

Иза цхьа агIо ю. Оццу М. Кузаевс шен статья тIехь яздо: «Вийна стаг схьавуьйцург хIоттийна ахча схьа а эцна, бехке во-цург билгалваьккхинера цхьанакъонахчо»/ *«Даймохк», 7 июнъ 1994 шо, № 22/10994/.* Иштаниг дуьххьара хилла хир дац, тIаьххьара ца хила а мега. Бехке воцу стаг айкхо къайлах дIавийцича, чIирхоша иза вийча, цкъа-делахь, Далла хьалха а, стаг волчарна хьалха а жоьпалла хуьлу иза вийнарш а, айкх а, шолгIа-делахь, керла мостагIалла кхоллало, шина а агIорчеран доь-залшка бохам богIу, тIаьхьа-тIаьхьене дIабоьдуш.

Иштта меттигаш дуккха а хилла хила тарло. Нагахь зуламан декъашхой масех стаг


www.zhaina.com

хиллехь, церан хIораннан бехк цхьатера ца хуьлу. Цхьаннан я цхьаболчийн дукха, вукхеран кIезиг
хила тарло. Зуламхошна юккъехь хиллехь а, бехке воцург а нисло. Ша шен ларвеш тухуш а, цуьнга ша ца вейта стаг вуьйш меттиг а нисло. Масех тайпана хуьлу зулам: латар, тохар, верваккхар а. Цхьаболчу наха шайн стеган Iожалла цуьнан шен бехкенна хиллийла хуъушехь, куьг бехкечу стаге а, цуьнан нахе
а чIир кхайкхайо, уьш берриг а юьртах боху. Ткъа шариIатехь магош дац куьг бехке воцчух бекхам эцар. И санна долу гIуллакхаш пачхьалкхан органаша талла дезаш а, къасто дезаш а, кхиэл ян дезаш а ду. ТIе, нагахь санна вай бусалбанаш делахь, и тайпа гIуллакхаш Далла хьалха а, нахана хьалха а хотIе хир доцуш, нийса къасто а, кхиэл ян а шариIат ду. Амма пачхьалкхан законаша а, я шариIато бохург а ца деш, вай вешан лаамехь лела довлахь, бехкенаш маьрша а лелаш, бехке боцчарна таIзарш а деш, вовшийн мостагIий а хилла дехар ду вай.

## 35

Айкхвалар чIогIа эхье гIуллакх хилла хьалха заманахь вайн дайн. ХIетахь цуьнан шатайпа бахьанаш дара. Айкха хьалха заманахь — *лазутчик, доносчик,* кхузаманахь — *сексот, доносчик/* олуш хилла тIеман заманахь нохчийн тIеман къайленаш кхаьънех мостагIчунна къайлах юккуш, ткъа машарен заманахь — паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латто нах, я Iедална реза боцу нах Iедале къайллах дIабуьйцуш леллачу стагах. Иштачу ; айкхашна, уьш халкъан а, Даймехкан а ямартхой хиларе терра, угтар луьра таIзар дора халкъо. Царна юкъа ца богIура машаре-чу хенахь адамашна зуламе бевлла нах къайллах Iедале дIабуьйцу айкхаш. Цаьрга безам бацара халкъан, амма и зуламхой новкъара бахарна айкхашна гечдора «мотт тохар».

И зама дIаяьллачул тIаьхьа бIе шо сов хан яьллехь а, айкхех хIетахьлера кхетам ларбелла нохчийн. Зуламхо Iедале дIавийцар, дIавалар, органашка цунах лаьцна бакъдерг олуш тоьшалла дар а эхье лору. Иштачу харцахьарчу кхетамо зуламхошна маршо йоккху, уьш таIзарза буьту, халкъана бале, бохаме боху.

Кхузахь а бусалба дино ваьшна тIедиллинарг кхочуш ца до вай. Бусалба стагана тIедиллина, адамашна юккъехь дов, къовсам къастош хилча, шен дега-ненехьа, йиша-вешехьа озабезам ца беш, шена хууш долу бакъдерг алар, харц тоьшалла цадар. И бакъдерг, цунна шена дуьхьал делахь а, ала боху */4 сура, 134 аят. I* Бакъдерг олуш, нийсо еш волу стаг — иза Делах кхоьруш хиларан билгало ю */5 сура, IIаят/.* Юха а тIедиллина бусалба адамашна, цхьа стаг харцо, ямартло еш, зулам деш валлахь, иза сацор. Шена ган а гуш я хууш и зуламхо цасацийнарг, я сацо цагIоьртинарг, цо лелориг къайладаькккхинарг оцу зуламхочун, цо динчу зуламан декъашхо лору, оцу зуламхочуьнга терра Дал-ла хьалха жоьпалла лору иза.

Стеган бехк, сакхташ цунна тIаьхьашха а, къайлах а Iедале дIадуьйцу вай, амма юьхьадуьхьал цуьнга дIаала ца лаьа. Стаг шайн волчарна а, юьртана а зуламе вуйла хаьа вайна, амма иза сацо а ца гIоьрта, Iедале дIа а ца ло, я ша-шах иза Iедалан кара-вахча, цунах бакъдерг олуш тоьшалла дан а ца лаьа. Гергара, лулахо, юьртахо ву, цуьнан нахана халахетар ду, гIиллакххехь дац, бохуш, Дала, бусалба дино ваьшна тIедиллина декхар кхо-чушдан ца лаьа. Делах ца кхоьру, ткъа зуламхочух а, цуьнан нахах а кхоьру. Делаца гIиллакх ца леладо, ткъа зуламхочуьн-ца а, цуьнан нахаца а гIиллакх леладо. Цхьаъ къола, зулам деш валлахь, цуьнга иза ма де, ала деза. Нагахь санна, шен ницкъаца шега и зуламхо ца сацалахь, цо деш дерг цуьнан верасашка я сацо хьакъ долчу Iедале дIаала деза. Бакъдерг къайлах мехах дохка ца боху бусалба дино. Цундела ду айкхалла эхье, къилахь а лоруш. Къайллах айкхваьллачу стага эцна ахча хьарам ду стагана, Далла хьалха цунах жоп дала деза цо.

Стаг малар мелла юьрта юккъехула лела, шен доьзална а, нахана а бале вала воьлча, стаг дуьххьара къола дина гучуваьл-ча, кхидолу бусалба динца, пачхьалкхан законашца, къоман гIиллакхашца нийса ца догIу гIуллакхаш лело воьлча, иза кхе-то, нисван ца гIоьрта вай. Малар мелла, хьерваьлча санна, маши-на хоьхку стаг сацо ца гIоьрта вай, ткъа цо тIе машина а тоьхна стаг лазийча, я вийча, Iеламнах коьртехь массо а маслаIатана, машаряа гIовтту. Ткъа хIетталц


www.zhaina.com

тийна-тоIIий Iа гергарнаш, юьр-тахой, меттигераIедал а. IПаьш аларх цакхетарг, цанислург Iедале жоьпе ца озавойту. Далла хьалха а, Iедална хьалха а вай вешан декхарш кхочушдеш хилча,дуккха а нах, хIинца санна, шайн доьзалшна, гергарчарна, юьртахошна бале бевлла а, шаьш да-къазбевлла а лелар бацара.

Пачхьалкхан законашца, шариIатца нисдала ца гIортахь, кIез-кIезнг хедаш иманах, оьздангаллех, къинхетамах дIахедар ду вайя къам. Царех дIакъаьстина къам муха дехар ду дуьне-нахь, эхарт а муха хир ду те цуьнан?

## 36

ХIара къамел дешначарна дагадан там бу, вайн къомах цхьа а диканиг ца олуш, вон амалш, сиркхонаш, къинош, лазамаш а ма буьйцу хIокхо, аьлла.

Хьалхалерчу Iедалан идеологис, доцург тIе а кхуллуш вайн къоман дин, истори, мотт, культура сийсаздечу, бакъдерг алар дих-кинчу хенахь еайн произведенешкахь, публицистикехь а, сайн хьекъале, кхетаме, ницкъе а хьаьжжина, оцу харц эладитанех вайн къам цIандан, цуьнан диканиг, турпалниг, оьзданиг, къин-хетамениг ала гIерташ шовзткъа шарахь сов къахьегна ас, цхьа-дерш ала а, халкъана довзийта а аьтто а хилла сан. ХIокху къа-мелехь сан Iалашо кхин ю. Вай даима ваьш хестош, ткъа вешан гIалаташ, сакхташ, къинош, сиркхонаш ца юьйцуш дIахьулйина Iийча, оцу зуламечу цамгарна дарба а ца лохуш, цунах цIандала а ца гIерташ Iийча, цкъа а вайн къоман барт хир бац, вайн мах-кахь иман-беркат а хир дац, кхечу къаьмнашна хьалха вайн сий-пусар а хир дац. ХIара къамел дешча, кхета луург, кхета хьекъал дерг кхетар а вац те, галваьлларг нисвала а гIоьртар вац те, адамаша тахана вайга хIоьттинчу хьолан а, кханенан а, тIейогIучу заманан а, къоман кхолламан а ойла йийр яцара те аьлла долийна ас.

Массо а заманахь хьекъале, кхетаме, оьзда, къинхетаме, доь-налле, собаре къонахой хилла нохчийн къоман. Тахана а болуш а, вайн къам мел деха хир болуш а бу. КIорггера бусалба динан Iилма а, дуьнена-Iилма а долуш Iилманчаш а, пачхьалкхан, по-литикан, тIеман, Iилманан, культуран деятельш а бу. Къоман дуь-хьа къахьега а, халонаш лан а, цуьнан дуьхьа шайн синош дIадала а кийча. Къона а, къена а, наной, мехкарий а. ХIокху къамелан юьххьехь ас ма-аллара, вайн къоман галдаьлларг — иза кхетамна тIаьхьадисар хета суна. Юха а олу ас, цунах шу нийса кхета деза. Нохчийн къам хьекъале хилар цуьнан ерриг а историс гайтина. Амма хьекъална а, кхетамна а юккъехь йоккха башхо ю. Стаг мел хьекъале хиларх цунна бусалба динан кIоргенаш евзар яц, нагахь санна, цо Iаьрбийн йоза-дешар, мотт аIамийна, КъорIан, жайна а ца дешча. Хьекъале хиларх стагах математик, физик, геолог, химик, лор, инженер, кхин, кхин а хир вац, цо оцу говзаллин Iилма ца Iамийча. Мел хьекъалечу стаге хIаваан кема лаьттара хьалаайдалийталур дац, цуьнан говзаллин Iилма ца Iамийча. Кхетам Iилмано луш бу. Iалайсалам, вайн Пайхама-ра дукхазза а олуш хилла Iилма Iамаде. Хьо аганара гIеттичхьана дуьйна, кошан лахьти чу верззалц Iилма Iамаде. Iилма хуург дуьненан цхьана йистехь, Китай махкахь велахь а, иза волчу агIой, цуьнгара Iилма схьаэца, баьхна цо. ХIунда аьлча, Iилмано стагана кхетам ло, цуьнан хьекъал кIаргдо, шордо.

БIешерийн дохалла вайн къомана тIехь лаьттинчу. тIемаша, бохамаша, баланаша, халонаша цуьнан аьтту ца хилийтина бу-салба динан а, дуьненан а Iилманчаш Iаморца шен кхетам ла-кхабаккха а, ларбан а. Оццу бахьанашцa къоман дуккха а дика-ниг, оьзданиг, къинхетамениг дIадаьккхина, къоман барт бохий-на, хIора стаг дерриг а къоман кхолламан ойла ца еш, шен-шен ойла ян Iамийна.

Таханлерчу вешан амалшца, дахаран некъашца вай даха гIертахь, цкъа а вайн къоман кхетам лакхабер бац, къоман барт хир бац, вайн къоман дуьне а, эхарт а декъаза хир ду. Нисдала, къоман цхьаалла, барт, оьздангалла, сий меттахIотто дуккха а некъаш ду, нагахь санна оцу некъашца вайна даха лаахь.

Уггар хьалха — тукхамаш, тайпанаш, гараш, вирдаш къестор а дитина, ярташкара хьала пачхьалкхан лакхарчу куьйгалхош-натIе хьалакхаччалц яртийн, бахамийн, маьждигийн, школийн, хьуьжарийн, лакхарчу дешарийн, пачхьалкхан ерриге а органийн а коьрте къоман кхолламан бала болуш, къомах дог лозуш, къо-мана тешаме, Iилма долу, хьекъале, оьзда,



www.zhaina.com

доьналле, цІена нах харжар, хІиттор а, къоман кхоллам церан кара дІабалар а.

Адам шайна луург, хетарг, хазделларг лело кхоьллина дац. Адамийн дахар, кхоллам а вовшех бозуш бу, цундела муьлххачу юкъараллехь, муьлххачу пачхьалкхехь лелаш масседран а юкъа-ра, хІорамма а, массара а кхочушдан дезаш Далла хьалха де-кхарш а, пачхьалкхан законаш а, адамаллин гІиллакхаш а ду. Уьш талхочарна, кхочуш цадечарна, зуламхошна таІзарш дан, адамийн, юкъараллин бакъонаш, кхерамазалла ларъян кхоьлли-на пачхьалкхан ницкъаш бу — эскар, полици, прокуратура, суд, набахтеш, лагерш, кхин, кхин а. Халкъ бусалба динехь чІогІа нисделла бохучу туркойн, Іаьрбийн, бусалба кхечу пачхьалкхашкахь а.

Вайн къоман барт хила а, зуламех цІандала а, машаре маьр-ша даха а лаахь, нийсо а езахь, Дала бусалбанашна тІедехкина декхарш а, пачхьалкхан законаш а, къоман оьзда гІиллакхаш лера а, лардан а, кхочушдан а деза вай. Уьш, уггар хьалха, шаьш лера а, лардан а, кхочушдан а, халкъе лерийта, лардайта а, кхо-чушдайта а декхарийлахь бу лахара хьала лакха кхаччалц пач-хьалкхан, Іедалан коьрте халкъо хаьржина а, я халкъо хаьр-жинчу Іедало хІиттийна а нах. Оцу наха шаьш пачхьалкхан законаш талхош хилча, динадайша нахана бусалба динан хьеха-маш а беш, ткъа шаьш оцу бусалба динан некъашна нацкъар буьйлуш а хилча, халкъ нислур дац. Нагахь санна, цара законаш а, бусалба дин а ларахь, галваьллачунна пачхьалкхан законашца догІу таІзар а дахь, тІаккха хир ю вайна маршо а, нийсо, тІаккха хир бу вайн махкахь машар, барт а.

Пачхьалкхехь чІогІа законаш а, уьш массара лерар, лардар, кхочушдар оьшу уггар хьалха хьанал къахьоьгучу, гІийла-мис-качу, къинхетамечу, оьздачу, дог цІенчу адамашна. Законаш, ни-зам цаоьшурш, къоман барт хила цалуурш, хьанал къахьега цалуурш халкъана ямарт нах бу. Пачхьалкхан законаш лелаш ца хилча, Іедал гІорасиз хилча, иштачу нехан аьтто хуьлу харцо-наш лело, зуламаш дан. Вуьшта аьлча, имам Шемала ма-аллара, вайн къомана даима санна, тахана а шен диканиг лакхаваккха гу а, зуламхо чутаса ор а оьшу.

## 37

Муьлхха а цивилизованни къам, пачхьалкх беа бІогІам тІехь лаьтта — дешарна, могашаллина, культурана, экономикана а. Царех коьртаниг — дешар, Іилма ду. Дешаро, Іилмано къоман хьекъал, кхетам кІаргбо, шарбо, къомо эзарнаш шерашкахь кхоьллина, гулдина диканиг, пайдениг, оьзданиг, хазаниг, Іилма, истори, мотт, культура, говзаллаш тІаьхьарчу тІаьхьенашка дІалуш ларйо, кхин тІе кхиайо, дуьне довзуьйту, дахарна Іамадо. Вайн къоман тахана а, кхана а, гуттаренна а оьшург ши Іилма ду — къам иманехь кхио бусалба динан Іилма а, къоман дахар кхолла — дуьненан Іилма а.

Бусалба динца ду адамаша дахарехь кхочушдан деза дерриг хьекъаленниг, диканиг, оьзданиг, къинхетаменниг, комаьршалла. Бусалба дино гойту стаг дуьненахь а, эхартахь а декъала хир волу дерриге некъаш. Бусалба динехь нисдалар — иза ду тахана а, тІейогІучу заманахь а вайн къам халонех, бохамех, зуламех кІелхьарадохур долу, вайн къоман сий-ларам лакхабоккхур болу, вайн махкахь иман-беркат латтор болу, вайн дуьне а, эхарт а декъал хир долу цхьаъ бен боцу некъ. Цундела, вай бусалба ди-нан Іилманан кІоргенеш Іамо еза, вешан махкахь а, арахьа бу-салба мехкашкахь а бусалба динан Іилманчаш кечбан беза. Кху-захь а, арахьа мехкашка а деша бохуьйтурш Делах а, Къемат-дийнах а, халкъан неІалтах а кхоьруш, шайн къоман кхолламах дог лозуш, къомана тешаме, хьекъале, оьзда, къинхетаме кегийр-хой хила беза. Иштта нах хІитто беза маьждигийн имамаш а, хьуьжаршкахь куьйгалхой, хьехархой а. Бусалба динан Іилманал совнаха царна цІена хаа беза нохчийн мотт, истори, культура, гІиллакхаш, Іадаташ а.

ШолгІа — дуьненан Іилма. Иза ца Іамийча, вайн къомана дуьне а девзар дац, шен дахар кхолла а хуур дац. Къуйн, талорхойн, спекулянтийн, зуламхойн цкъа а пачхьалкх ца хилла дуь-ненахь, я хуьлийла а дац. Цхьаболчара къоланаш, талораш деш, адамех йохк-эцарш еш, спекуляцеш лелош, ша дуьйш-дерзош, кхуллуш хІумма а доцуш, цхьа а къам ца дахаделла дуьненахь, вай а дахалур дац. Вай латта лело деза, даьхний кхаба, кхио деза, вайн заводаш, фабрикаш хила еза, вешан къоман могашалла ларъ-ян еза, вешан къомо дІаяханчу заманахь кхоьллинарг лардан а, тІехиндерг кхолла а деза. И дерриге а кхочушдан вайн къомана



www.zhaina.com

Iилманчаш, политикаш, дипломаташ, лоьраш, юристаш, инжене-раш, хьехархой, халкъан бахаман говзанчаш, культуран белха-лой, кхиболу лаккхара Iилма а, корматалла а йолу говзанчашоьшу.

Коьртачарех цхьаъ ду къоман могашалла ларъяр. Махках даьккхинчу кхойтта шарахь хьегначу халонаша, лайначу баланаша а, Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа ярташ, бахамаш меттахIитто гIерташ инзаре дукха къахьегаро а, республикехь белхазалла хилар бахьана долуш итт эзарнаш нах шаьш-шаьш а, доьзалшца а вайн махкал арахьа балха лелаш, цигахь меца а, шийла а, дийнахь-буса а къахьегарна вайн къоман могашалла галъяьлла. Хьалхалерчу Iедалан статистикаца цамгаршца а, баларшца а, къаьеттина берийн цамгаршца, баларшца а Союзехь хьалхарчу меттигехь дара вайн къам, ткъа могашалла Iалашъяран учрежденешца а, лоьрийн кадращца а — уггаре тIаьхьарчу меттигехь. Вайн къомана юкъахь къаьсттина а алсам ю туберкулезан, онкологин, дагца а, зоьрхан а цамгарш.

Кхетамна тIаьхьадисинчу, дегI цомгашчу къоме шен куль-тура, экономика а кхоллалур яц, шен дахаран хьашташ а кхо-чушдалур дац, ткъа цуьнга шен пачхьалкх кхоллалур ю бохург хьехочохь а дац.(«Даймохк» газето зорбатоьхначех тIаьххьара кийсак ю хIара. «Дай-охк», 5 август 1994 шо. № 30/11002/. КхидIа зорба тохар юкъахдитира распубликехь хIоьттинчу хьоло а, тIаккха болабеллачу тIамо а.)



www.zhaina.com